


**MANGSA ADVEN NATAL 2024**



**“Panjenengane Dedalem ing Antara Kita”  
(Yohanes 1:14)**



**LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN**  
**SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH**  
Samironobaru 77 kompleks LPPS  
Yogyakarta 55281

Mangsa Advèn Natal 2024:  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”  
Hak Cipta © 2024, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Diterbitkan oleh:

**LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG**

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,  
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Ganti Ongkos cetak (belum termasuk ongkos kirim) Rp. ....

## **Atur Cecala**

Para mitranipun LPP Sinode ingkang dipun tresnani Gusti, Mangsa Advèn Natal kita mulyakaken malih kanthi suka rena. Manut pétangan liturgi, Mangsa Advèn Natal taun 2024 Masèhi punika kalebet **taun C**. Jejer ingkang katetepaken déning LPP Sinode inggih punika “**Panjenengané Dedalem ing Antara Kita**”. Lumantar jejer punika, umat kaatag kanggé ngraos-raosaken keparengipun Sang Sabda dedalem ing antawis kita, nglabeti dhateng jagad ingkang mbetahaken kawilujengan awit saking pakaryanipun Gusti Allah. Bab wigatos ingkang dados underaning kawigatosan ing Mangsa Advèn Natal taun punika wonten ing timbalanipun gréja kanggé ndhèrèk nglabeti kapenuhaning, pakurmataning, saha patraping njejegaken *Hak Asasi Manusia* (HAM). Timbalan punika kadhasaraken wonten ing lelampahanipun Sang Kristus ingkang nélakaken Lelabetanipun dhumateng titahipun Allah. Sang Kristus rawuh ing jagad saha dedalem ing antawis kita punika karena tepasliranipun Sang Kristus tumrapping jagad. Kanthi makaten, mahargya Natal mboten namung kanggé nikmati kabingahaning Natal kémawon, ananging ugi ndhèrèk wonten ing pakaryanipun Gusti Allah ing Gusti Yésus Kristus, Putranipun Allah.

Bahan Mangsa Advèn Natal 2024 punika saged dumugi ing astanipun para mitra sadaya amargi saking sengkuding lelabeledanipun saha panyambutdamelipun sesarengan saking tim panyerat. Tim sampun nyambutdamel wiwit wulan Mei 2024. Dhumateng tim ingkang sampun ndhèrèk ndhapuk bahan punika, kula ngaturaken panuwun ingkang tanpa pepindhan. Wondéné tim punika dumados saking:

1. Pdt. Erni Ratna Yunita - PWG GKJ
2. Pdt. Kristin Andini - PWG GKJ
3. Pdt. CL Sutrisno - Bidang Persekutuan GKI SW Jateng
4. Pdt. Sucahyono - GKJ Kenalan
5. Pdt. Risang Anggoro Elliarso - GKJ Condongcatur
6. Pdt. Raditya Wisnu P - GKJ Karang Dowo
7. Pdt. Yogi Hapsoro - GKJ Jenar

8. Pdt. Siti Rokhayati - GKJ Sumber
9. Pdt. Eunike Tri kayadsuddi - GKJ Rawamangun
10. Pdt. Diah Nooraini - GKI Jombang
11. Pdt. Kukuh Aji Irianda - GKI Pengampon
12. Pdt. Sari Haswaraningtyas (Dian Penuntun GKI - GKI Bintaro Utama)
13. Pdt. Danny Purnama (Dian Penuntun GKI - GKI Gading Serpong)
14. Bp. Sujarwo - GKI Pondok Indah

Atur panuwun ugi kacaosaken dhateng para juru pertal, inggih punika: Bp. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Em. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Sala), Bp. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan), Bp. Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Dhumateng para mitra sadaya, kula ugi ngaturi pirsaa bilih bahan punika sanès bahan ingkang saged kaginakaken manut tèksipun kanggé saben papan. Kula nyumanggakaken para mitra ngginakaken bahan punika kanthi daya kréasi trep kaliyan kabetahanipun piyambak-piyambak. Pangajeng-ajeng kula, kanthi kaginakaken kanthi daya kréasi, para mitra saged manggihaken beblesing makna saking bahan punika.

Saking Kompleks Samironobaru 77 Yogyakarta, kula ngaturaken panuwun ingkang ageng awit saking pambiyantunipun para mitra kanggé LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jateng. Kathah pambiyantu ingkang kawula tampi, dadosa awujud pandonga, redana, daya, pamrayogi, miwah marupi-rupi pambiyantu sanèsipun. Ing satengahing sadaya kawontenan saha geguletaning manah kawula, pambiyantu panjenengan maédahi sanget. Lumantar bahan punika, kawula ugi ngaturaken cathetaning pasumbang ingkang sampun kakintun awujud pisungung. Para mitra saged nggatosaken ing pérangan pungkasan saking buku punika. Manawi dipunpanggihaken

cathetan ingkang gèsèh, kula nyuwun keparengipun para mitra karsaa tepang rembag kaliyan kawula.

Minangka patunggilaning sariranipun Sang Kristus, sumangga kita sami kekah-ingekahan wonten ing katresnanipun Sang Kristus. Saiba saé miwah éndahipun menawi gréja-gréja/pasamuwan-pasamuwan, bebadan-bebadaning gréja (YAKKUM, LP3S, YSGK, Komisi Bea Siswa Sinode GKJ dan GKI SW Jateng, Yayasan Pendidikan Kristen Sinode GKJ-GKI SW Jateng saha Pomahan-pomahanipun Pamulangan Luhur Kristen) tansah nyambutdamel sesarengan saha ngobaraken grengsenging paladosan sesarengan. Mugi-mugi amargi kita sesarengan dados berkah tuwin mangaribawani kanggé jagad.

Wusananipun, kawula ngaturaken sugeng nyawisaken saha nindakaken Mangsa Advèn Natal 2024. Immanuèl.

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng,  
Wiwitaning wulan September 2024

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho



# **Isinipun Buku**

|                            |   |
|----------------------------|---|
| <b>Atur Cecala</b> .....   | i |
| <b>Isinipun Buku</b> ..... | v |

## **Bahan Khotbah**

|   |    |
|---|----|
| Minggu Advèn I [1 Desember 2024].....                   | 1  |
| Minggu Advèn II [8 Desember 2024].....                  | 7  |
| Minggu Advèn III [15 Desember 2024].....                | 11 |
| Minggu Advèn IV [22 Desember 2024].....                 | 17 |
| Malem Natal [24 Desember 2024] .....                    | 21 |
| Natal [25 Desember 2024] .....                          | 27 |
| Minggu I Sasampunipun Natal [29 Desember 2024] .....    | 33 |
| Malem Warsa Énggal [31 Desember 2024] .....             | 39 |
| Warsa Énggal [1 Januari 2025] .....                     | 45 |
| Minggu II Sasampunipun Natal [5 Januari 2025] .....     | 49 |
| Minggu Baptisanipun Gusti Yésus [12 Januari 2025] ..... | 55 |

## **Bahan Liturgi**

|   |     |
|---|-----|
| Minggu Advèn I [1 Desember 2024].....                   | 61  |
| Minggu Advèn II [8 Desember 2024].....                  | 71  |
| Minggu Advèn III [15 Desember 2024].....                | 79  |
| Minggu Advèn IV [22 Desember 2024].....                 | 87  |
| Malem Natal [24 Desember 2024] .....                    | 97  |
| Natal [25 Desember 2024] .....                          | 107 |
| Minggu I Sasampunipun Natal [29 Desember 2024] .....    | 115 |
| Malem Warsa Énggal [31 Desember 2024].....              | 123 |
| Warsa Énggal [1 Januari 2025] .....                     | 131 |
| Minggu II Sasampunipun Natal [5 Januari 2025] .....     | 139 |
| Minggu Baptisanipun Gusti Yésus [12 Januari 2025] ..... | 147 |

## **Bahan Panyuraos Kitab Suci *Intergenerasional***

|                                     |     |
|-------------------------------------|-----|
| Bahan Panyuraos Kitab Suci I .....  | 155 |
| Bahan Panyuraos Kitab Suci II ..... | 161 |

|                                      |     |
|--------------------------------------|-----|
| Bahan Panyuraos Kitab Suci III ..... | 165 |
| Bahan Panyuraos Kitab Suci IV .....  | 171 |
| Bahan Panyuraos Kitab Suci V .....   | 174 |
| Bahan Panyuraos Kitab Suci VI .....  | 179 |

### **Bahan Pakempalan Pandonga**

|                                     |     |
|-------------------------------------|-----|
| Bahan Pakempalan Pandonga I .....   | 185 |
| Bahan Pakempalan Pandonga II .....  | 191 |
| Bahan Pakempalan Pandonga III ..... | 197 |
| Bahan Pakempalan Pandonga IV .....  | 203 |
| Bahan Pakempalan Pandonga V .....   | 209 |
| Bahan Pakempalan Pandonga VI .....  | 215 |

### **Cathetaning Pisungsung**

|                                 |     |
|---------------------------------|-----|
| <i>Daftar Persembahan</i> ..... | 221 |
|---------------------------------|-----|

## **“BAHAN KHOTBAH”**

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan sapanggénan.**



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH**

**Minggu Advèn I**

*Minggu, 1 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: Yérémia 33:14-16  
Tanggapan: Jabur Masmur 25:1-10  
Waosan 2: 1 Tésalonika 3:9-13  
Injil: Lukas 21:25-36

**Reksanen Atimu  
Murih Santosa**



**KHOTBAH JANGKEP**

**“Reksanen Atimu Murih Santosa”**

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Puji sokur konjuk dhumateng Gusti Allah, dinten punika kita dipun parengaken lumebet ing Mangsa Advèn. Punapa kautamènipun mangsa punika kanggé gesang kita? Mangsa Advèn mujudaken wekdal kanggé nindakaken ngilo utawi nenimbang dhiri tuwin ngéwahi sadaya ingkang prelu dipun éwahi, ngucapaken sokur menggahing prakawis ingkang kedah dipun sokuri, saha nampèni prakawis-prakawis ingkang mboten saged dipun éwahi wonten ing gesang kita. Ing Mangsa Advèn punika, kita ugi dipun paringi wewengan kanggé ngraos-raosaken malih kadospunapa pasrawungan kita kaliyan Gusti Allah, sesarengan kaliyan sesami tuwin kaliyan titahipun Allah sanèsipun. Punapa pasrawungan-pasrawungan ingkang kita lampahi dados berkah utawi kosokwangsulipun? Lumantar Mangsa Advèn, kita ugi dipun-émutaken menggah rawhipun Gusti malih. Gusti badhé rawuh malih wonten ing wekdal ingkang mboten dipun-mangertosi. Rawhipun Gusti mboten dipun-mangertosi déning sinten kémawon. Ingkang wigatos piyambak ing ngriki sanès mangertosi Bénjing punapa saha kadospundi rawhipun Gusti punika, ananging kadospundi ngraos-raosaken dinten-dinten pangantu-antu kanthi manah ingkang kiyat ngadhepi werni-wernining panggodha, tulus,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ambek welasan, kabingahan tuwin lestantun wonten ing kasucèn.

Supados ing mangsa pangantu-antu punika manah kita kiyat, sabdanipun Gusti ingkang dados sumbering patrap nyantosakaken. Pawartos Injil nggelaraken wigatosing umatipun Allah gesang ing kawaspadan salebetipun ngantu-antu rawuhipun Gusti malih. Sabdanipun Gusti ingkang kita waos ing dinten punika nélakaken wontenipun ngalamat-ngalamating jagad ingkang nggegirisi, mawalikaning saganten tuwin gonjingipun langit. “25 "Apadéné bakal ana ngalamat ing srengéngé, ing rembulan lan ing lintang-lintang, sarta ing bumi, para bangsa bakal padha wedi lan bingung marga saka gumleger lan mawalikaning sagara.” (Lukas 21:25). Satunggaling gegambaripun kawontenan ingkang saged ndamel tiyang ngalami kuwatos saha pejah kewedèn. Ananging punika sanès wekasaning samukawisipun. Punapa ingkang kelampahan punika kaleresan dados tenger wiwitaning mangsa rawuhipun Putraning Manungsa. Gegayutan kaliyan prakawis punika, Gusti Yésus ngandika, “27 Ing nalika iku wong bakal padha nyumurupi Putraning Manungsa rawuh nitih méga, ngagem pangwaos lan kamulyan gedhé. 28 Anadéné menawa iku kabèh wiwit kelakon, padha njenggèlèka lan tumengaa, amarga wus cedhak anggonmu bakal kaluwaran.” (Lukas 21:27-2). Dhumateng Murid-muridipun, Gusti Yésus maringi pitedah supados sami rumeksa utawi jagi-jagia. “Njenggèlèka”, “tumengaa” dados pamrayogi supados para murid mboten ketlompèn saha kéntir ing salebeting kawontenan ingkang damel judheg tuwin ngajrih-ajrihi. Kawaspadan badhé wonten menawi manungsa tansah ngèngeti utawi nggatosaken (nitèni). Ing jagading tetanèn, gumantosing mangsa limrahipun badhé dipun-tengeri kanthi tuwuhipun trubusan-trubusan utawi semèn-semèn énggal ing wit-witan. Nalika trubusan utawi semèn punika wiwit tuwuh, mila mangsa bedhidhing ingkang ndamel tuwuh-tuwuhan mboten saged panggah gesang; badhé kèndel saha gantos mangsa bentèr ingkang mbekta pangajeng-ajeng. Gusti Yésus ngagem pasemon punika kanggé nggambaraken kawontenan ingkang badhé kelampahan sasampunipun ngalamat-ngalamat

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ingkang nggegirisi punika. Lumantar pasemon punika, Gusti Yésus ngersakaken nandhesaken bilih sasampunipun mangsa ingkang ngrekaos punika, badhé ngatingal mangsa ingkang kebak pangajeng-ajeng. Mangsa ing pundi Kratonipun Allah kababar. Rawuhipun Putraning Manungsa ngéwahi kawontenan ingkang ngrekaos, awrat, saha nggegirisi sanget, dados mangsa ingkang kebak pangajeng-ajeng.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Supados saged nggatosaken (nitèni), dipun-betahaken wontenipun landheping pangraos salebedipun nyuraos saben ngalamat. Awit saking punika Gusti Yésus maringi pitutur makaten:

- "Padha jaganen awakmu dhéwé, supaya atimu aja nganti mung mikir bab pésta gedhèn lan endem-endeman, apadéné kasusahaning urip, ..... (Lukas 21:34). Wonten ing gesang punika, wonten kathah prakawis ingkang ndamel tiyang mendem. Wonten kathah prakawis ingkang ndamel tiyang kuwatos. Sadaya punika ndamel manungsa kécalan landheping pangraos.
- “Padha tansah jaga-jagaa lan ndedongaa, supaya kowé diparingi kakuwatan kang njalari padha ora bakal ngalami lelakon iku lan supaya kowé padha bisa sembada anggonmu ngadhèp Putraning Manungsa.” (Lukas 21:36). Menawi para pandhèrèkipun Gusti Yésus tansah ndedonga, para pandhèrèkipun Gusti Yésus tansah kagayutaken kaliyan Gusti. Pasrawunganipun kaliyan Gusti ndamel gesang dados kiyat. Gusti badhé mbabar pitulungan saha pangajeng-ajeng.

Landheping pangraos ndamel tiyang émut tuwin siyaga, saha tiyang ingkang siyaga punika tiyang ingkang tahan ngadeg ing ngarsanipun (sembada anggènipun ngadhèp) Putraning Manungsa. Werdinipun ngadeg inggih punika kasagedan panggah ing salebeting warni-warnining geguletaning pagesangan. Ngadeg ugi saged dipun-jarwani minangka kasantosaning batos kanggé lestantun ndhèrèk pakaryanipun Sang Kristus ing satengahing marupi-rupi éwah-éwahaning

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

jaman. Ing ngriki kita saged sinau saking Rasul Paulus. Minangka rasulipun Gusti, Paulus nuladhanaken wigatosipun gesang ing salabeting iman (pangandel) ingkang santosa dhumateng Gusti Allah saha wigatosipun patunggilan ingkang samidéné nyantosakaken.

Wonten ing seratipun dhumateng pasamuwan Tésalonika (1 Tésalonika 3:9-13), Rasul Paulus ngajeng-ajeng supados imanipun (pangandelipun) pasamuwan lestantun tuwuh. Iman (pangandel) mujudaken tetales ingkang kiyat ing salebeding ngantu-antu rawuhipun Gusti malih. Kanggé punika, Rasul Paulus ndongakaken tuwin ngajeng-ajeng pasamuwan ing Tésalonika lestantun gesang suci minangka umatipun Sang Kristus ngantos dumugi rawuhipun Gusti malih. Ing salebeding pandonganipun, Rasul Paulus maringi sawetawis panyuwunan dhumateng Gusti Allah, antawisipun:

- Mugi Gusti Allah Sang Rama ing Gusti Yésus Kristus maringi wewengan supados saged pepanggihan kaliyan warganing pasamuwan Tésalonika (1 Tésalonika 3:11). Pepanggihan mujudaken kangening dhirinipun Rasul Paulus amargi kanthi pepanggihan, Rasul Paulus dalah pasamuwan ing Tésalonika saged samidéné nyantosakaken.
- Nyuwun supados Gusti karsa ndadosaken saya wewah lan lubèring katresnan ing antawisipun para sadhèrèk warganing pasamuwan (1 Tésalonika 3:12). Gesang ing salebeding katresnan mujudaken tetenger saking patunggilanipun para pandhèrèkipun Sang Kristus. Ing salebeding katresnan, sadaya samidéné nyengkuyung saha samidéné nggatosaken.
- Pasamuwan ingkang ngantu-antu rawuhipun Sang Kristus malih dipun dongakaken supados manahipun kiyat, tanpa cacad, tuwin suci wonten ing ngarsanipun Gusti Allah Sang Rama (1 Tésalonika 3:13). Rawuhipun Gusti mboten dipun mangertosi déning sinten kémawon. Inggang wigatos piyambak ing ngriki sanès mangertosi bénjing punapa saha kadospundi rawuhipun Gusti punika, ananging kadospundi ngraosaken dinten-dinten pangantu-antu kanthi manah ingkang kiyat ngadhepi warni-warnining panggodha, tulus, ambeg welasan, kabingahan tuwin lestantun ing salebetipun

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kasucèn. Prakawis punika dipunlampahi amargi Panjenenganipun, Allah Sang Rama wonten ing Gusti Yésus Kristus nresnani Umatipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Minggu Advèn Kapisan ingkang dipungegilut ing wiwitaning wulan Dhésèmber punika cecaketan kaliyan *Hari AIDS sedunia (tanggal 1 Desember)*; *Hari pencegahan polusi sedunia (tanggal 2 Desember)*; *Hari Penyandang Disabilitas (tanggal 3 Desember)*. Kanthi dipun-talesi déning sabdanipun Gusti, Minggu Advèn Kapisan ngajak umat njarwani Dintenipun Pangéran kanthi nggatosaken patraping ngleksanani hak gesang tumrap sadaya tiyang, tanpa kejawi.

Reksanen Atimu supaya Kuwat ingkang dados jejer ibadah dinten punika ngémutaken umat supados gesangipun kapenuhan kawaspadan, mboten ing salebetipun endem-endeman. Manah ingkang kiyat ndamel tiyang landhep pangraosipun. Landheping pangraos maujud wonten ing kapredulèn dhumateng pagesangan. Kanggé punika, umat dipunajak kanggé mepeng ing pangudi sesarengan Gusti amargi menawi piyambakan, umat mboten badhé saged. Sinambi methukaken rawuhipun Gusti, dadosa kiyat supados manah panjenengan dipunkebaki déning ambeg welasan, kamirahaning manah lan pangajeng-ajeng methukaken Panjenenganipun ingkang badhé rawuh malih. Amin.

[WSN-den]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH**

**Minggu Advèn II**

*Minggu, 8 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: Maléakhi 3:1-4  
Tanggapan: Lukas 1:68-79  
Waosan 2: Filipi 1:3-11  
Injil: Lukas 3:1-6

**Gusti  
Sampun  
Celak**



**KHOTBAH JANGKEP**

**“Gusti Sampun Celak”**

Para sadhèrèk kula sadaya ingkang kinasih, Gusti sampun celak!

Punapa ingkang panjenengan penggalih tuwin raosaken nalika mireng pawartos bilih Gusti sampun celak? Sami bingah lan asukerena? Punapa ajrih, utawi, limrah-limrah kémawon. Waosan Kitab Suci kita ing wanci punika, netepaken prelunipun kita sami cecawis kanggé mapag rawuhipun Gusti.

Ing gesang padintenan kita, asring kita pireng tembung “cecawis”, ingkang asring kita tindakaken kanggé nyawisaken satunggaling acara. Cecawis kanggé ngadhepi ujian, upaminipun, kanggé ngadhepi pernikahan, kanggé peladosan khotbah lan sapiturutipun. Sadaya punika kalawau, underanipun dumunung ing “ujian”, “nikahan”, lan “peladosan Pangandika”. Dados ingkang winastan “cecawis” punika pancèn mboten sami kaliyan underaning lampah ingkang kacawisaken, nanging lumampahaning cecawis punika saèstu ndarbèni makna ingkang ugi wigatos. Punapa ingkang katindakaken ing salebeting tumindak cecawis, saèstu nemtokaken kasil lan mbotenipun acara ingkang badhé kaadanan.

Inggih kados makaten punika ugi, mila kita prelu nglengganani bilih kanggé mapag rawuhipun Gusti, kita prelu nindakaken

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

pacawisan ingkang saèstu. Nabi Maléakhi ngandika: “Sapa kang bisa kuwat tahan ing dina rawuhé lan sapa kang bisa lestari ngadeg samangsa Panjenengané ngatingal? Marga Panjenengané iku kaya geniné pambesot logam lan kaya sabuné tukang penatu” (Maléakhi 3:2). Padamelan kita badhé kauji déning “latu” lan “sabun”. Punapa badhé pinanggih suci lan asli?

Inggih awit saking punika rasul Paulus ndongakaken pasamuwan ing Filipi: “... supaya kowé padha dadia resik lan ora cacad ngarepaké dinané Sang Kristus” (Filipi 1:10). Katingalipun gesangipun pasamuwan ing Filippi sampun saé. Saben-saben ndedonga, Rasul Paulus tansah abebingah lan caos sokur ngèngeti pasamuwan Filipi kalawau. Nadyan makaten, rasul Paulus taksih kepareng maringaken pitedahipun, supados pasamuwan Filipi saged tetep ngrimati, njagèni lan ndamel sangsaya saé kawontenanipun, ingkang èstunipun sampun saé punika.

Waosan kitab Injil ing wanci punika, martosaken bab miyosipun Yohanes Pambaptis saking ara-ara samun. Piyambakipun martosaken: “*Padha mratobata, lan pasrahna awakmu supaya dibaptis, Gusti Allah bakal ngapura dosamu kabèh*” (Lukas 3:3). Rawuhipun Yohanes Pambaptis mujudaken panjangkeping pamecanipun kitab nabi Yésaya. Yohanes Pambaptis punika utusan ingkang pinesthi déning Allah kanggé nyawisaken margi rawuhipun Sang Juru Wilujeng. Gusti ngersakaken wontenipun pacawisan ingkang kedah kalampahan kanggé mapag rawuhipun Sang Mesih. Menggah kados pundi lan mbénjang punapa Gusti rawuh, sawetahipun wonten ing panguwaosipun Allah piyambak. Nanging pacawisan mujudaken tugas lan tanggel-jawabipun para umatipun Gusti. Pacawisan punika tugas lan tanggel jawab kita sadaya. Pangertosan punika ingkang mesthinipun mbereg kita sadaya wiwit nindakaken pacawisan.

Pawartos bilih rawuhipun Gusti sampun celak dados tandha lan pangènget kita sadaya. Punapa kita sampun saèstu cecawis mapag rawuhipun kanthi prayogi? Mangké jebul kita taksih kadlarung ing kawontenan gesang samangké ingkang awut-awutan.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Pawartos punika ngèngetaken kita sadaya kanggé énggal-énggal gumrégah nindakaken pacawisan. Kénging punapa kita kedah nindakaken pacawisan? Ingkang *sapisan*, awit rawuhipun Gusti punika mujudaken prekawis ingkang prelu. Nembé kanggé mapag pangarsaning masyarakat kémawon kita kedah sami cecawis, punapa malih menawi kita kedah mapag rawuhipun Gusti. Ingkang *kaping kalih*, Gusti piyambak ngersakaken supados kita sami nindakaken pacawisan. Pacawisan punika kawujud ing salebeting pamecanipun para nabi lan ugi katindakaken déning Yohanes Pambaptis. Awit saking punika, ing wekdal samangké Gusti kepareng ngutus kita sadaya kanggé cecawis mapag rawuhipun ingkang kaping kalih. *Kaping tiga*, mapag rawuhipun Gusti tanpa pacawisan, mujudaken tumindak ingkang tanpa gina. Gusti Yésus paring katerangan bab punika lumantar pasemon bab abdi ingkang awon (Matius 24) lan prawan gangsal ingkang bodho ingkang mbekta diyan nanging mboten mbekta lisah andhungan/sedhyan (Matius 25). Malah kanthi cetha Gusti Yésus ngandika: “Anadéné abdi kang ngreti marang karsané bendarané, mangka ora cecawis utawa ora nindakaké apa kang dikarsakaké déning bendarané, iku bakal digebugi marambah-rambah” (Lukas 12:47). Inggih makaten punika mila kita prelu sami cecawis kanthi prayogi.

Lajeng, kados pundi caranipun cecawis kanggé mapag rawuhipun Gusti? Punapa ingkang prelu kita tindakaken? Ingkang *sapisan*, kadosdéné ingkang dipunwartosaken déning Yohanes Pambaptis: “padha mratobata!” Mratobat tegesipun mboten nindakaken piawon malih lan wangsul tumolèh dhateng Allah. Ingkang kaping kalih, sumarah kanggé kabaptis ingkang ateges masrahaken saranduning gesang supados kasucèkaken déning Allah. Salajengipun kita satunggal lan satunggalipun kedah sami gumreget nindakaken gesang ingkang suci. Gesang suci inggih punika gesang ingkang resik, lan leres wonten ing ngarsanipun Allah sarta tansah setya tuhu netepi sadaya karsanipun. Punapa pancèn kita saged nglampahi gesang ingkang makaten punika? Menawi ngendelaken kasagedan kita pribadi minangka manungsa, mesthi kémawon mboten saged. Nanging sumangga

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kita sami pitados bilih: “*Panjenengané kang miwiti pakaryan becik ana ing antaramu, iku bakal mbacutaké nganti tumeka ing wekasané ing dinané Sang Kristus Yésus*” (Filipi 1:6). Dados, ingkang paling wigatos punika sanès bab bebantahan punapa kita saged utawi mboten, nanging sumangga kita sami miwiti nindakaken punapa ingkang saged kita tindakaken kanthi prayogi, lan langkung saking punika kersanipun Gusti piyambak ingkang makarya ing kasampurnanipun.

Sugeng cecawis dhiri mapag rawuhipun Gusti. Èngeta, Gusti sampun celak!

[ERY-ytd]



## **KHOTBAH**

### **Minggu Advèn III**

*Minggu, 15 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: Zéfanya 3:14-20  
Tanggapan: Yésaya 12:2-6  
Waosan 2: Filipi 4:4-7  
Injil: Lukas 3:7-18

## **Kabingahan Ing Salebeting Patobat**



## **KHOTBAH JANGKEP**

### **“Kabingahan Ing Salebeting Patobat”**

Nalika tanggal 6 Dhésèmber 1938, satunggaling laré anama Nicky Cruz kalairaken ing San Juan, Puèrto Rico. Laré punika lair ing salah satunggaling leladan ingkang saèstu mboten saé ing wewengkon San Juan punika. Tiyang sepuhipun mujudaken pasangan dhukun ingkang nindakaken praktèk sihir (Brujería; basa Spanyol). Ing salebeting kawontenan gesang ingkang kados makaten punika, Nicky Cruz asring ngalami panganiaya ing manahipun, saking tiyang sepuhipun. Ibunipun, paring paraban dhateng anakipun kanthi sebatan *anak sétan*. Mila mboten ngéramaken manawi laré punika tuwuh sangsaya ageng kanthi ndarbèni watak ingkang nakal lan remen nglawan karsanipun tiyang sepuh. Nalika laré kalawau ngancik umur 16 tahun, piyambakipun dipunkéntun dhateng Brooklyn New York, supados manggèn sesarengan kaliyan sadhèrèk sepuhipun. Wonten ing mrika, piyambakipun nggabung kaliyan gèng (pakempalanipun laré-laré nasar) kanthi nama Mau-Maus. Namung ing salebeting wekdal 6 wulan, Nicky sampun kapilih dados pangarsanipun gèng kalawau, ingkang tetéla saged mbekta gèng kalawau dados salah satunggaling gèng ingkang saèstu dipun ajrihi ing New York.

Nuju satunggaling dinten, wonten penginjil ingkang asma Wilkerson rawuh wonten ing leladan mriku. Piyambakipun kasembadan ndamel Nicky Cruz ngraosaken panalangsa ingkang lebet. Malah sesarengan kaliyan anggota gèng sanèsipun ingkang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ugi sami nalangsa, piyambakipun ndhatengi kantor polisi saprelu ngakeni sadaya kalepatan lan masrahaken sadaya pirantos ingkang kanggé nindakaken tumindak awon. Nicky Cruz lajeng wiwit nyinaoni Kitab Suci, lan wusanipun dados satunggaling penginjil ingkang misuwur ing jagad raya punika.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus. Lelampahan ingkang kacariosaken ing nginggil punika, saèstu lelampahan ingkang nyata-nyata kelampahan wonten ing gesangipun Nicky Cruz. Kagulawenthah ing salebeting kawontenan gesang ingkang kebak tumindak awon, anjalari Nicky Cruz ndarbèni watak gesang ingkang remen nindakaken piawon dalah tansah lelawanan kaliyan tiyang kathah. Sarana ndamel tiyang kathah ajrih, Nicky Cruz rumaos saged ngendhalèni lan nguwaosi dhiri pribadinipun piyambakipunapadéné tiyang sanès. Nanging jebul wusanipun piyambakipun rumaos bilih gesangipun punika saèstu karaos adi sarana anggènipun mratobat lan mareg wonten ngarsanipun Gusti kanthi sawetahing manah. Piyambakipun rumaos manggihaken kabingahan ingkang satuhu mboten sarana damel ajrihipun sesami, ananging kabingahan awit mratobat dhateng Gusti ingkang saèstu nresnani dhirinipun.

Punapa ingkang dipun alami lan dipunraosaken déning Nicky Cruz punika, rak inggih kelampahan wonten ing gesangipun tiyang kathah ta? Kathah tiyang ingkang nganggep bilih sarana nindakaken lampah dosa, tiyang-tiyang punika sami rumaos saged pikantuk punapa ingkang dipun péngini lan dipun gayuh. Tiyang ingkang dora lan ngapusi nganggep bilih punapa ingkang sami kalampahaken punika mujudaken margi ingkang paling saé kanggé nggayuh punapa ingkang dipun péngini lan dipunbetahaken. Kathah tiyang ingkang ngombé ombèn-ombèn ngantos mabuk, nganggep menawi tumindak punika saged mitulungi piyambakipun nyupèkaken kasisahaning gesang. Kathah tiyang ingkang sami nampik Gusti namung kanggé nylametaken dhiri dalah tumindak dosa sanèsipun. Nanging sejatosipun, mboten wonten tumindak dosa ingkang mbekta dhateng kabingahan ingkang satuhu. Gesang ing salebeting dosa

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

malah badhé mbekta kita sadaya lumebet ing gesang ingkang kebak raos ajrih. Émanipun, kathah tiyang ingkang mboten purun lan saged nilaraken gesangipun ingkang kebak dosa, sanadyan adhedhasar manéka warni alesan. Kathah tiyang ingkang nganggep badhé kécalan kathah prekawis menawi nilaraken gesangipun ingkang kebak dosa. Nanging inggih dhateng tiyang ingkang kados makaten punika Gusti karsa rawuh lan paring timbalan mrarobat, supados kanthi makaten tiyang-tiyang ingkang taksih sami “tetileman” ing salebeting dosa saged ningali pepadhang, lan lumebet ing margining pepadhang paringipun Gusti. Punika sadaya katélakaken ing salebeting waosan kita dinten samangké, inggih punika bilih ing salebeting patobat, wonten kabingahan ingkang sejati.

Injil Lukas bab 3: 7-18 punika nyariosken lelampahanipun Yohanes Pambaptis, ingkang nguwuh-uwuh sora ing ara-ara samun, martosaken timbalan mratobat dhateng umat Israèl. Ing waosan ingkang sami kita pirengaken kalawau, kawartosaken bilih Yohanes Pambaptis nyarwé tiyang kathah ingkang sami dhateng, sarana tetembungan ingkang saèstu landhep menawi kapiireng. Pangandikanipun: “Hèh tetesaning ula bedhudhak”. Pangandika ingkang landhep punika saèstu prelu kita gatosaken. Wonten ing salebeting cariyos bab dumadinipun jagad, sawer punika kagambaraken minangka kéwan ingkang julik lan saged nasaraken, ingkang anjalari manungsa dhumawah ing dosa. Nalika sebatan “ula” punika dipunanggé nyebat tiyang kathah ingkang andhatengi Yohanes Pambaptis, mila saged dipun mangertosi bilih Yohanes Pambaptis nembé nglantaraken panyarwénipun dhateng lampah gesangipun para umat nalika samanten, ingkang nebih saking Gusti, ingkang julik lampahipun saha kebak panasaran, ingkang saged nasaraken sesaming gesang. Tiyang-tiyang punika sami nggadhahi panganggep bilih sarana nengenaken kaperluanipun piyambak, tiyang-tiyang punika badhé sami pikantuk kacekapan tumrap sadaya ingkang dipun péngini lan betahaken. Wonten ugi ingkang rumaos bilih sarana narik pajeg ingkang nglangkungi punapa ingkang kedah kabayar, badhé anjalari sami nglampahi kasukan ingkang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

linangkung karena raja brananipun sangsaya mindhak dinten sangsaya tambah kathah. Inggih dhumateng tiyang-tiyang ingkang kados makaten punika pawartos patobatipun Yohanes Pambaptis katujokaken.

Nadyan kapireng dados wartos ingkang landhep, éwasamanten saben panyarwé èstunipun ngajak sadaya umat supados sami mratobat kanthi tulusing manah, lan mboten namung sadremi ngumukaken kalenggahanipun minangka umat prajanjian tedhak turunipun bapa Abraham. Malah wonten ing ayat kaping 18 sinebataken: “... akèh piwulangé kang diparingaké sajroné nggelaraké **Injil** marang wong akèh”. Nadyan kapireng landhep, éwasamanten panyarwé punika èstunipun mujudaken “kabar kabingahan”, awit wonten pangapunteing dosa lan kabingahan ing salebeting patobat ingkang sejati. Saèstu mujudaken kabar kabingahan menawi ing wekdal samangké Gusti taksih kepareng ngundhangaken timbalan tobat lan karsa ugi nampèni saben umatipun ingkang sami mratobat kanthi éklasing manah. Awit saking punika, mboten samesthinipun manawi kita sami nglirwakaken timbalan tobat punika minangka wewengan kanggé nampèni pangapunteing dosa. Patobat ingkang sami dipun lampahi punika saged ngéjawantahaken woh-wohing patobat, ingkang awujud lampah gesang ingkang saé wonten ngarsanipun Gusti.

Inkang winastan tobat, punika mboten sadremi ngluwareni umat saking raos ajrih kémawon, nanging ugi kalebet pakaryan mulihaken gesangipun umat. Kawontenan ingkang kados makaten punika ingkang èstunipun mujudaken kabingahan sejati ingkang badhé dipun tampi déning saben tiyang ingkang sami mratobat kanthi sawetahing manah. Sampun samesthinipun menawi tobat ingkang satuhu punika ngedalaken woh-wohing patobat, ingkang badhé sangsaya ngatingalaken aosing gesang ingkang kakersakaken déning Gusti. Kadosdéné katresnanipun Gusti sinandhang déning saben tiyang pitados, pramila inggih makaten ugi katresnan punika sami kita éjawantahaken wonten ing tengah-tengahipun masyarakat

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

umumipun. Kabingahan sejati ingkang dipunraosaken déning tiyang ingkang sami mratobat, ugi badhé ngéjawantah wonten gesangipun warga masyarakat sarana anggènipun sami anyengkuyung satunggal lan satunggalipun. Nadyan taksih kedah ngadhepi ruwet rentenging gesang ingkang mboten naté kalis saking sadaya godha lan rencana, ewadéné gesang punika badhé saged dipun lampahi kanthi kebak kabingahan, awit saking sih susetyanipun Gusti, lan tebih saking raos was lan sumelang. Kados ingkang sinerat wonten ing Yésaya 12: 2-6, bilih umatipun Allah badhé ngangsu toya kanthi kebak kabingahan awit Allah punika karaharjan kita. Salaminipun kita taksih gesang wonten ing donya punika, kita taksih kedah rumagang kadosdéné tiyang ingkang ngangsu toya kanggé pagesangan padintenan kita. Nadyan makaten anggèn kita ngangsu punika mboten badhé karaos kadosdéné momodan ingkang ngajrih-ajrihi awit Allah badhé tansah ngrawuhi.

Awit saking punika, sumangga kita sami miwiti saking dhiri pribadi kita piyambak-piyambak kanggé nengga rawuhipun Gusti sarana patobat ingkang sejati. Patobat ingkang ngasilaken woh, jumbuh kaliyan maknaning patobat ingkang sejati. Patobat ingkang ngéjawantah wonten raos tanggel jawab saha preduli kita dhateng sadaya pagesangan ing jagad punika. Patobat ingkang makaten badhé andhatengaken kabingahan. Sumangga kita sami dados umatipun Gusti ingkang tumut nyawisaken margi ambah-ambahanipun Gusti ingkang badhé rawuh malih, lan sumangga kita sami tumut ngraosaken kabingahan awit saking anggèn kita sami mratobat wonten ngarsanipun Gusti. Sugeng ngraos-raosaken Minggu Advèn III, Minggu Gaudété utawi Minggu kabingahan awit patobat kita Amin.

[DN-ytd]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

## **KHOTBAH**

### **Minggu Advèn IV**

*Minggu, 22 Dhésèmber 2024*

---

Waosan 1: Mikha 5:2-5  
Tanggapan: Lukas 1:46b-55  
Waosan 2: Ibrani 10:5-10  
Injil: Lukas 1:39-45

## **Punapa Samekta Nratab?**

☪☪

## **KHOTBAH JANGKEP**

### **“Punapa Samekta Nratab?”**

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Menawi kasowanaken pandangu, “Punapa samekta nratab?” mesthinipun badhé kawangsulan “Boten samekta... awit menawi samekta, sanès nama nratab!” Pancèn saèstu nratab punika salah satunggal cara nanggapi kawontenan nalika kita aben ajeng kaliyan kawontenan utawi kedadosan ingkang boten kanyana sadèrèngipun. Raosing manah kanthi nratab punika mujudaken tanggapan ingkang limrah nalika wonten sumbering prakawis ingkang boten kanyana. Sangsaya anteng lan mendha kawontenaning manah, raos nratab dangu-dangu badhé ical. Kosok wangsulipun, sangsaya mantheng lan kawontenan angèl dipun kendhalèni, raosing manah ingkang nratab sangsaya wuwuh malih. Contonipun nalika kita nembé nonton filem *horor* (medeni, memedi) lajeng wonten adegan ingkang nama *jumpscare*, kita lajeng kaget sanget satemah nratab lan jantung kita dheg-dheganipun kenceng sanget. Nalika kita nonton filem *komedi* (guyonan, dagelan) raos nratab kita tuwuh ngleresi adegan barang ingkang dhawah; raos nratab magepokan prakawis kasebat taksih saged dipun kendhalèni.

Raos nratab punika ugi saged kita raosaken gayut kaliyan gesanging kapitadosan kita. Kita mangretosi bilih sesambetan kita kaliyan Gusti Allah boten saged dipun watesi déning pamawas lan pangajeng-ajengipun manungsa. Panjenenganipun punika Gusti ingkang makarya kanthi cara ingkang boten kanyana, ing wekdal ingkang boten saged dipun mangretosi, lan

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

wohipun ugi boten saged kanyana. Gusti Allah kita nandukaken pakaryan ingkang boten saged kanyana. Makaten ugi pakaryan karahayon ingkang satuhu sampurna tumrap umat manungsa, Sinten ingkang nginten, Panjenenganipun piyambak ingkang rawuh ing jagad manjalma kanthi adeg Dhiri minangka Putraning Manungsa. Kados pundi Gusti Allah ingkang ngéramaken karsa miji margi kanthi manjalma dados Putraning Manungsa ingkang winates?

Punika warta ingkang damel trataban ingkang kapratélakaken déning Nabi Mikha tumrap bangsa Israèl ingkang wekdal samanten nemahi pangancam kagempur bangsa Asyur. Tiyang-tiyang ingkang ningali sadhèrèkipun ing Israèl sisih Lèr sampun teluk ing tanganipun Asyur, samangké kaancam nemahi kawontenan ingkang sami. Punapa malih kawontenan sosial politik ing salebeting negari ingkang dipun temahi wekdal samanten lan mangsa ngajengipun. Ing wekdal-wekdal ingkang mrihatosaken punika, pamecanipun Nabi Mikha dados warta ingkang damel trataban nanging ndhatengaken pangajeng-ajeng. Badhé kawiyos satunggaling panguwaos sanès saking Yérusalèm nanging saking dhusun alit ingkang nama Bètlehèm. Sinten ingkang nginten déné ingkang kuwaos badhé mardikaken Israèl kasebat badhé miyos saking dhusun alit ingkang boten kapétang déning kathah tiyang. Nanging saking dhusun alit punika Gusti mratélakaken prajanjinipun ingkang langgeng, ingkang sanyata sampun ketingal buktinipun wiwit jaman rumiyin. Kados déné cariyosipun Dawud ingkang paling alit katimbang sadhèrèk-sadhèrèkipun, nanging Gusti ngebadi piyambakipun dados pemimpin agung tumrapping Israèl. Kanthi cara punika Gusti Allah mratélakaken karahayon lan katentremaning Israèl, caranipun kanthi netepi ingkang boten naté saged kanyana.

Kedadosan ingkang damel trataban kalajengaken kanthi cariyos ingkang saèstu ngéramaken, inggih punika cariyos Maria lan Èlisabèt. Kalih pawèstri, ingkang satunggal prawan taksih anèm sanget lan ingkang satunggalipun sampun yuswa adi. Kalih pawèstri punika sami déné ngandhut. Kandhutanipun sami-sami mrihatosaken prelu dipun waspadani. Nanging ing salebeting

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kandhutan kekalihipun, badhé rinoncé cariyos ingkang winengku kabingahan tumrap sadhéngah titah. Maria lan Èlisabèt ugi trataban nampi warta gayut anggènipun sami ngandhut, nanging anggènipun trataban punika boten ateges ngendheg anggènipun sami mbagé kabingahan. Anggènipun sami pepanggihan kalih pawèstri kasebat njalari sukabingahing pangajeng-ajeng ingkang nuwuhaken raos ajrih ing satengahing kawontenan angèl ingkang badhé dipun temahi. Sawijining pawèstri anèm ingkang dèrèng ningkah nanging sampun ngandhut, punapa panyaruwènipun tiyang kathah mangkènipun? Sawijining adi yuswa ingkang tata kajasmanèn mokal anggènipun badhé ngandhut, punapa boten badhé dados pepoyokan tiyang sanès? Ing kawontenan kasebat kepara pepujèn, kidungan, lan pangucap sokur ingkang kalair saking tutukipun.

Kabingahaning pangajeng-ajeng punika kababar awit kekalihipun pitados bilih ingkang dipun temahi punika pérangan saking karsa saha rancanganipun Gusti Allah ingkang saèstu éndah (boten namung tumrap kekalihipun, nanging ugi tumrap sadaya bangsa lan sawarnining titah). Kayakinan gayut karsa saha rancangan Panjenenganipun punika kawujudaken ing tumindak mbagun-turut dhateng karsanipun Gusti Allah. Maria boten nampik warta ingkang kabekta déning malaékating Gusti, temahan ing kawontenan trataban piyambakipun tetep saged mratélakaken “Sumangga, kawula punika abdinipun Pangéran, kadhatengana kadosdéné ingkang Paduka ngandikakaken” (Lukas 1:38).

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Lumantar cariyos-cariyos saking waosan lèksionari dinten Minggu Advèn IV punika, kita mangretosi lan nglenggana bilih trataban punika pérangan saking ombyaking kapitadosan kita dhumateng Gusti Allah. Satunggaling wekdal kita mapan ing kawontenan ingkang awrat lan guleting batos (*pergumulan*) ingkang nempuh gesang kita. Adreng anggèn kita ngantu-antu Gusti jumeneng juru pitulung kita ingkang prakosa, ingkang ing satléraman nétra ngrampungni tuntas manéka warni prakawis

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kita. Kita kapéngin Gusti maringi pangluwaran prakawising gesang kita manut pamawas kita. Kathah pepénginan utawi pangajeng-ajeng ing gesang kita gayut pakaryanipun Gusti Allah wonten ing gesang kita punapa déné tumrap jagad punika. Nanging, Panjenenganipun madeg Gusti Allah ingkang tanpa wates. Panjenenganipun kuwaos ngginakaken cara punapa kémawon murih kita kuwagang ngraosaken ingkang sinebat tentrem rahayu langgeng. Underanipun inggih punika ing sikep mbangun-turut, sinaosa kita trataban lan kaget awit saking caranipun Panjenenganipun. Sampun ngantos kita meksakaken pepénginan lan pamawas kita ingkang winates punika.

Tuladha pambangun-turut dhateng karsanipun Gusti Allah sampun kasampurnakaken wonten ing Dhirinipun Sang Kristus piyambak. Paseksi ing serat Ibrani mratélakaken bilih pangurbananipun Gusti punika pangurbanan ingkang sampurna winengku pambangun-turut dhateng karsanipun Sang Rama. Prakawis punika sangsaya neguhaken kapitadosan kita minangka tiyang pitados ingkang sampun winengku ing sih-nugraha karahayon saking Panjenenganipun supados sangsaya wuwuh sikep mbangun-turut kita badhéa nemahi kedadosan trataban ingkang kados punapa kémawon. Sampun ngantos kita namung mandheg ing raos trataban lan ngungun, nanging kedah trataban kanthi sukabingah ing pangajeng-ajeng.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnangi déning Gusti,

Sumangga sami siyaga nemahi trataban lan kapasrahna gesang kita wonten ing rancanganipun Gusti ingkang rinengga ing kasaénan. Kados déné jantung ingkang mandheg satléraman awit kawontenan ingkang awrat, lajeng trataban murih wangsul malih daya gesang saha langkung mangaribawani malih daya karosan kita. Tundhonipun sami déné mbagé lan nyebarna kabingahan. Amin.

(KA/ucsl)



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH  
Malem Natal**

*Selasa, 24 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: Yésaya 9:2-7  
Tanggapan: Mazmur 96  
Waosan 2: Titus 2:11-14  
Injil: Lukas 2:1-20

**Katresnané  
Panjenengané  
Mulihaké  
Kauripan**  
☪

**KOTBAH JANGKEP**

**“Katresnané Panjenengané Mulihaké Kauripan”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti,

Ecap utawi cap ingkang awon (*stigma negatif*) katandukaken tumrap sadhèrèk ingkang miskin kanthi pamawas kesèd, dados momotan tumrap ingkang sugih, utawi ngawrat-awrati paladosaning masyarakat lan pasamuwan; cap punika angèl saged dipun icali saking pamawasipun satunggaling tiyang. Makaten ugi cap awon ingkang kaparingaken tumrap sadhèrèk kita ingkang nandhang cacad kajasmanèn (*disabilitas*) sadhèrèk-sadhèrèk punika asring dipun sebat tiyang cacad, gumantung tiyang sanès, boten migunani, lan ingkang langkung mrihatosaken dipun cap kénging bebendu, dadosa awit pokal tiyang sepuhipun utawi dhirinipun piyambak. Makaten ugi ingkang nandhang cacad jiwaniipun, kita asring nyebat kanthi tembung “ora waras” utawi édan. Prakawis punika saèstu damel gorèhing manah, kepara wonten sapérangan tiyang Kristen ingkang nyebat golongan punika golongan tiyang dosa. Dados, badhéa miskin utawi nandhang kajasmanèn punika kawawas wohing dosa. Punika prakawis ingkang saèstu damel sedhah...

Cap awon kados makaten punika padatanipun dipun trepaken tumrap warga pasamuwan ingkang nemahi nandhang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kajiwan, bab ékonomi ingkang mosak-masik, pambudidaya nuju gegadhangan ingkang dèrèng kasil, makaten ugi prakawis bebrayatan. Asring sanget cap ingkang kawangun lan kasambetaken kaliyan kalepatan ing mangsa kapengker utawi kasambetaken kesèd anggènipun ndhèrèk kegiatan pasamuwan utawi upacara agami. Tembung sanès, masyarakat asring ndhawahaken “kalepatan” ngawohaken dosa. Cobi kagalih, iba sungkawanipun para sadhèrèk ingkang miskin, nandhang cacad kajasmanèn utawi ingkang (naté) boten angsal damel anggènipun mbudidaya satunggal prakawis lajeng nampi cap ingkang makaten punika.

Ing sisih sanès, masyarakat ugi asring ngadili para sadhèrèk ingkang kasil dadosa ing bab ékonomi, sosial, utawi politik minangka tiyang ingkang julig saha boten jujur anggènipun nggayuh gegadhangan. Juru dagang ingkang kasil dipun cap julig, boten jujur, ngandelaken dhukun sinaosa taberi ngibadah. Para kadang ingkang kasil ing prakawis sanès dipun cap nindakaken punapa kémawon kalebet ingkang boten kalal, awit ngagungkaken kekancan (*nepotisme*), nylingkuhaken arta (*korupsi*), utawi tumindak nyadé ajining dhiri. Prakawis-prakawis makaten punika ingkang asring kedadosan ing satengahing masyarakat punapa déné pasamuwan. Awit wontenipun cap-cap ingkang makaten punika asring para kadang rumaos kapeteg déning pamawas masyarakat. Ingkang langkung mrihatosaken, ngantos tuwuh jurang ing crah bibrahing sesambetan wonten ing gesang padintenan. Pramila sampun ngantos nggumun déné ing pasamuwan wonten golongan ingkang sugih bandha, golongan tiyang miskin, utawi golongan-golongan sanèsipun. Saben golongan punika rebat bebeneripun piyambak-piyambak saha sami déné ngrèmèhaken satunggal lan satunggalipun. Pangaribawanipun, patunggilan ingkang kawangun inggih punika patunggilan ingkang “kados-kados” guyub, nanging sajatosipun sami déné nyubriyani lan sapanunggilipun. Mugi-mugi kedadosan makaten punika boten dumados ing pasamuwan kita ing ngriki.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Ing dalu ndungkap Natal punika, sumangga kita sami ngraos-raosaken kedadosan miyosan nDalem Sang Kristus, Sang Timur Agung ingkang kuwagang mulihaken pagesangan dados padhang saha ngrubuhaken singget ingkang meteg patunggilanipun minangka pasamuwan punapa déné masyarakat sadangunipun punika. Saboten-botenipun wonten tigang prakawis ingkang saged kita raos-raosaken:

1. Pangajeng-ajeng Maring Sang Timur ingkang Ringkih  
“Para pangèn” punika wewayangan ugi pratandha tumrap masyarakat ingkang ringkih. Para pangèn nampi cap inggih punika boten kuwagang nindakaken pranatan agami kanthi prayogi, jalaran (pamawas ingkang kaanggep leres/*asumsi*) ngrémpyag tugas lan tanggel jawab ingkang mbetahaken pamawas, raos pangraos, lan tenaga inggih punika njagi pepanthan kéwan. Pramila sinebat golongan ingkang boten murwat nampi tugas tanggel jawab ing satengahing masyarakat kepara ing gesanging pepanthan agami. Golongan punika déning Yésaya sinebat “Bangsa kang lumaku ing pepeteng” (Yes. 9:1). Gesangipun golongan punika surem awit kalindhah déning kakiyatan politik panguwaos ingkang ndadosaken golongan kasebat boten pikantuk margi sambet prakawis politik, margi sambet prakawis ékonomi, kasarasan badan, pawiyatan, lan sumber karosan (Yes. 8:23). Wonten ingkang nginten “para pangèn,” “gegambaran” lan para kadang ingkang nampi “cap ringkih” wonten ugi ing salebeting pepanthan pasamuwan. Saged kémawon para kadang punika warga miskin, ingkang nandhang cacad, para kadang ingkang winates adegipun sanès péhak ingkang nyepeng pancasan, para kadang ingkang ajrih ngluntakaken pamawasipun, sadhèrèk ingkang dipun cap remen obong-obong (*provokator*), lan sapiturutipun. Miturut Yésaya, para kadang punika golongan ingkang katandukan tumindak boten ngremenaken, ajining dhiri dipun jarah rayah, nampi pameteg panindhès, boten saged ngraosaken asiling panèn kanthi prayogi awit katindhès cengkolak (*tengkulak*) lan tukang ijon, para kadang ingkang nandhang aniaya sacara tata kajasmanèn, aniaya bebudèn, saha aniaya batos saking panguwaos (Yès. 9:2-3).

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Tumrap para kadang ingkang nemahi pameteg satata kajasmanèn, bebudèn, lan batos punika Lukas mbagé pawartos: “Aja padha wedi, lan kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal tumrah marang sabangsa kabèh” (Lukas 2:10). “Kabungahan gedhé” papanipun ing pundi? “Awitdéné sih-rahmaté Gusti Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kababar” (Titus 2:11). Gusti rawuh boten namung kanggé sawenèh manungsa, boten namung kanggé pepanthan tertentu ingkang mirungga (*eksklusif*), nanging Panjenenganipun ugi netepaken para kadang “ingkang ringkih” dados seksi ugi abdinipun Gusti Allah. Buktinipun malaékating Gusti Allah ngatingal dhateng para pangèn lan boten dhateng pepanthan sanèsipun. Pitadosa ingkang ringkih, miskin, nemahi cacad badanipun ugi piniji déning Gusti. Tegesipun Gusti Yésus maringi pangajeng-ajeng énggal, mbabaraken “pepadhang gedhé” (Yès. 9:1) lan mangsa ngajeng tumrap kita.

2. Sadaya Manungsa punika Mirungga (*Istimewa*)

Boten wonten manungsa ingkang langkung mirungga ing ngarsanipun Gusti Yésus kados ingkang kapratélakaken Rasul Paulus: “Sabab wong Yahudi lan wong Yunani iku ora ana bédané. Ujer Gusti Allah mung siji, kang dadi Gustiné wong kabèh, sarta lubèr kadarmané marang sadhéngah wong kang padha nyebut marang Panjenengané” (Roma 10:12). Punika mratélakaken bilih sadaya manungsa ndarbèni hak mirunggan (*hak istimewa*) ingkang sami wonten ing ngarsanipun Gusti Allah. Sadaya tiyang minangka warga pasamuwan ugi warga masyarakat ndarbèni hak ingkang sami murih kacathet (*didata*) supados pikantuk hak cacah jiwa kados déné Yusuf lan Maria.

Kados déné cacah jiwa ingkang katindakaken déning bangsa Romawi ingkang ngener ancas politik, sosial, lan ékonomi nedahaken bilih sinten kémawon ingkang namanipun kacacah jiwa nedahaken talénta ingkang dipun darbèni. Saking sisih punika, Lukas badhé mratélakaken tumrap sadaya tiyang kalebet ing wewengkon karajan Romawi inggih punika tiyang-tiyang dadosa ingkang wonten dhusun utawi kitha, ingkang ngulandara

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

utawi ingkang ndarbèni talénta bab sosial, politik, lan ékonomi; sadaya sami wradin awit perlu kacacah jiwa.

Cariyos Lukas ugi nggambaraken taléntanipun para pangèn satemah suka pratéla, “Ayo, padha menyang ing Bètlehèm, ndeleng apa sing wis kalakon ing kana, kaya sing wis dipangandikakaké déning Pangéran marang kita” (Luk. 2:15). Prakawis kasebat ngemu teges bilih anggènipun Gusti Allah miji punika boten klentu. Para pangèn wewayangan ingkang sakawit kaanggep ringkih déning golongan ortodoks Yahudi kasunyatanipun ndarbèni sikep trengginas lan talénta nindakaken dhawuhipun Gusti kanthi prayogi. Para pangèn punika énggal mangsuli mangu-manguning pitakènanipun masyarakat lan ugi ngorakaken pamawas ingkang ngrembaka wekdal samanten. Para pangèn punika ndarbèni talénta, aku mesthi bisa... kepara kapratélakaken “Bareng wus padha nyumurupi, banjur padha nyritakaké apa kang wis dipangandikakaké tumrap Sang Putra iku. Kabèh wong kang padha krungu, padha gumun marang critané pangon-pangon mau” (Luk. 2:17-18). Ingkang katindakaken déning para pangèn kepara nglangkungi pangajeng-ajengipun tiyang kathah. Warta wigati Injil Lukas inggih punika, sajatosipun sadaya warga pasamuwan boten wonten ingkang ndarbèni kasagedan ingkang pinunjul nglangkungi sanèsipun, nanging saben tiyang ingkang ndarbèni talénta ingkang manéka warni kedah manunggal murih sangsaya sumebar ngrembaka Injiling Yésus Kristus. Sampun ngantos kuwatos lan sampun ngantos sedhih, panjenengan sadaya saèstu aji wonten ing pamirsanipun Gusti.

3. Gusti Yésus Rawuh Mbabar Katentreman tumrap Sadaya Manungsa

Pepanggihanipun “para pangèn” lan “malaékat” ugi salajengipun kaliyan “Ratu” Yésus ingkang miyos ing Bètlehèm punika dados pratandha bilih Gusti Yésus rawuh saprelu ngrubuhaken singget lan let-letan ingkang ginelar. Rawuhipun Gusti Allah ingkang suci ingkang boten jinajagan, ing Dhiri Manungsa Sajati Yésus Kristus ndadosaken Gusti Allah kanthi kawicaksananipun nedahaken bilih singget suci lan boten suci, saé utawi awon, panandhang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

cacad badan utawi ingkang seger saras badanipun punika sanès prakawis wigati ingkang prelu dipun dadosaken bèncèng-cèwèng (*dipersoalkan*). Gusti Yésus sanyata sampun ngluwari kita saking bebudèn ingkang duraka inggih punika ngrèmèhaken tiyang sanès lan nganggep dhiri kita langkung pinunjul. Panjenenganipun rawuh ing jagad supados manungsa ugi ngraosaken kasucèn ingkang pinangkanipun saking Panjenenganipun (Titus 2:14), supados saben manungsa nampèni kabingahan karahayon. Ingkang utami inggih punika kados pundi warta “pepadhang gedhé” punika lajeng saged kawartosaken (Titus 2:15) tumrap sadhéngah bangsa bilih karahayon punika ugi katujokaken tumrap sadaya manungsa saha bangsa.

Pasamuwan ingkang kinasih,  
Gusti Yésus rawuh mbabar pamulihaning gesang: Panjenenganipun ngluwari manungsa saking manéka warni pameteg awit wontenipun tumindak duraka dursila. Panjenenganipun rawuh mbabar bedhamèn saha ngrubuhaken singget ingkang misahkan manungsa lan sesaminipun. Sumangga kita sami gandhèngan ing salebeting manah lan raos pangraos minangka tunggiling pakempalan kanthi sami déné mbagé pambereg lan ngiyataken satunggal lan satunggalipun kanthi ngucap, “Gusti Yésus mulihaken panjenengan, panjenengan saèstu ngéramaken lan mirunggan (*istimewa*).” Sugeng riyadi Natal. Gusti Yésus tansah mberkahi. Amin.

(YH/ucsl)



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH**

**Natal**

*Rebo, 25 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: Yésaya 52:7-10  
Tanggapan: Jabur Masmur 98  
Waosan 2: Ibrani 1:1-12  
Injil: Yohanes 1:1-14

**Panjenenganipun  
Dedalem Ing  
Antara Kita**



**KHOTBAH JANGKEP**

**“Panjenenganipun Dedalem Ing Antara Kita”**

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Sugeng Natal!

Ing dinten ingkang mbingahaken punika, muhi kita sadaya saged mahargya lan ngraos-raosaken Natal minangka sih-nugraha saking Allah. Muhi Natal dados pahargyan ingkang dipun pahargya déning sadaya umat manungsa lan sadaya titahipun Allah sanèsipun. Wonten sastrawan ingkang asmanipun Subagio Sastrowardoyo, piyambakipun sanès tiyang Kristen. Sanadyan mekaten, piyambakipun kasengsem déning rawuhipun Yésus wonten ing alam donya lumantar geguritan. Punika geguritan ingkang dipunserat piyambakipun, ingkang sinerat ing buku "*Transformasi*" anggitanipun Goenawan Mohamad: (*kapertal ing basa Jawi déning hu*)

Nalika Kristus miyos

Jagad dadi putih

Langit kang mauné peteng amarga getih lan jina

dadi lembut kadya tangan bayi sepuluh dina.

Manungsa ngadeg adhem kadya arca-arca Mesir

srana paningal mandeng mung ing siji arah.

Ora ana getih sing wutah.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Kain sing matèni saduluré durung uga lair.  
Kabèh sarwa putih. Salju tumiba  
Sssst, menenga. Kristus rawuh.

Goenawan Mohamad nglairaken pangaken bilih Subagio mangertosi éwah-éwahan (*transformasi*) ingkang élok ing cariyos Natal. Pangakenipun Goenawan Mohamad punika mboten tanpa sebab. Lebetipun makna sawaliking geguritan Natal punika ingkang ndadosaken Goenawan Mohamad njarwakaken bilih Subagio mangertosi *transformasi* ingkang élok wonten ing lelampahan Natal.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Natal punika margining Allah mujudaken *transformasi* kanggé jagad. Panjenenganipun rawuh ing tengahing jagad ingkang mbetahaken pitulunganipun Gusti Allah. Kawontenan donya ing jaman sapunika ugi mekaten. Manungsa kécalan tentrem rahayu amargi mboten samidéné ngajèni. Dosa ndadosaken manungsa égois, namung nggatosaken dhirinipun piyambak lan nglirwakaken sesaminipun manungsa saha titahipun Gusti sanèsipun. Pratandhanipun bilih manungsa mboten samidéné ngajèni ing kanyataning bangsa-negara Indonesia katingal saking laporanipun *Amnesty Internasional* ing wulan April 2024. Ing ngriku kasebat bilih Indonesia sangsaya kajiret ing lampah panerak *HAM sistematis*.

Saged ugi wonten ingkang ngendika: “Lha... iki Natalan, napa kok kudu ngrembug babagan HAM?” Wonten ing wedharing pangandika punika dipun ngendikakaken bilih krana kita nembé ngraos-raosaken Natal, pramila bab HAM ugi kedah dipunrembag. Kénging punapa mekaten? Amargi rawhipun Gusti Yésus wonten ing jagad punika kanggé milujengaken manungsa saking blengguning dosa. Lampah panerak dhateng HAM punika dosa ageng. Pramila punika, para tiyang ingkang sami nerak, saé pribadi punapadéné bangsa-negara, kedah dipunèngetaken supados mratobat lan mirengaken pangandikanipun Gusti Allah. Mirengaken Panjenenganipun

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ingkang manjalma dados manungsa lan dedalem ing antara kita kanggé mbabaraken kawilujengan.

Gusti Allah ingkang dedalem ing antara kita inggih punika Gusti Allah ingkang mbabaraken welas-ashipun dhateng jagad. Kitab Ibrani 1:1-12 nyariosaken kadospundi Gusti Allah mbabaraken kawilujengan dhateng manungsa wiwit manungsa dhumawah ing dosa kanthi anéka cara. Gusti Asring ngagem para nabi kanggé nyariosaken pawartos kawilujengan, nanging karawuhanipun para nabi punika mboten dipunmangertosi déning umat. Mila wonten ing jaman wekasan, Gusti rawuh piyambak martosaken pawartos kawilujengan dhateng umatipun lumantar Putranipun. Srana ngagem wujud manungsa, Gusti martosaken pawartos kawilujengan. Panyerat kitab Ibrani mbèntenaken kridhanipun para nabi kaliyan Yésus. Menawi para nabi namung nyuwantenaken swantenipun Gusti Allah, mila Yésus punika swantenipun Gusti Allah piyambak. Panyerat kitab Ibrani nyebataken, bilih Yésus punika dados swantenipun Allah ingkang ketingal. Panjenenganipun punika cahya kamulyanipun Gusti Allah lan pasemon wujudipun Allah ingkang nyanggi-nyrambahi sadaya ingkang wonten srana Pangandikanipun ingkang saèstu kuwaos.

Suraosing kitab Ibrani punika ugi kapanggihaken ing pangandikanipun Gusti ingkang sinerat ing Injil Yohanes 1:1-14. Yohanes miwiti pawartos bab rawuhipun Yésus srana nyebat, “*Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, déné Sang Sabda iku nunggil karo Gusti Allah sarta Sang Sabda iku Gusti Allah (1:1).*” Ukara ‘*ing kala purwa*’ punika dipun agem déning Yohanes kanggé ngémutaken para umat (lan ugi para umat Yahudi) srana cariyos purwaning dumadi (PD. 1:1). Yohanes karsa nyandhingaken karawuhanipun Allah nalika nitahaken jagad-raya kaliyan karawuhanipun Gusti Yésus. Nalika Gusti Allah nitahaken jagad-raya, Panjenenganipun ngandika, temah sami dumados kados ingkang dipun ngendikakaken. Pangandika (Sabda) punika nunggil kaliyan Gusti Allah sarta Sang Sabda punika Gusti Allah piyambak. Saking Pangadika punika

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

katitahaken gesang, lan Yohanes nggambaraken gesang punika dados pepadhang. Pepadhang punika sumunar sajroning pepeteng, sarta mboten kalindhah déning pepeteng. (Yoh. 1:5).

Ing pérangan punika, Yohanes mbèntenaken pundi gesang ingkang dipun kuwaosi déning Sabda kaliyan gesang ingkang boten dipun kuwaosi déning Sabda. Ing kuwaosing Sabda, pepeteng kalindhah lan mboten saged nguwaosi pepadhang. Menawi pepeteng mboten saged nguwaosi pepadhang, mila pepeteng punika sejatosipun taksih wonten. Pepeteng mboten sirna salaminipun, nanging sanadyan pepeteng taksih wonten, pepeteng punika mboten nggadahi daya nalika pepadhang sumunar ing antaranipun pepeteng. Punika maknanipun bilih srana rawuhipun Gusti Allah ing Gusti Yésus mboten ateges bilih kadurakan sirna. Kanyataning kadurakan lan patrap mboten pitados tetep wonten. Yohanes dados seksi lan martosaken rawuhipun Gusti Allah ingkang mbekta pepadhang /gesang (Yoh. 1:6). Yohanes sanès pepadhang punika, panjenenganipun rawuh minangka seksi kanggé maringi paseksi bab Pepadhang punika, supados lumantar panjenenganipun sadaya tiyang dados pitados (Yoh. 1:7-8). Punika nedahaken bilih tiyang ingkang martosaken punika namung sarana kémawon, sanès pawartos punika piyambak. Pawartos sejatosipun inggih punika Sabdanipun Allah ingkang manjalma dados manungsa. Yohanes nggambaraken wigatosipun sikep andhap-asoring manahipun juru warta.

Pawartos bab rawuhipun Allah kados ingkang dipun ngendikakaken Yohanes punika ugi dipun tanggapi srana anéka cara. Wonten ingkang nampi, wonten ingkang nampik. Sinten ingkang nampik rawuhipun Sang Pepadhang? Yohanes nyariosaken, “Rawuhé murugi kagungané, nanging para kagungané iku ora gelem nampani.” (Yoh. 1:11). Sinten ingkang nampik pawartos punika tebih saking Pepadhang. Kosok wangsulipun, sadaya tiyang ingkang nampi Panjenenganipun dipunparingi kakiyatan supados dados putra-putranipun Gusti Allah, inggih punika tiyang ingkang pitados wonten ing

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

asmanipun Gusti (Yoh. 1:12). Peparinging kuwaos nedahaken bilih hak mirunggan minangka putra-putranipun Gusti Allah punika mboten namung gadhahanipun tiyang Yahudi kémawon.

Sabda ingkang manjalma dados manungsa inggih punika gagasan ingkang dipunwartosaken Yohanes dhumateng para umat supados sami wantun nglampahi gesang, sanadyan mboten gampil lan kebak geguletaning gesang. Kanthi sora, pangandikanipun, "*Anadéné Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita, lan aku wus padha nyawang kamulyané, iya iku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané kang jumeneng Putrané ontang-anting Sang Rama, kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn.*" (Yoh. 1:14). Tembung "makuwon" (LAI 2016 sinerat “dedalem”) punika ngémutaken umat Ibrani ing lelampahanipun saking Israèl tumuju tanah wutah-rahipun. Gusti Allah rawuh lan dedalem wonten satengahing umat wonten ing Tarub Paséwakan. Ing Gusti Yésus, rawuhipun Gusti Allah dados nyata. Rawuhipun saèstu caket. Panjenenganipun nyagedagen manungsa ngraosaken sih-nugrahanipun Gusti Allah ingkang nyata, satemah umatipun Allah saged gesang kanthi kebak welas-asih lan kayektèn. Lumantar rawuhipun Gusti Allah ingkang dedalem ing antara kita, manungsa saged nglampahi gesang salebeting pepadhang lan sih-nugrahanipun Gusti Allah.

Para sadhèrèk kinasih,

Gusti Allah rawuh lumantar Kristus Yésus, lan karsa dedalem ing antara kita kanggé mbabaraken béla raos, welas-asih, kapredulèn lan kawilujengan. Kita tinimbalan kagem nuladha Kristus. Sumangga kita sami mahargya Natal kanthi suka-bingah, sinaringan welas-asih, kapredulèn, lan sumanggem nggatosaken lan preduli dhateng sesami ingkang mbetahaken. Ing tengahing anéka prakawis HAM sajagad, karisakan lingkungan, konflik/pasulayan, tumindak mboten adil, sumangga kita sami mbekta pawartos Natal. Pawartos tentrem-rahayu saking Gusti Allah. Mugi sadaya saged ngraosaken rawuhipun Gusti Allah, temah umat sami saèstu

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ngraosaken tentrem-rahayu ing manah lan ugi tentrem-rahayu wonten ing bumi. Amin.

[WSN-hw]



## **KHOTBAH**

### **Minggu I Sasampunipun Natal**

*Minggu, 29 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: I Samuèl 2: 18-20, 26  
Tanggapan: Jabur Masmur 148  
Waosan 2: Kolosé 3:12-17  
Inii: Lukas 2:41-52

## **Sangsaya Dipun Remeni Déning Allah lan Sesami**

☪☪☪

## **KHOTBAH JANGKEP**

### **“Sangsaya Dipun Remeni Déning Allah lan Sesami”**

Sadhèrèk kinasih, kadospundi raosipun manawi ing lampahing gesang punika panjenengan dipun remeni (renani) déning tiyang sanès, langkung-langkung déning kathah tiyang? Mesthinipun manah panjenengan dados remen lan bingah, mekaten ta sadhèrèk? Kanthi dipun remeni tiyang sanès, mesthi kita dipun tepangi, kathah tiyang ingkang sumerep lan caket kaliyan kita. Awit dipun remeni tiyang sanès punika pancèn prakawis ingkang ngremenaken, mboten nggumunaken menawi tiyang sami mbudidaya supados saged dipun remeni tiyang sanès. Asring ugi tiyang ingkang gadhah médhia sosial kados ta *Facebook, Instagram, YouTube*, lan sapiturutipun, mbudidaya ngunggahaken kontèn-kontèn (katrangan-katrangan ingkang cumawis ing médhia sosial) ingkang saged damel tiyang sanès kasengsem lan remen kaliyan piyambakipun. Mekaten ugi ing gesang padintenan, tiyang mbudidaya damel prakawis ingkang migunani, supados dipun remeni tiyang sanès.

Menawi kita dados pribadi ingkang dipun remeni déning sesami manungsa, saèstu bingah lan bagyanipun, langkung-langkung menawi kita dados pribadi ingkang dipun remeni

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

déning Gusti Allah. Dados pribadi ingkang dipun remeni déning Gusti Allah temtu dados pepinginanipun sadaya tiyang pitados. Pribadi ingkang dipun remeni déning Gusti Allah punika pribadi ingkang binerkahan déning Gusti Allah lan gesang miturut kaliyan Karsanipun. Berkah utawi sih-nugraha saking Gusti Allah punika ndadosaken manungsa tinimbangan supados gesang kanthi andhap asor, mituhu dhateng karsanipun Allah kanthi gumolonging manah. Srana punika, ing lampah gesang padintenan, patrap-pandamelipun tiyang ingkang dipun remeni déning Gusti Allah inggih punika nglampahi patrap-pandamel ingkang saé, mboten nguciwani tiyang sanès. Sedaya patrap-pandamel saé punika minangka atur panuwun awit sihnugrahanipun Gusti Allah.

Minangka wujud atur panuwun sokur dhumateng Allah, wujud gesang ingkang kerean déning Gusti katingalaken ing gesang padintenan sesarengan kaliyan sesami. Krana punika, ing sesambetan sesarengan kaliyan sesami, pangucap lan tumindak kita kedah dipun gatosaken kanthi saèstu. Mboten prayogi menawi kita ngucapaken tetembungan dhateng sesami kanthi sembrana. Kita kedah nyingkiraken pangandika ingkang mboten prayogi, srana tetembungan ingkang ngakimi sesami. Saben pandamel ingkang katindakaken kedah dados berkah. Pramila punika, dadosa pribadi ingkang migunani, maédahi kagem sesami. Menawi ing gesang punika kita saged dados pribadi ingkang migunani lan maédahi kagem sesami, mugi kita badhé dipun remeni déning sesami, sanadyan ancasipun tumindak saé punika mboten supados kita dipun remeni déning sadaya tiyang. Amargi menawi ancasipun namung supados dipun remeni sadaya tiyang, punika klèntu lan temtu Gusti Allah mboten dipun remeni.

Sadhèrèk kinasih,

Ing dinten Minggu sasampunipun Natal punika, kita ngraos-raosaken saking cariyos brayat Nazarèt ingkang pantes

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

tinuladha, inggih punika brayatipun Yusuf lan Maria. Brayat punika dados conto lan sangsaya mantepaken manah kita salebeting nglampahi gesang. Kadospundi gesang ingkang kebak pepalang dipunlampahi kanthi tansah sumédhé dhumateng Allah, lan nindakaken Karsanipun kanthi tumemen. Nalika Yésus yuswanipun 12 tahun, Maria lan Yusuf sesarengan Yésus tindak ing Padaleman Suci ing Yérusalèm. Punika mboten nembé sapisan kémawon Yésus tindak ing Padaleman Suci, amargi Yusuf lan Maria sesarengan Yésus tansah tindak ing Padaleman Suci ing saben riyaya ageng. Ing wekdal sadèrèngipun, lelampahanipun Yusuf lan Maria ingkang saben taun tindak ing Yèrusalèm mboten dipun cariyosaken déning panyerat Injil Lukas. Nanging lelampahan sapunika dipun serat kanthi peprincèn. Cariyos ingkang narik kawigatosan ing lelampahan punika, sarampungipun pahargyan, nalika sami kondur, Yésus kantun wonten ing Yérusalèm, tiyang sepuhipun sami mboten pirsá, sesampunipun tigang dinten nembé pinanggih ing Padaleman Suci. Katingal Panjenenganipun nembé wawan pangadikan kaliyan para alim-ulama, midhangetaken sarta mundhut pirsá piwulangipun. Kitab Suci nyariyosaken bilih para alim ulama punika kaéraman kaliyan kapinteranipun Yésus. Saking pundi kapinteranipun? Kapinteranipun Yésus asalipun saking kawicaksanan ingkang kaparingaken déning Gusti Allah, lan kababar wonten ing gesangipun Yésus.

Brayatipun Yusuf lan Maria dados papan tuwuhing nèm-nèmman Yésus. Lukas 3:51 nyariyosaken bilih Panjenenganipun tetep gesang wonten ing panggulawenthahipun rama-ibunipun. Punika nedahaken karsanipun Yésus kanggé tetep mituhu salebeting gesang sesarengan rama lan ibunipun. Punika nedahaken andhap asoripun Yésus. Sinaosa Panjenenganipun punika Allah, Panjenenganipun karsa dedalem satengahing brayatipun Yusuf ingkang gesang prasaja. Minangka brayat, mesthi ugi gadhah geguletan tartamtu. Maria ing pungkasiipun

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

mangertosi sinten Yésus punika, nanging tetep nyimpen sedaya prakawis babagan Yésus ing salebeting manahipun.

Salebeting gesang sesarengan ing brayat lan masyarakat, Lukas nyariyosaken tuwuh-gesangipun nèm-nèman Yésus. Piwulanganipun Yusuf lan Maria ingkang wetah njalari tuwuh-gesangipun Yésus ugi wetah. Yésus saya mindhak ageng, katingal ing sariranipun. Saya mindhak kawicaksananipun, katingal anggenipun nglampahi gesang kanthi saé lan leres, saged mbédakaken pundi ingkang kedah dipun lampahi lan pundi ingkang dipun singkiri. Dipun ngendikakaken bilih Yésus saya wuwuh antuk sihing Allah lan manungsa.

Bapak, Ibu, Sadhèrèk lan anak-anak kinasih,

Sinau saking Injil punika kita manggihaken piwulang, bilih tuwuh gesangipun manungsa gegayutan kaliyan brayat, lingkungan sosialipun. Manungsa mboten tuwuh piyambakan. Pangaribawanipun brayat dados kekiyatan ingkang ageng. Yusuf lan Maria paring piwulang kados pundi dados tiyang sepuh ingkang mulangaken gesang pitados dhumateng Allah lan dados berkah kagem sesami. Mulang punika mboten dadakan. Saben tuwuh-ngrembakaning gesang mbetahaken prosès (reruntutaning lampah). Maria lan Yusuf mulangaken bab prosès piwulang. Sinaosa mulang anak punika mboten gampil, kathah tantanganipun, Maria lan Yusuf tetep nglampahi kanthi setya. Ing jaman sapunika, mulang anak saya awrat amargi tiyang sepuh kedah nindakaken pakaryanipun. Nalika tiyang sepuh, kalih-kalihipun sami ribet, saged njalari tiyang sepuh sami supé nggatosaken anakipun. Asring kita mireng cariyos tiyang sepuh duka-duka, sami repot kaliyan kahanan anakipun. Anak-anak punika saèstu mesakaken. Wontenipun dipun anggep ngrépotaken, damel sayahipun tiyang sepuhipun.

Sinau saking Injil punika, kita ugi saged sinau saking Yésus. Panjenenganipun tuwuh ing satunggaling brayat. Pambangun-turutipun dhumateng tiyang sepuhipun katingal saking karsanipun ndhèrèk bapa Yusuf lan ibu Maria. Mbangun turut dhumateng tiyang sepuh punika dhawuhipun Gusti Allah.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Nalika tiyang sepuh taksih wonten, piyambakipun kedah dipun pirengaken, dipun dongakaken, lan dipun sengkuyung. Kita sinau ugi saking Yésus ingkang tuwuh kanthi wetah. Tuwuh gesangipun kanthi wetah tumuju ing gesang ingkang dipun tresnani déning Gusti Allah lan manungsa. Pambangun turut ing pitados ugi kababar ing pambangun turut sosial. Menawi kalih-kalihipun mboten lumampah sesarengan, gesang dèrèng wetah.

Bapak, Ibu, Sadhèrèk lan anak-anak kinasih,

Ing jaman sapunika, tuwuhing gesang ingkang dipun tresnani déning Allah lan manungsa punika mawujud ing gesang kados ingkang dipun ngendikakaken Rasul Paulus wonten ing Kolosé 3:12-17. Padha nyandhanga asih welas, kaloman, andhap-asor, alusing bebudèn, sabar lan pangapura. Inggang nglangkungi sedaya punika, ngginakaken katresnan, minangka pangiket ing gesang sesarengan. Kadosdéné piwulangipun Rasul Paulus dhumateng pasamuwan Kolosé, kita ugi kedah nalesi sedaya ingkang kita lampahi kanthi prakawis-prakawis punika. Wonten ing gesang punika kita ugi kedah sabar dhateng tiyang sanès, upaminipun wonten tiyang sanès ingkang ngarani awon tanpa dhasar dhateng kita, sumangga kita adhepi kanthi sabar, andhap-asor lan alusing budi. Ampun gampil duka, kita titipriksa punapa dhasaripun ingkang dipun ucapaken tiyang punika. Punapa ingkang dipun ucapaken punika leres utawi klèntu, punika *fakta* utawi *hoax*. Menawi kita wonten ing sisih ingkang leres, ampun ajrih. Salajengipun, samidéné asung pangapunten satunggal lan sanèsipun, upaminipun wonten tiyang ingkang damel lepat dhumateng kita lan piyambakipun sampun nglengganani lepatipun lan nyuwun pangapunten, mangga kita ngapunteni tiyang punika. Sedaya ingkang kita lampahi punika sejatosipun kanthi tetales sih-tresnanipun Kristus minangka pangiket ingkang nunggilaken lan nyampurnakaken. Mugi tentrem-rahayunipun Kristus ngerèh wonten ing salebeting manah kita. Mugi pangandikanipun Kristus dumunung ing antara kita kalawan lubèr, satemah anggèn kita sami wulang-winulang lan éling-ingélingaken nganggé sakathahing kawicaksanan. Gesang kanthi samidéné

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ngajèni lan nampèni wonten ing sih-tresnanipun Kristus, punika pepujèn kita ingkang nyata dhumateng Gusti, lan sedaya ingkang kita lampahi kanthi pangandika utawi pandamel, kita tindakaken ing asma lan kagem kamulyan asmanipun Gusti Yésus. Ing sedaya punika, sumangga kita sami tuwuh ing Gusti kanthi nuladhani Yésus Kristus Gusti kita. Amin.

[CLS-hw]



**KHOTBAH**  
**Malem Warsa Énggal**  
*Selasa, 31 Dhésèmber 2024*

Waosan 1: 1 Para Raja 3: 5-14  
Injil: Yohanes 8: 12-19

**Mawas Dhiri**  
**miwah**  
**Tata-tata**  
☪☪☪

**KHOTBAH JANGKEP**

**Mawas Dhiri miwah Tata-tata**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Sang Kristus, kacarios wonten tiga kanèman ingkang sami sêdhèrèkan. Tetiganipun sregep anggènipun ngibadah, tetunggilan, lan caos pisungsung. Tetiganipun rêmên sanget nganggé “aksesoris” (rerenggan awujud ali-ali, kalung, lambang) agami. Ewasemanten, patrap lan pambêg tetiganipun boten mratélakaken gesanging kapitadosanipun. Tetiganipun rêmên ngébrèh-brèh bandha, damel kapitunan. Cak-cakaning tumindak asring kasar, gampil nepsu, lamis, asring padudon lan cecongkrahan.

Nuju sawijining dinten, kanèman kapisan nandhang raga, sakit. Rikala saweg sakit punika, piyambakipun nyuraos, “*Wis awit suwé aku sregep ngibadah, aku uga manganggo rerenggan lambang agama. Nanging patrapku, tumindakku ora nuduhaké pangibadahku. Yèn aku tetep urip ginubel ing panerak lan dosa mangkéné terus, njur aku dadi apa? Aku kudu mratobat lan ndandani patrapku.*”

Kanèman kapisan punika lajeng nggêgladhi dhiri murih dados langkung saé. Nalika dumadakan mrêntul pepénginan kangge nepsu ing manahipun, piyambakipun nyobi ngêmudhèni dhiri. Nalika nggadahi sedyana gunêman lamis, piyambakipun énggal ngrumaosi lan ngéwahi sedyanipun murih dados jujur.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Piyambakipun nggêgladhi dhiri supados tansah gesang ing kautaman.

Kanèman kapisan punika dados tuladha tumrap kanèman kaping kalih. Kanèman kaping kalih mungêl, *“Kangmasku wis ngupaya supaya ana owah-owahan ing uripé. Mula aku uga kudu malih.”* Ananging rikala godha ngrêridhu, hawa-nepsu taksih nguwaosi, kanèman kaping kalih punika menggalih, *“Ora dadi ngapa tumindak dosa. Jênêngé waé manungsa lumrah. Mengko ya bisa nyuwun pangapunten marang Gusti.”* Piyambakipun asring gorèh nalika ngadhêpi manéka-warni godha. Kadospundi kanèman ingkang kaping tiga? Kanèman kaping tiga nggadahi pambêg nggêga pikajengipun piyambak. Piyambakipun gêmang wawas dhiri lan nggadahi patrap “sakarêp-karêpku”.

Tumindak ingkang dipun lampahi tetiga kanèman kalawau; murangtata, cecongkrahan, padudon, lamis, gampil nepsu, kasar, nggambaraken gesang ing salebeting pèpètêng. Kanèman kaping kalih, asring kita sebat “kapok lombok”. Tetembungan ingkang ngemu suraos bilih patrap pamratobat nanging boten saèstu (lelamisan). Kanèman ingkang kaping tiga boten purun mranata gesangipun. Piyambakipun langkung nêngênakên gesang salebeting panguwaosing pepeteng. Ewasemanten, kanèman kapisan sumadya wawas dhiri. Piyambakipun ngrumaosi patrapipun lajeng langkung milih nebih saking pepeteng lan mranata gesangipun nuju patrap ingkang langkung utami.

Para sêdhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Manungsa punika titah ingkang ringkih lan winates, ingkang asring kakawonaken déning dosa. Awit saking punika, ing tata pangabekti dinten minggu wonten pérangan pangakên dosa. Mekaten ugi ing ukara-ukara pandonga, asring wonten atur: “Mugi Gusti ngapunteni kalepatan kawula.” Bab punika nedahaken bilih manungsa saèstu titah ingkang ringkih, ingkang taksih asring tumindak lepat lan dosa.

Ing salebeting karingkihan, manungsa merlokaken wawas dhiri. Niti-priksa manah, pikiran, tumindak, lan

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

pêpénginan. Punapa sadanguning kita gesang taksih wonten rêrêgêd ing manah lan pikiran kita? Mbokmenawi ing panggegilut lan wawas dhiri taksih dumunung dosa utawi reregeding manah lan pikiran, ing pungkasaning warsa punika, kita kabêrêg supados purun ndandosi lan ngéwahi.

Wawas dhiri saged kalampahan nalika kita sawêg lumebet ing eninging manah. Ing swasana ening, kita saged manggihi dhiri piyambak lan marak ing ngarsanipun Gusti. Bab kados mekaten ingkang katindakaken déning Sang Prabu Suléman nalika saweg lenggah ing Gibéon, rikala panjenenganipun kepanggih kaliyan Gusti Allah. Sang Prabu Suléman nglenggana bilih panjenenganipun taksih timur lan kirang ing pengalaman. Panjenenganipun rumaos alit, mindher lan rumaos asor. Sang Prabu Suléman rumaos mangu-mangu lan boten kwagang mimpin bangsa ingkang ageng. Awit saking punika Sang Prabu Suléman nyuwun pangreksa, panuntun, lan kawicaksanan saking Gusti Allah. Panjenenganipun nyuwun kawicaksanan, supados saged mbèntenaken pundi ingkang saé lan awon, murih saged mutusaken saben prakawis kanthi adil. Lumantar cariyos punika kita saged ningali bilih Prabu Suléman miwiti wekdal kalenggahanipun minangka pangawaking bangsa kanthi kapitadosan lan pambangunturut dhumateng Gusti Allah. Kapitadosan lan pambangunturutipun Prabu Suléman punika dados Dipun remeniing Allah. Inggih awit iman-kapitadosanipun, Gusti Allah nandukaken berkah kasugihan, kamulyan, lan panjang yuswa tumrap Sang Prabu Suléman.

Para sêdhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Prabu Suleman miwiti kalenggahanipun minangka pangarsa kanthi ngrumaosi kawontenan dhirinipun ingkang taksih timur lan ringkih. Kanthi sadhar panjenenganipun nyenyuwun kawicaksanan saking Gusti. Panjenenganipun ngersakaken nggadhahi kasagedan mbèntênakên pundi ingkang saé lan ingkang awon. Mekaten ugi kita, nalika mungkasi warsa 2024 punika. Wekdal punika kita kabereg supados mawas dhiri, ngrumaosi kawontenan dhiri kita. Punapa sadanguning warsa punika kita gesang ing salebeting pambangun-turut dhumateng

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Gusti Allah utawi kosok wangsulipun? Punapa ing gesang kita taksih wonten ingkang perlu dipundandosi? Kadosdéné Prabu Suleman, sampun samesthinipun kita nyuwun hikmat lan kawicaksanan saking Gusti kanggé nyawisaken dhiri lumebet ing warsa ingkang anyar. Kita kapang dhumateng panuntun utawi pangreksanipun Gusti. Kita ngajeng-ajeng ugi supados ing wekdal salajengipun kakiyataken mbèntênakên pundi ingkang saé lan ingkang awon.

Lumantar Injil Yokanan ingkang kita waos, kita kabereg supados gesang ing pepadhangipun Sang Kristus. Gusti Yésus ngendika: “Aku iki pepadhang ing jagad”. Bab punika nyêthakakên sinten ta Gusti Yésus punika. Gusti Yésus rawuh paring kawilujengan tumrap sedaya manungsa. Kawilujengan boten namung kaparingaken tumrap pérangan lan kalenggahan mirunggan. Kawilujengan kaparingaken tumrap sedaya tiyang. Sok-sintena ingkang kepéngin kawilujengaken, mandeng lan tutwuria Gusti Yésus. Inggih Panjenenganipun Sang Pepadhang punika. Rawuhipun ngrengkuh, nresnani, mitulungi, mulihaken, lan milujengaken. Ing Gusti Yésus Sang Pepadhang, kita saged manggihaken Gusti Allah, amargi Gusti Yésus lan Sang Rama punika setunggal, kados ingkang cinêthakakên déning Gusti Yésus: “Sing sapa wus ndeleng Aku, iku wus ndeleng Sang Rama.”

Para sêdhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Gusti Yesus ngersakaken supados saben tiyang manggèn ing pepadhang. Rawuhipun ing jagad paring pepadhang. Salebeting pepadhang wonten kawilujengan tumrap manungsa lan kawilujenganing sumrambah kanggé sedaya manungsa. Katresnanipun Gusti Allah nglangkungi watês-watêsing suku, bangsa, ras, budaya, lan sanèsipun. Pepeteng punika lambang panguwaosing piawon. Kuwaosing piawon tansah ngupadi ngrungkêpi pepadhang. Gusti Yesus rawuh asarira pepadhang ingkang nedya nguwalaken jagad saking pepeteng.

Pratélan bilih Gusti Yesus minangka pepadhang ing jagad mratélakaken bilih namung Gusti Yesus, pepadhang ingkang nguwalaken tiyang-tiyang kadagingan (tiyang ingkang gesang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ing panguwaosing pepeteng) tumuju pepadhanging gesang lan nggadahi gesang ingkang padhang. Sipat pepadhanging Gusti Allah ingkang Mahamirsa lan suci punika mbikak sedaya ingkang kaling-kalingan. Pitakènan mirunggan ingkang perlu kasuraos ing pungkasaning warsa punika, inggih punika: Punapa purun kita mbangun-turut ing pepadhang punika?

Para Sêdhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Menawi kita ngakèni minangka pandhèrèkipun Sang Kristus, sampun samesthinipun patrap kita saiyêg kaliyan Sang Pepadhang. Pangandikanipun ngèmutakên kita: “Sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhanging urip.” Adhedhasar pangandikan kasebat, ing pungkasaning warsa punika, sumangga kita wawas dhiri kanggé nata lampah, mapag warsa anyar kanthi nyuwun kawicaksanan saking Gusti. Kita mitadosi ing Panjenenganipun kita tinuntun gesang ing kayektèn lan pepadhang katresnaning Sang Kristus. Imanuèl, Gusti mberkahi kita. Amin.

(SR – mgk)



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH**  
**Warsa Énggal 2025**  
*Rebo, 1 Januari 2025*

Waosan 1: Wilangan 6:22-27  
Tanggapan: Jabur Masmur 8  
Waosan 2: Galatia 4:4-7  
Injil: Lukas 2:15-21

**Berkahipun**  
**Gusti**  
**ing Salebeting**  
**Resolusi**  
❧❧❧

**KHOTBAH JANGKEP**

**Berkahipun Gusti ing Salebeting Resolusi**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti. Sugeng warsa anyar 2025 tumrap kita!

Wonten satunggaling tetembungan Yunani ingkang kinten-kinten nélakaken mekaten: *“Wiwitan ingkang saé, punika kadosdéné ngleksanani sepalih padamelan.”* Ateges, rikala kita miwiti sadhéngah prakawis kanthi prayogi, sejatosipun kita sampun saged mimpang saking manéka-warni ayahan ing dinten kasebat. Saben tiyang mesthi nggadahi pakulinan lan tata cara ingkang bèntèn anggènipun “miwiti dintenipun”. Mekaten ugi rikala miwiti dinten ing warsa ingkang anyar. Wonten ingkang miwiti warsa anyar kanthi pandonga lan pangibadah, wonten ingkang kanthi cara netepaken wekdal mirunggan sesarengan kaliyan brayat, wonten ingkang sami plesir. Ananging boten sekedhik ugi ingkang miwiti warsa anyar kanthi nganyaraken tékad ndandosi dhiri, ngéwahi sadhéngah tumindak lami tumuju tékading gesang ingkang langkung prayogi, lan cara sanèsipun.

Warsa anyar asring cinaketaken kaliyan tembung “*resolusi*”. Ing warsa anyar asring kaginakaken déning kathah tiyang kanggé ngrêrantam lan netepaken “*resolusi-resolusi*”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ingkang wekdal candhakipun. *Resolusi* warsa anyar manut *Kamus Cambridge* kategesaken janji ingkang kadamel tumrap dhiri pribadi nuju kawontenan ingkang langkung saé, lan nilar pakulinan tumindak ala kawiwitan saking dinten sepisanan ing warsa ingkang anyar. Gampilipun, “*resolusi*” inggih punika ngrerantam pêpénginan lan pangajeng-ajeng, saé ingkang sinerat utawi ingkang boten. Lajeng pitakènanipun, rikala para sedhèrèk lumebet ing warsa anyar punika punapa ugi ngrerantam utawi damel “*resolusi*”? Kinten-kinten bab punapa? Lan dumugi pundi “*resolusi*” punika sampun kaleksanan?  
(*PS paring wêwêngan pasamuwan kinèn paring wangsulun*)

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti.

Manut ancasipun “*resolusi*”, saben tiyang gadhah krêntêg murih saged ngéwahi pakulinan ala ing warsa kawuri, dados pakulinan ingkang langkung saé. Wonten ingkang nggadhahi “*resolusi*” nyuda bobot, boten ngrokok malih, sregep olahraga, sregep sinau utawi nyambut damel, lan sanès-sanèsipun. Malah wonten ugi ingkang ngrerantam “*resolusi*” ing babagan karohanèn, upaminipun: sregep ndedonga, maos Kitab Suci, sregep ngibadah, sregep ndhèrèk ing paladosaning pasamuwan lan taksih kathah malih. Kadospundi kasunyatanipun? Manut asiling *survei*, “*resolusi*” ingkang sampun karantam asring gagal. Malah manut *data statistik* saking Universitas Scranton, namung 8% saking tiyang-tiyang ingkang sami damel “*resolusi*” ing warsa anyar, ingkang ngèstokakèn rerantamanipun kanthi tumêmên. Ing Minggu sepisanan warsa anyar, sampun wonten 25% ingkang mbedhal, lan nem wulan salajengipun, sampun langkung saking 50% ingkang gagal candhakipun.

Wonten kathah tiyang ingkang ngrumaosi kagagalan kasebat lajeng nglepataken dhiri pribadi, wonten ingkang nganggep bilih piyambakipun boten tumemen lan namung nggrantês ngraosaken bab punika. Malah wonten ingkang dados nglokro lan ajrih damel “*resolusi*” candhakipun. Gusti Allah boten ngersakaken kita nglampahi bab kados mekaten, ananging Gusti Allah ngersakaken kita nggadhahi patraping gesang ingkang mantep lan kebak ing pangangen-angen, bilih wonten

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

berkahipun Gusti. Kanthi mekaten, ing salebeting “resolusi” wonten berkahipun Gusti.

Kadospundi berkah punika saged kagegilut? Ing purwakaning warsa 2025, kita maos Kitab Wilangan 6: 22-27. Waosan punika minangka pangandikan berkah ingkang kapangandikakaken déning Gusti Allah tumrap Musa supados kalajengaken katur Harun lan tedhak-turunipun. Gusti Allah paring dhawuh Harun kinèn nglisanaken pangandika berkah punika saben ngladosaken berkah kanggé pasamuwan Israèl. Berkah punika boten saking Harun lan putra-putranipun, ananging saking Gusti Allah piyambak. Gusti Allah ingkang kagungan kersa mberkahi pasamuwanipun murih pasamuwan saged lestantun gesang lan nglajengaken lampah tumuju tanah prasetyan. Pamungkasing berkah inggih punika “maringi tentrem rahayu” utawi *syallom*. *Syallom* boten namung tetembungan kaprah utawi adhapur salam wiwitaning pirembagan. *Syallom* nggadhahi teges bab jejangkep, bédhamèn, kacekapan, kamantepan, lan sedaya ingkang saé. Berkah punika, menawi kajajaraken kaliyan Jabur 8, saged mangsulaken jejerling manungsa ing tatanan sakawit, inggih manungsa ingkang kebak ing kamulyan lan mèh sami kaliyan Gusti Allah.

Waosan Injil dinten punika ngandharaken bilih berkahipun Gusti Allah ugi kajengkepan lumantar miyosipun Sang Kristus ing Bètléhèm. Lelampahan punika sineksénan lan dipun gesangi déning para pangèn, kados ingkang sinerat ing Injil Lukas 2: 15-22. Wontening berkah ndadosaken wontening éwah-éwahan gesanging para pangèn. Éwah-éwahan punika kaleksanan ing salebeting icaling raos ajrih dados kabingahan. Sedaya kadadosan awit wontening berkah kawilujengan ingkang sampun kasumerepan lan karaosaken déning para pangèn kasebat. Salajengipun, Injil ngandharaken bilih pawartos bab wiyosanipun Sang Kristus punika boten namung dipun raosaken déning para pangèn, ananging ugi minangka berkah tumrap jagad. Nalika Gusti Yésus Kristus rawuh, tiyang-tiyang pitados boten kaanggep batur malih, ananging minangka putra-putraning Allah, dados ahli waris déning Gusti Allah (Galatia 4: 4-7).

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti.

Lumebet ing warsa anyar 2025 punika, wonten lelampahan-lelampahan mirunggan ingkang nyagedaken nganyaraken tékad lan “resolusi”. *Resolusi* punika saged kelampahan kakanthi berkahipun Gusti ingkang sampun cumawis. Sumangga tansah mitadosi bilih Gusti tansah mberkahi, nunggil, mitulungi, ngreksa, lan ngrimati. Ing sadhéngah kanyataning gesang, Gusti tansah nyarengi. Panganthinipun Gusti Allah punika kadosdéne cakepan ing lelagon “Tuhan Selalu Menolongku” punika.

(<https://www.youtube.com/watch?v=qaf0EoPXOEQ>) –

*(PS saged nuntun pasamuwan ngidungaken sesarengan, sinaosa ngginakaken lelagon ing Bahasa Indonesia)*

*“Musim akan selalu berganti, kasih Tuhan tetap abadi,  
Tak akan berubah sampai selamanya, ku tetap percaya,  
Ku yakin Tuhan memberkati, ku yakin Tuhan melindungi,  
Burung di udara Tuhan pelihara, karena kasih-Nya.*

*Tuhan selalu menolongku, selalu menjagaku,  
Sehelai di rambutku takkan terjatuh, tanpa seizin-Mu,  
Tuhan selalu menolongku, selalu menjagaku,  
Dia mengenyangkanku dan peliharaku, seumur hidupku.”*

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti.

Sumangga kita lumebet lan nglampahi warsa anyar 2025 kanthi nglampahaken “resolusi positif”, boten namung resolusi mligi bab pikajeng lan kepentingan pribadi. Ananging resolusi lan gesang ingkang ndadosaken berkah tumrap sesami. Sampun ajrih! Sami pitadosa bilih Gusti Allah Sang Sumber tentrem rahayu badhé nyawisaken berkah-berkahipun. Sugeng warsa anyar! Wonten berkahipun Gusti salebeting resolusi.  
Amin.

(Scyn-mgk)



## **KHOTBAH**

### **Minggu II Sasampunipun Natal**

*Minggu, 5 Januari 2025*

Waosan 1: Yérémia 31:7-14  
Tanggapan: Jabur Masmur 147:12-20  
Waosan 2: Éfesus 1:3-14  
Injil: Yohanes 1:10-18

## **Pakaryaning Katresnanipun**

**Allah**



## **KHOTBAH JANGKEP**

### **“Pakaryaning Katresnanipun Allah”**

Kula sampun naté manggèn piyambakan ing satunggaling griya ingkang celak kaliyan pasabinan satemah asring manggihi sawer mlebet griya. Sawijining dinten, kula sumerep sawer mlebet griya, lan amargi kula ajrih, kula kaliyan satunggalaning kanca ingkang nyipeng tumunten medal saking griya. Dumugi njawi pinanggih satunggaling bapak ingkang pitakèn: “Wonten punapa?” kula kekalih mangsuli wonten sawer mlebet griya. Bapak wau lajeng pratéla: “Oh nggih sampun, ngatos-atos nggih.” Kaliyan nilaraken kula kekalih. Kula kekalih pandeng-pandengan lan tumunten nyambeti kanca ingkang kulina mbiyantu menawi wonten sawer mlebet.

Namung pitembungan “ngatos-atos” tanpa wonten tumindak punika pancèn bab ingkang mbok menawi kalampahan nalika piyambakipun inggih ajrih dhateng sawer. Nanging ngèndelaken tanpa tumindak nyata ing kahanan tintrim pranyata dados pengalaman ingkang mboten ngremenaken.

Waosan pangandikanipun Gusti dinten punika nedahaken kadospundi Gusti Allah ingkang mboten namung paring pangandikan kémawon, nanging Gusti Allah nindakaken pakaryan ingkang nyata lan makarya ing gesangipun manungsa. Salebeting kasangsaran karena kabucal wonten ing Babil, Gusti Allah prasetya badhé nindakaken pakaryaning katresnan lan kabingahan tumrapping umat. Gusti Allah pranyata mboten nilar lan ngèndelaken umat salebeting kahanan ingkang angèl lan kebak kasangsaran. Kabingahan awit pakaryaning katresnanipun Allah punika ketingal wonten ing Jabur ingkang nyebataken manéka pakaryanipun Gusti.

Wonten ing waosan Injil lan serat Éfesus, kita sumerep katresnanipun Allah kanthi tumindak nyata lan mboten mèndel tumrap gesangipun manungsa ingkang gesang ing salebeting dosa. Gusti Allah karenan paring kanugrahan lumantar panebus wonten ing Gusti Yésus lan ndadosaken umat ingkang nampèni Panjenenganipun sinebat para putraning Allah. Kanggé nindakaken sadaya wau, Gusti Allah rawuh wonten ing Gusti Yésus lan makuwon ing antawis kita. Sang Sabda nunggil kaliyan Allah lan inggih Allah punika ingkang karsa ngrawuhi kita lan manjalma manungsa. Gusti Allah ingkang langgeng manjalma manungsa tujuwanipun nindakaken pakaryaning katresnanipun Allah, milujengaken jagad. salebeting Gusti Allah nindakaken pakaryanipun, Panjenenganipun inggih ngalami dipun tampik déning para tiyang ingkang mboten wanuh dhumateng Panjenenganipun. Sanadyan dipun tampik, Gusti Allah tetep mbabaraken katresnanipun tumrap jagad. Para tiyang ingkang sami nampèni Panjenenganipun kaparingan panguwaos minangka para putraning Allah. Panguwaos minangka para putraning Allah punika saking tembung *exousia* ingkang tegesipun daya, kakiyatan. Nalika para putraning Allah kaparingan

panguwaos, para tiyang wau lumebet ing pakaryaning katresnanipun Allah. Para putranipun Allah katimbangan ndhèrèk nindakaken pakaryan nyata nindakaken katresnanipun Allah.

Lumantar pangraosing pangandikanipun Gusti dinten punika, kita manggihaken kalih prakawis ingkang wigati. Sepisan, kita ngaturaken panuwun awit pakaryaning katresnanipun Allah wonten ing gesang kita. Gusti Allah kita sanès Allah ingkang mèndel tumrap sadaya tetarunganing gesang ingkang kita adhepi. Panjenenganipun ingkang mboten mèndel punika nindakaken pakaryaning katresnanipun sarana tumindak nyata. Gusti Yésus ingkang rawuh wonten ing jagad nedahaken anggènipun nindakaken katresnanipun dhateng kita. Malah Panjenenganipun karsa makuwon ing antawis kita, nyarengi tuwin tumut ngraosaken gesang minangka manungsa. Pramila, pitadosa bilih wonten ing manéka kahananing gesang kita, sayekti gesang kita tansah lumampah sesarengan kaliyan Gusti Allah ingkang nindakaken katresnan. Panjenenganipun mboten naté mèndel tumrap punapa ingkang kalampahan. Panjenenganipun punika Allah ingkang tansah makarya lan pakaryanipun temtu ndhatengaken kasaénan karena katindakaken adhedhasar katresnanipun dhateng kita. Pramila, mecaki dinten-dinten ing taun anyar punika kanthi kapitadosan bilih kita mlampah sesarengan kaliyan Gusti Allah ingkang tansah nindakaken pakaryaning katresnanipun wonten ing gesang kita.

Kaping kalih, kita gesang ing tengahing jagad ingkang nengenaken kapentinganing dhiri lan asring mboten migatosaken dhateng sesami. Minangka para putraning Allah ingkang sampun nampi lan pitados dhumateng Gusti Yésus, Sang Sabda ingkang manjalma punika, para putraning Allah kaparingan panguwaos kanggé tumut nindakaken pakaryaning katresnanipun Gusti tumrap jagad.

Kita katimbangan tumut nindakaken tumindak nyata tumrap sadaya ingkang kalampahan ing sakiwa-tengen kita.

Tanggal 4 Januari dipun pèngeti minangka *World Braille Day* utawi Dinten Braille Sejagad. Wekdal ingkang makaten punika darbé tujuwan kanggé mèngeti wigatining Braille minangka cara sesambetan salebeting mujudaken hak-hak asasi manungsa tumrap tiyang ingkang nandhang tuna nétra. Tanggal pèngetan punika dipun pilih déning Majelis Umum Perserikatan Bangsa-bangsa (PBB) nalika Nopèmber 2018, minangka tengeran dinten pèngetan tanggap warsa tumrap ingkang nyipta tatacara panyerat punika inggih punika Louis Braille.

Nyuplik saking pawartos ing American Foundation for The Blind, Braille punika dados simbol alfabet lan angka arupi titik timbul ingkang saged kawaos sarana driji déning penyandhang tuna nétra utawi *gangguan penglihatan*. Braille sanès satunggaling basa, nanging susunan kodhe ingkang saged dipun serat punapadéné dipun waos ing manéka basa, kados ta basa Inggris, Spanyol, Arab, China, lan sapiturutipun.

Aksara Braille dipun serat ngginakaken piranti khusus ingkang naminipun *riglet*. Riglet dumadi saking piranti kados jarum kandel kanggé nyubles kertas lan nyerat kodhe Braille, tuwin papan ingkang wonten bolonganipun kanggé nyerat aksara, angka tuwin tandha kanggé maos wonten ing aksara Braille.

Kejawi kanggé ngaosi dinten lairipun Braille, Dinten Braille Sejagad inggih gadhah tujuwan ngindhakaken seserepanipun tiyang-tiyang menggah wigatinipun Braille minangka sarana sesambetan, tuwin saged ngraosaken bilih para penyandhang tuna nétra lan *gangguan penglihatan* nggadhahi hak asasi ingkang sami kaliyan sesaminipun ingkang normal. (Nyuplik saking:

<https://health.detik.com/berita-detikhealth/d-7121456/4->

[januari-memperingati-hari-braille-sedunia-ini-asal-usulnya](#))

Kita ngaturaken panuwun, déné para panyandhang tuna nétra pikantuk paladosan nyata tumrap hakipun ingkang sami kaliyan tiyang ingkang normal, ing babagan sesambetan. Mugi-mugi wonten ing patunggilan kita, kita sangsaya anggatosaken tuwin mbabaraken tumindak nyata minangka para putraning Allah. Tumindak nyata tumrap ingkang nandhang sungkawa, tatu utawi panyandhang cacad sanèsipun. Temahan lumantar tumindak nyata, pakaryaning katresnanipun Allah karaosaken déning sesami kita. Amin.

[SH-tk]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**KHOTBAH**  
**Minggu Baptisanipun Gusti Yésus**  
*Minggu, 12 Januari 2025*

---

Waosan 1: Yésaya 43:1-7  
Tanggapan: Jabur Masmur 29  
Waosan 2: Lelakoné Para Rasul 8:14-17  
Injil: Lukas 3:15-17, 21-22

**Baptisanipun**  
**Gusti Yésus**  
**Minangka**  
**Bélaraosipun**  
**Allah**  
☩

**KHOTBAH JANGKEP**

**BAPTISANIPUN GUSTI YÉSUS**  
**MINANGKA BÉLA RAOSIPUN ALLAH**

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Satunggaling sastrawan Perancis naminipun Victor Hugo nyerat bab kasangsaran-kasangsaran (*les misérables*). Miturut piyambakipun, ingkang nama kasangsaran punika prakawis kamanungsan. Manungsa yektinipun remen nggresula. Panggresula-panggresula wau dados tandha bilih ing salebeting manungsa, raos nandhang sangsara minangka pérangan saking gesangipun. Wonten tiyang naminipun Anggoro Budi Nugroho nyebataken bilih raos sangsara minangka raos ing bab gesang ingkang angèl. Wonten sawatawis sabab ingkang ndadosaken gesang punika dados angèl lan awrat.

Manungsa ingkang ngraosaken bilih gesangipun angèl lan awrat mbetahaken pitulungan. Ing wekdal nalika Yokanan Pambaptis makarya ing tengahing bangsa Israèl, masyarakat nembé ngraosaken awrating panandhang. Minangka satunggaling bangsa, bangsa punika ngraosaken pameteg. Bangsa Rum kala samanten njajah negari Israèl. Minangka bangsa jajahan, kawontenanipun mboten mardika.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Samudayanipun kedah nungkul dhateng panguwaos penjajah. Cetha punika damel gesang dados angèl. Kahanan ingkang makaten punika mbetahaken rawuhipun Sang Mesih. Rawuhipun sang Mesih (Mésias) dipun ajeng-ajeng sageda mitulungi bangsa punika lan ngentasaken saking tetangsulaning kasangsaran.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Tiyang-tiyang Israèl kasengsem awit rawuhipun Yokanan Pambaptis. Para tiyang punika sami nginten bilih Yokanan punika satunggaling sang mesih. Yokanan saged ngraosaken kahananing manahipun tiyang-tiyang Israèl wau. Yokanan paring wangsulan bilih rawuhipun mboten badhé dados sang mesih. Yokanan rawuh saprelu nyawisaken margi kagem Sang Mesih. Tumrap panampi ingkang klèntu punika, Yokanan paring wangsulan: “Aku iki mbaptisi kowé nganggo banyu, nanging Panjenengané kang panguwasané ngungkuli aku, iku bakal rawuh lan sanadyan mung nguculi agemé trumph baé, aku ora patut. Iku bakal mbaptisi kowé kalawan Roh Suci lan geni” (Lukas 3:16)

Yokanan Pambaptis badhé ngandharaken bilih piyambakipun ndhatengaken tandha pamratobat. Tiyang-tiyang ingkang badhé kapabtis ing lèpèn Yordan kedah gesang salebeting pamratobat. Sasampunipun Yokanan, badhé rawuh Panjenenganipun, inggih punika Gusti Yésus ingkang langkung kawasa. Gusti Yésus badhé mbaptis kanthi Roh Suci lan latu. Tumraping prakawis punika, wonten satunggaling penafsir naminipun Marthin Harun suka katrangan makaten: wonten ing Prajanjian Lami, baptisan salebeting roh lan latu dipun mangretosi minangka pangresikan ingkang ngéramaken (pangresikan ingkang jajar kaliyan tampah kagem ngresiki panuton-ayat 17). Saking panyawanging Injil Lukas, baptisan kanthi Roh Suci lan latu magepokan kaliyan Pentékosta. Awit saking punika, menawi kita maos Injil Lukas sawetahipun, ing pérangan pungkasan Injil Lukas lan pérangan wiwitan Lelakoné Para Rasul kaandharaken lelampahaning Roh Suci ingkang katedhakaken. Nalika Gusti Yésus sumengka dhateng swarga, Roh Suci katedhakaken lan ketingal ilat-ilatan

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

latu tumedhak andhawahi pasamuwan ingkang wiwitan. Pentékosta punika sanès satunggaling lelampahan pangadilan ananging wiwitaning pawartosing salib, lan wungunipun Gusti Yésus, sarta pangapuntening dosa. Katranganipun Marthin Harun punika nandhesaken bilih baptisan Roh Suci lan latu minangka sih-rahmat tumrap ingkang purun gesang ing salebeting pamratobat. Wujuding gesang ingkang mratobat inggih punika gesang kanthi tumindak ingkang luhur, kados ta: adil, loma, mboten nerak hak-hakipun sesami. Pambudidayanipun Yokanan mbélani kayektèn lan kaadilan lumantar baptisan sanès prakawis ingkang gampil. Wonten ing ayat 19-20 dipun sumerepaken bilih piyambakipun kinunjara amargi ngèngetaken Herodhès jalaran mendhet Herodias, semahipun Filipus. Tumindakipun Herodhès cetha nerak paugeran. Nanging kanthi panguwaosipun, piyambakipun saged nindakaken punapa kémawon.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Cariyos pambaptisanipun Gusti Yésus (Lukas 3:21-22) kapapanaken sasampunipun cariyos Yokanan ingkang dipun kunjara. Cariyos punika kapapanaken ing ngriki kanggé nerangaken dhateng para maos ing bab béla raosipun Gusti Yésus. Panjenenganipun punika Ingkang Mahakawasa sayektinipun. Panguwaosipun sanès panguwaosing kadonyan. Panguwaosing kadonyan gampil ketaman déning sikep kejem. Ing ngriki Lukas kados badhé nandhingaken panguwaosipun Herodhès lan panguwaosipun Gusti Yésus. Herodhès ngginakaken panguwaosipun kanggé ngudi kauntunganing pribadi lan brayatipun. Punapa ingkang katindakaken (kalebet nerak paugeran lan HAM) kanggé nguja karemenanipun piyambak. Gusti Yésus mboten makaten. Minangka Mésias, Panjenenganipun ngasoraken sariranipun. Lukas 3:21-22 nyebataken: Kacarita, nalika wong akèh (tembung sanès: sadaya bangsa) iku wis padha kabaptis lan Gusti Yésus uga dibaptis sarta lagi ndedonga, langit tumuli piyak, banjur katedhakan ing Roh Suci apindha manuk dara. Nuli ana swara kang kaprunge saka

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ing langit mangkéné: “Sira iku PutraningSun kang Sunkasihi, kang dadi keparenging panggalihingSun.”

Kalih ayat ing Lukas 3:21-22 mengku sakathahing makna. *Sepisan*, baptisanipun Gusti Yésus minangka pucuking paladosanipun Yokanan. Baptisanipun Gusti Yésus mengku makna minangka caranipun Yokanan Pambaptis nedahaken dhateng tiyang kathah ing bab rawuhipun Mésias ingkang ngasta pangajeng-ajeng anyar. *Kaping kalih*, pandonganipun Gusti Yésus dados wekdalipun Roh Suci apindha peksi dara tumedhak ing nginggilipun. Jebadan lumantar Roh Suci punika ingkang mangkénipun adamel Panjenenganipun mbaptis kanthi Roh Suci. *Kaping tiga*, kapireng swanten saking langit nandhesaken: “Sira iku PutraningSun kang Sunkasihi, kang dadi keparenging panggalihingSun” minangka bab ingkang nandhesaken Gusti Yésus punika Putraning Allah. Putraning Allah punika Mesias. Wonten ing pakaryanipun, Putraning Allah ingkang kinasih mbabar béla raos tumrap jagad ingkang mbetahaken kawilujengan saking Allah.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Ing dinten punika gréja-gréja mahargya Minggu Baptisanipun Gusti Yésus. Baptisanipun wujud béla raosipun Allah wonten ing Sang Kristus Yésus. Karsanipun ngasoraken sarira, nampèni baptisan mboten karana Panjenenganipun punika tiyang dosa. Panjenenganipun nampèni baptisan amargi béla raosipun dhateng manungsa ingkang dosa. Awit saking punika, baptisanipun Gusti Yésus dados pancadan ngèngetaken ing bab baptisan kita sadaya. Sumangga kita ngèngeti, nalika kita kabaptis. Contonipun: Permadi Cahya Hermawan panjenengan kula baptis wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci, Amin (*pelados khotbah saged nyebataken nami sanèsipun*). Nyebat asma minangka satunggaling pakurmatan. Saking Yesaya 43:1-7 kita nyumerepi bilih Gusti Allah karenan nyebat nami kita lan nglebetaken wonten ing Panggalhipun karana Panjenenganipun nresnani umatipun. Sarana makaten, saben tiyang ingkang dipun tresnani mboten prelu ajrih, jalaran gesangipun kinanthènan ing Allah.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Baptisanipun Gusti Yésus minangka béla raos ingkang kedah kababar ing gesang padintenan. Baptisan ingkang sampun kita tampèni minangka sih-rahmat lan timbalan kanggé gesang wonten ing pamratobat ingkang mboten wonten pedhotipun. Kababaring gesang ing pamratobat inggih punika kanthi tumindak luhur, kados ta: adil, loma, mboten nerak hak-hakipun sesamining agesang. Kanthi makaten, ngraosaken baptisanipun Gusti Yésus ateges ndhèrèk Panjenenganipun ingkang ngeneraken manungsa supados gesang kanthi béla raos ing tengahing jagad ingkang mbetahaken kawilujenganipun Allah. Amin.

[WSN-tk]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

## **“BAHAN LITURGI”**

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan sapanggénan.**



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI**

**Minggu Advèn I**

*Minggu, 1 Desember 2024*

**Katrangan**

PL: Pelados Liturgi  
PS: Pamedhar Sabda  
P/D: Pinisepuh/Dhiaken  
U: Umat  
L: Lèktor

**Reksanen Atimu  
Murih Santosa**



**Pacawisan**

- Arak-arakaning para pelados pangibadah kajumbuhaken kaliyan pakulinanipun pasamuwan sapanggénan.
- Menawi wonten kidung ingkang karaosaken énggal, saged dipun wonteni gladhèn sadèrèngipun pangibadah kawiwitan.
- Umat kasuwun cecawis minangka pribadi.

**TIMBALAN IBADAH**

*(umat lenggah)*

PL: Minggu punika kita lumebet Minggu Advèn kapisan. Mangsa Advèn punika mangsa ing pundi kita, minangka umatipun Gusti ngraosaken makna pangantu-antu kita menggahing rawuhipun Gusti ing pagesangan kita. Awit saking punika, ing mangsa pangantu-antu punika, sumangga kita sesarengan lestantun nyawisaken dhiri kita saha saya tumemen anggènipun ngibadah dhumateng Gusti.

**KIDUNG PAMUJINIPUN UMAT**

*(umat jumeneng)*

U: *(ngrepèkaken KPJ 231:1, 2 “Kadospundi Dhuh Gusti”)*

**KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI**

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

methukken klayan puji mring Ratuning jagad  
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci  
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga  
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,  
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,  
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

**VOTUM** (umat jumeneng)

PS: Pangibadah Minggu Advèn Kapisan punika lumampah ing  
asmanipun Allah Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

U: (ngrepèkaken **KPJ 464b** “Amin”)  
**Amin, Amin, Amin!**

**SALAM** (umat jumeneng)

PS: Bedhaminipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan.

U: **nunggila ing panjenengan ugi.**

**ATUR BEBUKA** (umat lenggah)

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Pangibadah Minggu Advèn Kapisan punika miji jejer  
“Reksanen Atimu supaya Kuwat”. Jejer punika badhé  
dados marginipun nyuraos kanggé kita ing salebetipun  
ngraos-raosaken patrapipun Gusti Allah netepi  
Prasetyanipun. Panjenenganipun aprajanji badhé rawuh  
malih. Supados kekah santosa ngadhèp ing ngarsanipun  
Gusti, kita mbetahaken sih kawelasanipun Gusti Allah.

Minggu Advèn Kapisan tahun 2024 punika cecaketan  
kaliyan *Hari AIDS sedunia* ingkang dipun pèngeti tanggal  
1 Desember; *Hari pencegahan polusi sedunia* ingkang  
dipun-pèngeti ing tanggal 2 Desember; *Hari Penyandang  
Disabilitas* ingkang dipun-pèngeti tanggal 3 Desember.  
Amargi Minggu Advèn cecaketan kaliyan pèngetan dinten-  
dinten kasebat, prayogi menawi ing Minggu Advèn kapisan  
punika ugi katindakaken kanthi kapredulèn dhumateng

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

sesami tuwin titahipun Gusti Allah sanèsipun. Mangsa pangantu-antu punika mangsa ing pundi kita tinimbangan déning Gusti Allah kanggé tumut makarya sesarengan kaliyan Gusti salebetipun mujudaken gesang ingkang salaras kaliyan karsanipun Gusti.

Sumangga kita ngantu-antu rawuhipun Gusti kanthi gesang ingkang ngener dhumateng Gusti, supados manah kita mboten katileman saha lestantun kiyat.

**KIDUNG PAMUJINIPUN UMAT** (umat lenggah)

U: (ngrepèkaken **KPJ 242:1, 2** “Rawuha Sang Imanuèl”)

**KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL**

Do=G 2/4 MM 72

1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl,  
dènnya nandhang kasangsaran; ngantu-antu  
pitulungan.

Reff.: Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.

2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.  
Umat kang nandhang sangsara luwara saking cintraka.

Reff.: Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.

**PANGAKENING DOSA** (umat lenggah)

PL: Dhuh Gusti ingkang kebak ing sih-piwelas,  
Paduka nélakaken prasetyan Paduka bilih Paduka badhé  
rawuh malih. Ing salebeting ngantu-antu kaleksananing  
prasetyan Paduka, kawula tinimbangan supados jumaga,  
nedonga, tuwin setya ndhèrèk Paduka. Gusti, apuntenana  
kawula, kawula asring ngrèmèhaken dhumateng prasetyan  
Paduka, kawula sembrana nedonga, kawula asring  
kécalan katemenan saha kasetyan dhumateng Paduka.

U: **Gusti, apuntenana kawula!**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

PL: Ing Minggu Advèn Kapisan punika kawula kaémutaken wigatosipun gadhah émpati (ndarbèni raos-pangraos ingkang sami kaliyan pangraosipun tiyang sanès), preduli tuwin nresnani sesami kawula ingkang nandhang HIV-AIDS, tiyang ingkang nandhang kawontenan winates (*disabilitas*) saha kawula ugi tinimbangan kanggé preduli dhateng jagad raya titah Paduka. Gusti, apuntenana kawula awit saking anggèn kawula mboten preduli dhateng sesami saha dhateng titahipun Allah ingkang risak amargi saking dosanipun manungsa.

U: **Gusti, apuntenana kawula!**

PL: Kawula ngakeni, wonten kathah prakawis ingkang dèrèng saget kawula lampahi jumbuh kaliyan karsa Paduka. Mila, wekdal punika kawula sowan kanggé ngakeni dosa kawula minangka pribadi wonten ing ngarsa Paduka.

*(umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga pribadi)*

PL: Punika pangaken kawula ing ngarsa Paduka. Kawula sampun damel dosa dhumateng Paduka. Apuntenana saha piyarsakna pandonga kawula. Amin.

**KIDUNG PANGAKENING DOSA** *(umat lenggah)*

U: *(ngrepèkaken KPJ 242:3, 4 “Rawuha Sang Imanuèl”)*

KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4 MM 72

- 3) Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira.  
singkirna peteng nglimputi sarta wayanganing pati.  
Reff.: Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.
- 4) Tedhaké Daud, rawuha mbikak gapuraning swarga;  
tinutup lawanging satru, mring umat tentrem-rahayu.  
Reff.: Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(umat jumeneng)*  
PS: “Nanging Gusti iku setya-tuhu. Panjenengané bakal nyantosakaké atimu lan ngayomi kowé kabèh saka piala.”  
(2 Tésalonika 3:3)  
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

**SALAM BEDHAMÈN** *(umat jumeneng)*  
PS: Kadosdéné Gusti sampun ngrukunaken kita kaliyan Panjenenganipun, sumangga kita sami bedhami satunggal kaliyan satunggalipun.

*(Umat sami salaman kaliyan tiyang ingkang pinarak ing sakiwatengenipun akanthi ngucap “salam bedhamèn”)*

**KIDUNG PAMUJINIPUN UMAT** *(umat jumeneng)*  
U: *(ngrepèkaken **KPJ 197:1** “Kula Sampun Siyaga”)*

**KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA**

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti;  
sumadya nampèni sabdamulya.  
Kula sujud manembah Gusti,  
marak ngabyantara sapunika.  
Mugi Gusti maringi berkah  
dhumateng kawula ing samangkya.  
Kawula cumawis ing manah  
samekta ing gati.  
Sabda Paduka datan éwah gingsir  
saking mula buka;  
ugi sapunika wah salaminya.  
Sabda Paduka wonten gesang kula.  
Manah kula sampun siyaga  
nampi sabda mulya.

**PALADOSAN SABDA** *(umat lenggah)*  
▪ PS: *(ngonjukaken pandonga épiklése)*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

▪ Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

L: Waosan Kapisan saking **Yérémia 33:14-16** (*maos Yérémia 33:14-16*). Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan:

L: Sumangga kita nanggapi waosan kapisan kalawau srana **Jabur Masmur 25:1-10** (*maos Jabur Masmur 25:1-10, saged kawaos sesautan*).

Waosan Kaping Kalih

P/D: Waosan Kaping Kalih ing dinten Minggu punika kawaos saking **1 Tésalonika 3:9-13** (*maos 1 Tésalonika 3:9-13*). Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil ing dinten Minggu punika kawaos saking **Lukas 21:25-36** (*maos Lukas 21:25-36*). Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus.

Rahayu saben tiyang ingkang pitados miwah gesang ing kaleresaning sabdanipun Gusti. Maranata!

U: (*ngidungaken “Maranata” manut ungeling KPJ 468*)  
**Maranata, Maranata, Maranata.**

▪ Kotbah

▪ Wekdal Ening

**PANGAKEN PITADOS RASULI** (*umat jumeneng*)

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken sesarengan Pangaken Pitados Rasuli makaten .....

**PANDONGA SYAFAAT**

(*umat lenggah*)

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- PS: (*ngonjukaken pandonga syafaat, kapungkasan ngrepèkaken **KPJ 152** “Rama Kawula Kang Wonten Swarga” sesarengan*)
- U: (*ngrepèkaken **KPJ 152** “Rama Kawula Kang Wonten Swarga”*).

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING  
SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,  
ingkang Asma kasucèkna.  
Kraton Paduka rawuh,  
karsa Paduka klampah  
ing bumi kadya anèng swarga.  
Ing dinten sapunika  
sinunga cekap rejeki;  
kula kaapuntenna,  
kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;  
sampun nandukken kula dhateng panggodha,  
kalepasna kula saking piawon,  
jer Gusti kang kagungan lan wisésa  
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.  
Amin, amin.

**PISUNGSUNG**

(*umat lenggah*)

P/D: Sumangga kita nyaosaken pisungsung dhumateng Gusti kanthi atetales sabdanipun Gusti makaten:

“Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.” (1 Babad 16:29)

U: (*ngrepèkaken **KPJ 165:1-3** “Konjuk M’ring Kang MahaAgung”*)

KPJ 165 KONJUK M’RING KANG MAHAAGUNG

Do=C 3/4

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- 1) Konjuk mring Kang Maha agung, kula soas pisungsung;  
cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah;  
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa  
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,  
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,  
dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti,  
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah
- 3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,  
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmat-Nya.  
Mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan,  
dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

**PANDONGA PISUNGSUNG** *(umat jumeneng)*  
P/D: *(ngaturi umat jumeneng, kalajengaken ngonjukaken  
pandongga caos pisungsung)*

**KIDUNG PANGUTUSAN** *(umat jumeneng)*  
U: *(ngrepèkaken KPJ 446:1, 3 “Nalika Ngambah Margi  
Kang Sepi”)*

KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI  
Do=E 3/4

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi,  
giris uwas manah kula.  
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,  
mugi tansah angamping ampingi.  
Reff.: Mlampah pyambak datan kedugi,  
Gusti mugè anganthi.  
Mrih gesang maédahi sesami  
wah mulyakaken asmané Gusti
- 3) Lamun thathit-kilat sesamberan,  
peteng-ndhedhet lelimengan.  
Manah kula kekes tan kantenan,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

nanging Gusti paring pitulungan.  
Reff.: Mlampah pyambak datan kedugi,  
Gusti mugè ananthi.  
Mrih gesang maédahi sesami  
wah mulyakaken asmané Gusti

**PANGUTUSAN** (umat jumeneng)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti.  
U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti!**  
PF: Dadosa seksinipun Sang Kristus.  
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**  
PF: Pinujia Gusti Allah!  
U: **Samangké dumugi salami-laminipun!**

**BERKAH** (umat jumeneng)

PS: Tampènana berkahipun Gusti:  
“Gusti Allah etuking tentrem-rahayu, Sang Pangèn Agung  
Yésus, Gusti kita muga mirantènana kowé kalawan  
samubarang kabèh kang becik kanggo nindakaké karsané,  
sarta nindakaké ana ing urip kita apa kang ndadèkaké  
keparengé, lantaran Yésus Kristus. Panjenengané iku kang  
sayogya kamulyakaké nganti salawas-lawasé! Amin.”  
U: (ngrepèkaken **Maranata**, **Amin** manut ungeling *KPJ*  
472)  
**Maranata** (5x), **Amin** (3x)

[WSN-den]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI**

**Minggu Advèn II**

*Minggu, 8 Desember 2024*

**Katerangan**

PS: Pamedhar Sabda

M: Majelis (Pnt./Dkn.)

UK: Umat Kakung

UW: Umat Wanita

L: Lèktor

**Gusti  
Sampun  
Celak**



**PACAWISAN (kajumbuhna kaliyan padatanipun)**

- Organis/tim musik nglantaraken pepujèn instrumental
- Pasamuwan sami nyawisaken manah sarana ening sawatawis.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(Jumeneng)*

M1: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita sami mirengaken suwantenipun tiyang ingkang nguwuh sora ing ara-ara samun: “Cawisna margi ambah-ambahané Pangéran! Sumangga kita sami jumeneng lan cecawis, awit Gusti énggal badhé rawuh nuwèni umat Kagunganipun. Panjenenganipun punika Sang Timur ingkang rawuh saking ngaluhur.

U: *(Mujèkaken Kidung Pasamuwan Jawi 236:1-3  
“LINUHURNA GUSTI PAMARTA”)*

**KPJ 236 LINUHURENA GUSTI PAMARTA**

1. Linuhurna Gusti Pamarta, karsa rawuh ing donya (2X)  
Jagad bilai, Kristus ngrawuhi, daweg kanca dèn pepuja  
Rawuhé Gusti, datan ngadili, malah nulungi tyang dosa

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- Linuhurna, Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa (2 X)  
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi karsa nucèkken tyang dosa  
drapon muktia, saha mulyakna asmané Hyang Mawilasa

**VOTUM** (Jumeneng)

PS: Sumangga kita sami lumbet ing pangibadah Minggu  
Advèn ingkang kaping kalih, kanthi pangaken: Sumbering  
pitulungan kita punika namung wonten ing asmanipun  
Gusti Allah, ingkang sampun nitahaken langit lan bumi,  
ingkang setya tuhu ngrimati sagung dumadi saha mboten  
naté nilaraken pakaryaning Astanipun.

U: (mujèkaken) **Amin, Amin, Amin.**

**SALAM** (Jumeneng)

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan  
saking Gusti kita Yésus Kristus mugè nunggila ing  
panjenengan sadaya.

U: **lan nunggila ing panjenengan ugi.**

**PAMBUKA** (Lenggah)

M2: Kita asring sami ngungun dhateng kanyataning gesang  
ingkang sami kita lampahi. Manékawarni momodaning  
gesang dalah tumindak ingkang mboten adil, asring  
nuwuhaken pitakènan: “Wonten ing pundi Allah kita  
punika? Punapa panjenenganipun saèstu midhangetaken  
sesambat lan sagunging pandonga kita?”

**SOLO LAGU PKJ 244 (VERSI JAWA):**

**SAWETAWIS KULA TUMOLEH**

- Sawetawis lun tumolèh mring margi ambahan kawula  
Sih Tuwan kula raosken, ngungun manah kawula  
Margi wau sanyata rumpil, asring kesaput ratri  
Nanging Gusti tansah nuntun, ngantos kula kéraman  
Sihing Gusti nganthi kula, tentrem manah kawula

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

2. Mboten krana kula saé, kekah cinepeng tangan kula  
Ugi mboten krana pantes, ngantos kula kinekep  
Oh saiba ta kula éram sinungan kasaénan  
Kados pundi katélakna sihing Gusti kang éndah  
Linampah wah winartosken, sihing Gusti kang adya

M2: Para sadhèrèk kula sadaya, èstunipun Allah kita punika Allah ingkang ndarbèni raos preduli. Panjenenganipun sanès Allah ingkang namung dhedhampar wonten ing swarga luhur. Nanging Panjenenganipun karsa tedhak ing bumi lan mboten nilaraken kita gesang piyambakan.

U: (*mujèkaken KPJ 337:1-2 “Dahat Nyawaku Arerem”*)

KPJ 337 DAHAT NYAWAKU AREREM

- 1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem  
Wit Kang Makwasa karsa dadi, etuking karaharjanku,  
Pamomongku setya tuhu,  
wah bebètèng lan Pangungsèku.  
Aku mesthi datan rebah  
wit rineksa déning Allah.
- 2) Dhuh nyawaku saosena, reremira ing wardaya  
Mring Allah kang dakanti-anti. Déné Yéhuwah Pangéran,  
kang dadi parang santosa  
pangauban lamun siniya;  
Aku mesthi tan gumiwang  
wit Allah kang mengku gesang

**PANGAKENING DOSA (Masmur 130:1-4) (Lenggah)**

PS: Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti, sumangga kita sami ngakeni dosa-dosa kita lan nyuwun pangaksa-manipun.

UK: **“Saking jurang ingkang lebet, kawula sesambat dhumateng Paduka. Paduka mugi karsaa miyarsakaken swanten kawula, Paduka mugi**

**nilingna dhumateng swantening pasambat kawula”.**

UW: **“Manawi Paduka ngèngêt-èngêt dhateng durakaning tiyang, dhuh Pangéran, sinten ingkang saged lestantun?”**

PS: “Nanging Paduka kagungan pangapunten, supados tiyang sami ajrih-asih dhumateng Paduka.”

U: (*mujèkaken KPJ 58: 1-3 “Pangluwar Kang Sejati”*)

### KPJ 58 PANGLUWAR KANG SEJATI

- 1) Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula  
Gusti mugè ngresiki, manah kula sadaya  
Reff.: Gusti mugè rah Paduka, nucèkken manah kawula  
Temah suci saèstu, wah sirna najising kalbu  
Suci, sèstu, suci sèstu, temah suci saèstu wah  
sirna najising kalbu
- 2) Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula  
Setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka  
Reff.: .....
- 3) Pangluwar kang sejati, mugè nuntun gesang kula  
Mbangun turut mring Gusti, tansah ngèstokken Sabda  
Reff.: .....

**PAWARTOS SIH RAHMAT** (*Jumeneng*)

PS: Wonten ing salebeting katresnan, Allah maringaken pangapuntening dosa kados ingkang sinerat wonten ing serat Ibrani 10:16b-17,

“Ingsun bakal maringi angger-anggeringSun ana ing atiné, sarta Sunserat ana ing budiné sarta Ingsun ora ngèngêt-èngêt manèh marang sakèhing dosa lan paneraké”

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Gusti**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

U: (*Mujèkaken KPJ 203: 1,4 “Rahayu Kang Utama Lakuné*)

KPJ 203 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ

1. Rahayu kang utama lakuné, ngambah dalané  
Préntahé Pangéran. Rahayu kang netepi dhawuhé  
Wong kang manut ing sapangrèhé Gusti  
Sarta tansah telatèn netepi,  
Sakarsané klayan éklasing ati
4. Sabda Paduka minangka dilah, wonten ing ngajenging  
suku kawula, margi kula tansah dèn padhang  
dhuh Gusti kawula sampun supaos, Kawula tansah  
badhé netepi, préntah Paduka klayan trusing batos

**PAMEDHARING SABDA**

(*Lenggah*)

PS: (*Pandongan Epiklésé*)

Waosan Kapisan

L1: Kapendhet saking kitab **Mikha 3:1-4**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk ing Allah**

Waosan Tanggapan

L2: Waosan Tanggapan dinten punika kapethik saking **Lukas 1:68-79**

(*saged kawaos sacara imbal-imbalan utawi kadasaken*)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Filipi 1:3-11**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking Injil **Lukas 3:1-6**

Makaten Injilipun Gusti kita Yesus Kristus.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken saha nglampahi dhawuhipun Gusti wonten ing gesang padintenanipun.

U: (*memuji MARANATHA - NKB 222*)

## **Khotbah “Gusti Sampun Celak”**

### **Wekdal Ening**

#### **Donga Rama Kawula**

**Pangaken Pitados Rasuli** (*Jumeneng*)

M3: Sesarengan kaliyan sadaya tiyang pitados ing sadaya jaman lan papan, sumangga kita sami ngucapaken sahadat kalih welas ingkang makaten: ...

U: (*Sesarengan ngucapaken pangaken pitados rasuli*)

**Pandong Syafaat** (*Lenggah*)

PS: (*Nglantaraken pandonga syafaat*)

**PISUNGSUNG** (*Lenggah*)

M4: Sumangga kita sami ngaturaken panuwun sokur dhumateng Gusti, sarana sesarengan ngaturaken pisungsung adhedhasar sabda ing Masmur 30: 5,

“Padha ngidungna masmur kagem Sang Yéhuwah, hé para wong kang dikasihi, sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmané kang suci!”

U: (*mujèkaken KPJ 212:1-3 “Aku mBok Caritanana”*)

KPJ 212 AKU MBOK CARITANANA

1) Aku mbok caritanana, bab Yésus Sang Pamarta  
Pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci  
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan  
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna  
Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa

2) Aku mbok caritanana, bab Yésus Sang Pamarta

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti  
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu  
Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning  
Manungsa, jumeneng campéning Allah,  
Abdining Sang Yéhuwah

- 3) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta  
Panutaning wong pracaya, Ratu Adil sanyata  
Sang Alfa lan Omega, pangrèh jagad lan swarga  
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan  
Hakim ing dina wekasan, kang ngasta pangadilan

**Pandonga Pisungung** (Jumeneng)  
M4: (*Nglantaraken pandonga pisungung lan panutup ibadah*)

**PANGUTUSAN** (Jumeneng)

PS: Sami ngenerna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula sami ngeneraken manah kawula  
dhumateng Gusti**

PS: Sami nampia timbalanipun Gusti dados para utusanipun  
ingkang setya

U: **Kawula sumadya dados para utusanipun**  
(*Mujèkaken Kidung Pangutusan: KPJ 222: 1-3 “Dumeling  
Kapyarsi”*)

KPJ 222 DUMELING KAPYARSI

- 1) Dumeling kapyarsi, sabawa sung warti  
Supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti  
Reff.: Gusti paringa, manah kang suci  
Kénging kanggé ngormati, rawuhnya Njeng Gusti
- 2) Kabingahan amba, saèstu nglangkungi  
Jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiko  
Reff.: .....
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas  
Dédé saking lebet amba, kajawi mung sihnya

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Reff.: .....

**LUMUNTURING BERKAH (Yésaya 40:31)** (*Jumeneng*)

PS Sami nampènana berkahipun Gusti  
Tiyang ingkang kanthi setya tuhu ngantos-antos Gusti  
badhe dipunparingi kekiyatan énggal. Mila panjenengan  
badhé sami kadosdéné peksi rajawali ingkang minggah  
ndedel sarana swiwinipun ingkang santosa; panjenengan  
badhé mlajeng lan mboten badhé ngraos loyo;  
panjenengan badhé lumampah lan mboten badhé ngraos  
sayah. Punika sadaya kalampahan karana Gusti kepareng  
ngluntakaken berkahipun dhumateng panjenengan  
sadaya, samangké lan ing salaminipun. Amin  
U: (*mujèkaken “MARANATHA! AMIN” – KPJ 472*)

[ERY-ytd]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI**

**Minggu Advèn III**

*Minggu, 15 Desember 2024*

Keterangan:

- PS.: Pamedhar Sabda  
M: Majelis (Pnt./Dkn.)  
U: Umat  
L: Lèktor

**Kabingahan  
Ing Salebeting  
Patobat**



**PACAWISAN (kajumbuhna kaliyan padat-pakulinan  
pasamuwan piyambak-piyambak)**

- Organisme/pianis nglantaraken lagu-lagu pacawisan lumebet ing pangibadah
- Umat sami ening sawatawis kanggé pacawisan pribadi
- Maosaken pawartos pasamuwan

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(Jumeneng)*

M1: Kabingahan lan tentrem rahayu angrawuhi jagad punika, mila sumangga kita sami mapag Panjenenganipun ingkang jumeneng Ratuning Tentrem Rahayu.

U: Sami nyawisna margi ambah-ambahanipun Pangéran, sarana mbikak korining manah panjenengan.

M1: Tumungkul sujuda wonten ing ngarsanipun Pangéran sarana ajrih asih lan raos éring, minangka cihnaning patobat.

U: Rahayu saben tyang ingkang ngambah margining kayektèn lan ingkang tansah nilingaken kawicaksananipun Gusti ing salebeting lampah gesang padintenanipun.

U: *(Mujèkaken KPJ. 158: 1, 3, 4 “Ditansah Padha Bungaha”)*  
KPJ 158 DITANSAH PADHA BUNGAHA

- 1) Ditansah padha bungaha, nampèni kabegjan swarga  
Karana kita wong dosa, ingentas saking antaka  
Reff.: Tansah bungah, ing patunggilané Gusti

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Tansah bungah wit sinung gesang sejati

3) Ditansah mantep pracaya, tan was sumelang ing ati  
Tegen nyenyuwun ndedonga, pasrah wit Gustimu nganthi  
Reff.: .....

4) Ditansah padha bungaha, wit antuk tentrem raharja  
Gustimu ngreksa slamanya, saparan salakunira  
Reff.: .....

**VOTUM** *(Jumeneng)*

PS: Pangibadah Minggu Advèn ingkang kaping tiga punika kita  
sengker kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika  
namung wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken  
langit lan bumi.

U: *(mujèkaken Amin)* **Amin, Amin, Amin.**

**SALAM** *(Jumeneng)*

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan  
saking Gusti kita Yésus Kristus, mugè nunggila ing  
panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

**PAMBUKA** *(Lenggah)*

PS: Ing alam donya punika taksih kathah tiyang ingkang  
mboten saged ngraosaken kabingahan. Saged kémawon  
punika karana pameteging dosa ingkang kalampahan ing  
salebeting gesangipun, saé déning dhiri pribadinipun  
piyambak, utawi ugi déning sesamining gesang. Kita sami  
pitados bilih namung karana antebing manah kanggé  
mratobat lan nampèni pangapunteing dosa ingkang  
saking Gusti kémawon, kabingahan ingkang satuhu punika  
saèstu saged karaosaken. Punika tetéla saking  
andharanipun kitab Masmur 32:1-2,

“Rahayu wong kang kaapura paneraké, kang dosané  
kaaling-alingan! Rahayu wong kang durakané ora

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kaétang déning Yéhuwah, sarta kang atiné ora kadunungan cidra!”

U: (*mujèkaken KPJ 96:1, 3, 4 “Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah”*)

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

- 1) Tyas kita dimèn slamanya, bungah lan sukarena  
Déné Sang Rama ing swarga, nganggep putra mring kita  
Reff.: Mara tansah abebungah,  
saben dina antuk trang  
Dalaning urip éndah apadhang,  
mara tansah dèn girang
- 3) Lamun kita nyingkur Gusti, nèng ati peteng uwas,  
Ilang kekuwatan kita, wah kabungahaning tyas  
Reff.: .....
- 4) Balik wong kang amiturut, tansah padhang dalannya  
Mula mara manut Gusti suminggah saking dosa  
Reff.: .....

**PANGAKENING DOSA** (*Lenggah*)

PS: Sumangga kita sami ngaturaken panalangsa kita wonten ing ngarsanipun Gusti, ingkang kebak katresnan. Para sadhèrèk sami kaaturan sacara pribadi nalangsan dosanipun langkung rumiyin, lan ing pungkasanipun kula badhé ngaturaken panalangsa kita punika sacara sesarengan konjuk ing ngarsanipun Gusti. Sumangga kita sami ndedonga...

(*PS nuntun pandonga pangakening dosa*)

U: (*Mujèkaken KPJ 125:1-3 “Lamun Kula Mlampah”*)

KPJ 125 LAMUN KULA MLAMPAH

- 1) Lamun kula mlampah, nèng margining Allah  
Kula sèstu ngraosken bingah,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kula yakin èstu Gusti nuntun tamtu,  
mring tyang kang pitados satuhu  
Reff.: Mung sawiji, kabegjan sejati,  
nggih pitados mring Gusti,  
wah manut lan bekti

2) Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah  
Kula nilingken sabdèng Allah,  
uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,  
angger pasrah kang trusing manah.  
Reff.: .....

3) Iba begja kula, sajroning ginodha,  
kiniyatken déning sabdanya.  
Rineksa rinimat, lan dhawah tan lesah,  
wit saking sih rahmating Allah  
Reff.: .....

**PAWARTOS SIH RAHMAT**

*(Jumeneng)*

PS: Gusti punika karenan dhateng saben patobat ingkang  
katindakaken kanthi gumolonging manah tuwin ingkang  
tansah nglari Panjenenganipun. Awit saking punika,  
tumrap saben tiyang ingkang sami nalangsané dosa-  
dosanipun kanthi tulusing manah, Gusti kepareng  
maringaken pawartos sih rahmat, kados ingkang sinerat  
wonten ing kitab Masmur 107:1 ingkang makaten  
ijemanipun,

“Padha saosa puji sokur marang Sang Yéhuwah,  
awitdéné Panjenengané iku saé! Ujer sih-susetyané  
iku langgeng ing salawasé”.

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

U: *(Mujèkaken KPJ 102: 1,2, 5 “Allah Yéku Pangèn Kula”)*

**KPJ 102 ALLAH YÉKU PANGÈN KULA**

1) Allah yéku pangèn kula, kang gung sih tresnanya

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Kula tansah rinimatan, srana gung kadarman

- 2) Kula tansah dèn ayomi, mila ayem yekti  
Tinuntun ing margi adi, wit asmané Gusti
- 5) Kula rinoban kabegjan, salaming gesang  
Saha manggèn lan memuji, ing dalemé Gusti

**PAMEDHARING SABDA**

*(Lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking kitab **Zefanya 3:14-20**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kalawau sarana maos sesautan utawi kapujèkaken saking **Yésaya 12:2-6**

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Filipi 4:4-7**  
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing kitab Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut **Lukas 3:7-18**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti saha ingkang sami nindakaken wonten ing gesang padintenan kanthi setya tuhu. Maranatha!

U: **Maranatha (3x)**

**Khotbah “Kabingahan Ing Salebeting Patobat”**

**Wekdal Ening**

**Pangaken pitados rasuli** *(Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan sadaya umatipun Allah ing sauruting jaman lan papan, sumangga kita sami ngikraraken saha ngantebaken malih punapa ingkang kita pitadosi sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, makaten:

U: *(Sesarengan sami ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

**Pandongga Syafaat** *(Lenggah)*

PS: *(Nglantaraken pandonga syafaat lan kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)*

**PISUNGSUNG** *(Lenggah)*

M4: Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung kita minangka cihnaning pamatur-nuwun dhumateng sadaya sih-katresnan dalah pangrimatipun Allah tumrap gesang padintenan kita sadaya. Atur pisungsung kita ing dinten punika, kita talesi sarana pangandikanipun Gusti ingkang pinanggih wonten ing Masmur 138:1-2a ingkang makaten ijemanipun:

“Paduka badhé kula puji kalayan gumolonging manah, wonten ing ngajenganipun para allah, kawula badhé ngidung masmur kagem Paduka. Kawula badhé sujud madhep ing padaleman Paduka ingkang suci, saha memuji dhumateng asma Paduka, awit saking sih-kadarman lan kasetyan Paduka”

U: *(mujèkaken KPJ 160:1-3 “Gusti Kawula Ngaturken Badan Nyawa”)*

KPJ 160 GUSTI KAWULA NGATURKEN BADAN  
NYAWA

- 1) Gusti kawula ngaturken badan nyawa kawula  
Sumangga Paduka agem kawula kagunganta  
Reff.: Bingah sisaha kula, marem nunggil Paduka  
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka

- 2) Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mila kawula kumandel, pasrah kang trus ing ati  
Reff.: .....

- 3) Raja brana kasugihan, dalasan kasagedan  
Kagama dados lantaran, babaring kabingahan  
Reff.: .....

**Pandongga Pisungung**

(Jumeneng)

M4: (*Nglantaraken pandonga pisungung*)

**Pepujèn Pangutusan**

U: (*Mujèkaken KPJ 428: 1,23 “Bungaha Sisaha Gusti Kula Puji”*)

KPJ 428 BUNGAHA SISAHA GUSTI KULA PUJI

- 1) Bungaha sisaha, Gusti kula puji  
Kang mranata gesang kula,  
Kula rinimatan klayan katresnan  
Mila kula pasrah pangrèhnya  
Reff.: Pasraha, pasraha,  
ing sapangrèhé Kang Makwasa
- 2) Sapinten awrating momotan kawula  
Godha rencana myang sisah  
Yèn kawula énggal mulat Sang Putra  
Manah kula ènthèng lan bingah  
Reff.: .....
- 3) Sanadyan kawula kasinungan drajat  
Kaluhuran miwah pangkat,  
Tebih kula saking raos gumunggung  
Nging tumungkul mring Kang Maagung  
Reff.: .....

**PANGUTUSAN**

(Jumeneng)

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

PS: Ing satengah-tengahing jagad ingkang taksih mbetahaken kabingahan, sami ngéjawantahna katresnanipun Sang Kristus ing gesang padintenan panjenengan sami. Ing antawisipun manungsa ingkang sami ngantu-antu welas-asihipun Gusti, sami mratélakna rangkulan katresnanipun Kristus dhateng sesami. Lan samangké sami ngenerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U : **Kawula sami ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Sami dadosa seksnipun Sang Kristus ingkang mbabaraken kabingahan jati

U : **Puji sokur konjuk ing Allah**

PS: Pinujia Gusti

U : **Samangké lan ing salaminipun**

**LUMUNTURING BERKAH** *(Jumeneng)*

PS: Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah mugè nyunarna cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringana sih rahmat; Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringana tentrem rahayu”. Amin.

U: ` **Maranatha** (5x) **Amin** (3x)

[DNK-ytd]



**BAHAN LITURGI**

**Minggu Advèn IV**

*Minggu, 22 Desember 2024*

Katrangan:

Pkh.: Juru kotbah

Pns.: Pinisepuh

Dkn.: Dhiaken

Umt.: Umat

Lkt.: Lèktor

**Punapa  
Samekta  
Nratrab?**



**PACAWISAN (kacundhukna padatan ing pasamuwan piyambak-piyambak)**

- Pemusik nabuh *instrumen* musik nglagokaken kidung-kidung ingkang nuntun pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening nyawisaken dhiri.
- Salah satunggal pradata lumebet ing papan pangibadah lan nyumet lilin Advèn IV.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

**TIMBALAN NGIBADAH**

*(jumeneng)*

Pns 1 : Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, wekdal samangké ing wekdal pangantu-antu, inggih wekdal anggèn kita ndungkap pucakipun. Ing Advèn IV ingkang winengku ing pangajeng-ajeng magepokan tentrem rahayu ingkang sajati, kita badhé memuji Gusti kados déné Maria ingkang ngegungaken Asmanipun ing salebeting pambangun-turut rinengga katresnan tulus. Mugi Gusti Allah nresnani kita lan mberkahi kita, mugi Panjenenganipun nyunawi kita kanthi wadananipun,

Umt : **satemah margi Paduka dipun tepang ing bumi, | lan karahayon Paduka ing antawisipun bangsa-bangsa.**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Pns 1 : Mugi bangsa-bangsa ngonjukaken sokur dhumateng Paduka dhuh Allah; mugi bangsa-bangsa sami ngucap sokur dhumateng Paduka.

Umt : **Mugi suku-suku bangsa | sami bingah sukarena lan surak mawurahan, | awit Paduka nyepeng pamarintah | tumrap bangsa-bangsa | kanthi adil, | lan nuntun suku-suku bangsa | ingkang wonten ing bumi punika.**

Prdt 1 : Mugi bangsa-bangsa ngucap sokur konjuk Paduka, dhuh Allah, mugi bangsa-bangsa sadaya ngucap sokur dhumateng Paduka.

Umt : **Pasitèn sampun ngedalaken woh; | Gusti Allah, | Allah kita, | mberkahi kita.**

Pns 1 : Gusti Allah mberkahi kita; mugi dumugi ing poncot-poncoting bumi sami déné ajrih asih dhumateng Panjenenganipun! Sumangga kita sami surak-surak sesarengan bangsa-bangsa kanthi pepujèn **“PUJI MRING ALLAH.”**

KPJ. 23 PUJI MRING ALLAH

1. Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa. Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa. Pangidungnya klayan bingah ing manah, nggunggung Gustining pratitah.
2. Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira. ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya. wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa. tinebus temah waluya.

**VOTUM**

Pkh : Pangibadah Minggu Advèn IV wekdal samangké kaladosaken awit “pitulungan kita ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi.” Panjenenganipun kuwaos lan mbabar karsa ing salebeting kasaénan ingkang ngayomi sadaya titahipun.

Umt : (aklamsi) 4 . 3 . 6 . 5 . 4 . 3 2 1 . . . | **Amin, Amin, Amin.**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**SALAM**

Pkh : “Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.”

Umt : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

**PRATÉLAN PAMBUKA**

*(lenggah)*

Pns 2: Pasamuwan ingkang kinasih, Minggu Advèn IV punika mujudaken minggu pangantu-antu winengku ing dayaning tentrem rahayu. Tentrem rahayu ingkang mujudaken idham-idhaman, gegadhangan, saha pangajeng-ajeng tumrap sadaya tiyang. Tentrem rahayu mujudaken pungkasan kababaring rancangan saha karsanipun Gusti Allah, lumantar Putranipun ingkang wiyosanipun énggal kita pethukaken. Minangka tiyang pitados, kita temtu sampun mangretosi wiwit kita tepang Injil. Nanging ing gesanging padintenan, asring kita trataban kanthi caranipun Gusti ingkang mbabar tentrem rahayu ing pagesangan kita. Tansah samekta anggèn kita nratab ing pakaryan katresnan Panjenenganipun...

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 3:1-2)

KPJ. 3 “ALLAH MBABARKEN KWASANYA”

1. Allah mbabarken kwasanya,  
pra kang nglawan buyar sirna lir lilin kénging brama,  
nging gung tyang mursid raharja,  
memuji lan sukarena, ngarsèng Allah Mamulya.  
Pangèran jumeneng Rama  
tumrap salir tyang sangsara,  
ngluwari tyang siniya, temahan ngraosken begja.  
Déné tyang wangkot mbaléla siniksa bebendunya.
2. Allah mbélani pra umat ngagem sarana mukjijat  
wah salir kang nèng jagad;  
Pangèran ngrentahken berkah  
kang ngrimat sagunging titah,  
temah kraharjan anjrah.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Wit kadarmaning Pangèran,  
tyang tinindhès kaluwaran,  
temah tan wonten panandhang  
ing rèhing Ratu Kaswargan.  
Dé para wadya-balanya, tyang nyebar kabar adya.

**PANGAKENING DOSA**

Pkh : Tilingna sabdanipun Gusti ingkang sinerat ing Roma 5:18-19, “Dadiné padha kaya panerak siji nekakaké paukuman marang wong kabèh, mangkono uga tumindak ing kabeneran siji, njalari wong kabèh padha kabeneraké dadi lan uripé. Dadi padha kaya pambangkangé wong siji mau njalari wong kabèh dadi wong dosa, mangkono uga marga saka pambangun-turuté wong siji kabèh wong banjur padha dadi wong kang bener.”

Sabdaning Gusti kasebat ngènetaken kita bilih pambangun-turut mujudaken prakawis ingkang wigati wonten ing gesanging kapitadosan. Pambangun-turut atetales katresnan dhumateng Gusti mujudaken kasetyan ing salebeting kayakinan awit karsaning Panjenenganipun ingkang ngener dhateng kasaénan. Kabecikan tumrap dhiri kita pribadi punapa déné tumrap pepanthan ing sakiwa tengen kita, kepara tumrap sadaya titah. Éwa samanten menawi kita purun jujur ing ngarsanipun Gusti Allah, asring bab pambangun-turut tumrap karsanipun malah kita tebihi nalika kawontenan lan pangari-bawanipun boten sami kaliyan pangajeng-ajeng utawi ndhatengaken kapitunan tumrap kita. Nanging èngeta bilih wonten patuladhan ingkang sajati, ingkang awit pambangun-turutipun Sang Putra ndadosaken manungsa kaleresaken. Wonten ing Sang Kristus sumangga kita naliti gesang saha pratingkah kita, Ing wekdal ening sumangga kita ngraos-raosaken.

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 212:1-2)

KPJ. 212 “AKU MBOK CARITANANA”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

1. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.  
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.  
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.  
Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.
2. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
yèku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,  
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.  
Sabdèng Allah kang manjalma,  
wah putraning Manungsa.  
Jumeneng cempéning Allah,  
Abdining Sang Yéhuwah.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(jumeneng)*

Pkh : Rancanganipun Gusti punika rancangan kaleresan. Déning Panjenenganipun, dosa awit pambalélanipun manungsa boten kakendelaken ngrangkèt manungsa. Sih-katresnan, sih-nugraha, lan sih-rahmatipun nglakungi dosa punapa déné pepejah, sarta mulung manungsa ingangkat nuju karahayon langgeng lumantar pangurbananipun Sang Putra. Kados déné ingkang katandhesaken ing pawartos sih-rahmat dinten punika ingkang kapethik saking Ibrani 10:12-14, “Nanging Panjenengané, sawusé misungsungaké kurban siji baé marga saka dosa, banjur lenggah ana ing tengené Gusti Allah salawas-lawasé, sarta ing samengko Panjenengané mung ngantos-antos, nganti tumeka mungsuh-mungsuhé arep kadadèkaké ancik-anciking sampéyané. Sabab srana kurban siji baé Panjenengané wus damel sampurnané para kang kasucèkaké ing salawas-lawasé.” Makaten sih-rahmat saking Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pkh : Sampun samesthinipun kita muji sokur awit sih-rahmatipun Gusti punika kanthi tansah prasetya murih gesang ing salebeting pambangun-turut dhumateng karsanipun Gusti. Sami nindakna kanthi tumemen ing gesang karo hanèn panjenengan pribadi lan ugi ing

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

patunggilan winengku ing karaharjan. Pasamuwan  
kaaturan sami déné tangkep asta utawi salaman lan sami  
déné ngucapaken “tentrem rahayu.”

Umt : (ngrepèkaken KPKA-BMGJ 211:1-4)

KPKA-BMGJ 211 “PAMUJINÉ MARYAM”

1. Nyawa lan atiku bungah ngluhurken mring Allah.  
dak pujèkna kidung girang wit gunging kadarman,  
dé Allah wus ngudaneni asoring kang abdi,  
lah panganggepé pra bangsa aku wong kang begja.
2. Gung luhur pakaryanipun wah asmanya suci,  
Sih-rahmatnya run tumurun mring tyang ajrih asih,  
pangwasa nggih kamulyannya binabarken nyata,  
wit pakaryaning astanya nylametkan manungsa.
3. Wong kang seneng nggunggung dhiri  
tan bakal lestari,  
dalah wong kang mengku kwasa tan langgeng rèhira,  
wit samya tinundhung késah krana bramantyanya,  
nging wong asor samya bingah linuhurken nulya.
4. Wong kang mursid ingeroban salir kang prayoga,  
nging wong mursal tan keduman  
sihing Kang Makwasa,  
pra abdiné kaluberan sih-rahmat tan kendhat,  
wit prasetyané kang adya mring wong kang pracaya.

**PALADOSAN PANGANDIKA**

*(lenggah)*

Pkh : (mimpin donga pacawisan nampèni sabdanipun Gusti)

Waosan Kapisan

Lkt 1 : Waosan kapisan kapethik saking kitab **Mikha 5:2-5**.  
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Tanggapan

Lkt 2 : Sumangga kita tanggapi pangandikanipun Gusti, kanthi  
maos **Lukas 1:46b-55** sacara litani utawi imbal-imbalan  
*(saged ugi kalagokaken utawi kadarasaken).*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Waosan Kalih

Lkt 3 : Waosan kalih kapethik saking kitab **Ibrani 10:5-10**  
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.  
Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

Pkh : Pamaosing Injil, kapethik saking **Lukas 1:39-45**.  
(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus.  
“Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken  
pangandikaning Allah lan dipun gatosaken.” Haléluya!  
Umt : (aklamasi) 1 . 2 3 5 | 6 . 7 i 7 Maranatha 5X **Amin** 3X.

**Kotbah**

**Wekdal Ening**

**Pangaken Pitados**

*(jumeneng)*

Pns : Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman,  
sumangga kita ngucapaken lan kita teguhaken malih  
isining kapitadosan kita, kanthi mratélakaken Pangaken  
Pitados Rasuli.

Umt : (sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

**Donga Syafaat**

*(lenggah)*

Pkh : (mimpin donga syafaat)

**PISUNGSUNG**

Dkn : Winengku raosing manah sukarena, sumangga kita  
ngucap sokur magepokan sadaya rancangan  
kayektosanipun Gusti ing sauruting gesang kita kanthi  
ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken  
ing misbyahing sokur. Pangucap sokur kita tinalesan  
pangandikanipun Gusti saking Jabur Masmur 52:11  
“Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing  
ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking  
pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para  
kekasih Paduka!”

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 181:1-3)

KPJ. 181 “PUJI SOKUR KONJUK GUSTI”

1. Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;  
datan kendhat angasihi cihnaning kawlasanta.  
Sokur paring ing pakaryan, nadyan badamba ringkih;  
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
3. Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni  
sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari.  
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
4. Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;  
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
sokur dé gesang kawula nèng pamengkening Allah.

**Donga Pisungsung**

*(jumeneng)*

Dkn : (mimpin donga pisungsung lan Donga Rama Kawula)

**Kidung Pangutusan**

*(tetep jumeneng)*

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 226:1-3)

KPJ. 226 “HOSIANA, GUSTIKU”

1. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Pra manungsa sajadat den paringi sih-rahmat,  
gedhé cilik ywa kliwatan. Payo muji Pangéran.
2. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Pra manungsa sadonya samya amanembrama;  
samangkya sajadat bingah, wit katresnaning Allah.
3. Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Pra manungsa sabumi samya atur pamuji;  
samangkya samya ngabekti

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

maring Sang Kristus Gusti.

**PANGUTUSAN**

*(tetep jumeneng)*

Pkh : Yakin lan pitadosa bilih Gusti Allah tansah makarya murih enering gesang panjenengan nuju dhateng kaleresan saha tentrem rahayu. Pramila, enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

Umt : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

Pkh : Dadosa seksi kagem Sang Kristus ingkang mratélakaken kayektosan tumrap sadaya titah.

Umt : **Kawula sumadhiya | dados seksi tumrap Sang Kristus lan mbagé sukarena pangajeng-ajeng.**

Pkh : Pinujia Gusti.

Umt : **Samangké éngga salaminipun.**

**BERKAH**

Pkh : “Pangéran Yéhuwah maringana berkah dhateng panjenengan (kita) lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

Umt : (aklamasi) **KPJ. 472 “Maranatha! Amin!”**

[KA/ucsl]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI  
MALEM NATAL**

*Selasa; 24 Desember 2024*

Katrangan:

Pkh.: Juru kotbah

Prdt.: Pradata (Pns./Dkn)

Umt.: Umat

Lkt.: Lèktor

**Katresnané  
Panjenengané**

**Mulihaké**

**Kauripan**



**PACAWISAN NGIBADAH**

- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening, nyawisaken dhiri lumebet ing pangibadah.
- Organisi, pianis, utawi pemusik ngungelaken kidungan ingkang mangun kawontenan lumebet ing pangibadah.
- *Loncèng utawi bèl pangibadah kaungelaken 1, palados pangibadah ndedonga ing konsistori.*
- *Loncèng utawi bèl pangibadah kaungelaken kaping 3, ingkang kadhapuk maos Warta Grèja lumebet ing papan pangibadah, nyumet lilin nDalu nDungkap Natal, maringi katrangan ingkang gayut kaliyan pangibadah.*

**TIMBALAN NGIBADAH**

*(jumeneng)*

Pns : Pasamuwan ingkang dipun tresnani déning Gusti, sumangga kita mbekta pamawas kita ing ndalu ing wekdal Gusti Yésus miyos ing jagad punika. Gusti Allah ngaruh-aruhi sadaya tiyang ingkang gesang winengku ing pepeteng, kawontenan manah kopong, winengku ajrih giris, kécalan pangajeng-ajeng. Wiyosan Sang Bayi Suci Yésus Kristus mulihaken gesangipun manungsa. Sumangga kita mapag Sih-Katresnanipun ingkang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

mulihaken, kanthi repèning pepujèn sesarengan para malaékat ing swarga kanthi “**HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS.**”

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 225:1-4)

**KPJ. 225 “HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS”**

1. Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.  
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
2. Haléluya! Rawuhipun awit welasipun  
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
3. Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,  
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
4. Haléluya! Haléluya! Putranipun Allah  
sampun miyos ing Bètlèhèm. Pinujia tansah!

**VOTUM**

Pkh : Para sadhèrèk ingkang kinasih, sumangga pangibadah punika kawiwitan kanthi tinalesan sih-kamirahaning Gusti Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika, saha ingkang ngrimati, lan mulihaken titahipun.

Umt : (aklamasi) 5 . 7 . i . 5 . 7 . i . . . | **Amin, amin, amin**

**SALAM**

Pkh : Katentreman lan Sihipun Sang Bayi Natal nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

Umt : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

**PRATÉLAN PAMBUKA**

*(lenggah)*

Pkh : Umat ingkang kinasih, kita ngambali malih ngriyadinaken sih-susetyanipun Gusti Allah tumrap jagad punika. Ingkang ka-Allahan manjalma dados Manungsa. Juru Wilujeng sampun rawuh ing madyaning gesang punika. Manungsa ingkang winengku dosa kapulihaken. Manungsa sanès satrunipun Gusti Allah malih, nanging katunggilaken kalayan Sang Sabda. Ing pepujèn, pandonga, saha sabda kita piningan wewengan nyawang, ngraos-raosaken, lan nampèni

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

pakaryan Sih-katresnanipun ingkang saèstu mulihaken manungsa.

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 227:1-2)

KPJ. 227 “IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI”

3. Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;  
duk praduta swarga prapti  
ngundhangaken sih-rahmat.  
Raharja, prajalma kang sinungan kawaluyan,  
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.
4. Puji konjuk Hyang Maluhur  
kang melasi mring jalma;  
nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.  
Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,  
langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

### **PANGAKENING DOSA**

Pns : Sumangga kita sesarengan ngraos-raosaken sabdanipun Gusti Yésus ingkang sinerat ing Matéus 7:21 makaten:  
“Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang nglakoni sakarsané RamaKu kang ana ing swarga,” awit boten wonten satunggal kémawon ing antawis kita ingkang kuwagang netepi paréntah punika kanthi jangkep nindakaken karsaning Sang Rama ing swarga. Kita nglenggana bilih kita langkung asring mbaléla dhumateng Gusti, awit kita langkung nengenaken dhiri kita piyambak, pramila sumangga kita kanthi tulus saha kanthi gumolonging manah kita mratélakaken panalangsa sarta pamratobat ing ngarsanipun Gusti ugi sesami kanthi ngrepèkaken **“SUGENG RAWUH GUSTI.”**

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 247:1-4)

KPJ. 247 “SUGENG RAWUH, GUSTI”

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga  
kang tumedhak nèng donya krana kula,

Mangsa Advèn Natal 2024  
"Panjenengané Dedalem ing Antara Kita"

"Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,  
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"  
Salam, salam!

2. Gusti ingkang dadya tukung sih-rahmat;  
adreng panyuwun kula klayan urmat.  
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,  
kang sampun dadya srana miyos Paduka.  
Salam, salam!
3. Pra pangèn gumregah, cahya nelahi,  
nulya nampi pawartos saking swargi;  
"Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan  
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan."  
Salam, salam!
4. Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthi  
nedya angaturken pangabekti;  
mas lan blendok mur sinaosaken mring Gusti  
kanthi yakin, yèku Sang Jurubasuki.  
Salam, salam!

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(jumeneng)*

Pkh : Pawartos sih-rahmat tumrap jagad awit saking wiyosan  
nDalem Gusti Yésus Kristus, inggih Sang Juru Wilujeng  
Sajati, kapratélakaken ing Yésaya 9:5, "Amarga ana Bayi  
kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus  
kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan ana  
ing pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok,  
Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng,  
Ratuning Katentreman." Makaten pawartos sih-rahmat  
tumrap kita sadaya.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

(ngrepèkaken KPJ. 228:1-4)

KPJ. 228 "ING BÈTLÉHÈM KANG TAN AJI"

1. Ing Bètléhèm kang tan aji wus miyos Sang Bayi.  
Kang kadya wus kaweca aneng Kitab Suci.  
Refrein: Suraka, ya suraka! Kanthi suka rena,  
"Sang Pamarta wus manjalma

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

nunggil klayan kita!"

2. Bayi papa kang kaweca agung pangwasanya; mbirat salir sangsara wah pangrèhing dosa. Refrein:
3. Bayi suci kang ginusti tumedhak sing swarga; ambabar asih-tresna, yogya tinuladha. Refrein:
4. Bayi adya wah sampurna tumedhak mring jagad, nedya sung karaharjan, wit gung ing sih-rahmat. Refrein:

**PALADOSAN PANGANDIKA**

*(lenggah)*

Pkh : (Donga Nampèni Sabda)

Waosan Kapisan

Lkt : Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 9:2-7**.  
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lkt : **Jabur Masmur 96** kawaos litani utawi sesautan (utawi saged kadasaraken utawi kalagokaken)

Waosan Kalih

Lkt : Waosan kalih kapethik saking **Titus 2:11-14**.  
(sasampunipun maos) Makaten pangandikanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

Pkh : Pamaosing Injil, kapethik saking **Lukas 2:1-20**.  
(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti, dipun gatosaken, saha katindakaken kanthi setya ing gesang padintenanipun. Maranatha.

Umt : (aklamasi) **KPJ. 468** “MARANATHA”

**Kotbah “Katresnané Panjenengané Mulihaké Kauripan”**

**Wekdal Ening lan Donga Rama Kawula**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**Pangaken Pitados** *(jumeneng)*

Pns : Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah jaman, sumangga kita pratélakaken saha kita teguhaken malih ingkang kita pitados, kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Umt : (sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli).

**LITURGI CAHYA LILIN** *(lenggah)*

Pkh : Nalika manah kita njendhel, boten mredulèkaken Gusti punapa déné sesami, gesang kita sangsaya linggar saking Gusti, asrep njekut lan tebih; Puji sokur! Sang Pepajar sampun rawuh. Panjenenganipun mbabar angeting jagad, nglèlèhaken jagad ingkang njendhel. Kanthi katresnanipun ingkang mulihaken gesanging jagad, sumangga, ing ndalu ingkang suci punika kita ngraos-raosaken Pepajaripun ingkang sampun rawuh nggelar katentreman saha katresnan ingkang langgeng. Nyunarna Pepajaripun ing satengahing jagad satemah sunaring Katresnanipun madhangi jagad.

**(Pemusik ngungelaken instrumentalia kidung “Dalusuci” (Malam Kudus) tanpa wonten ingkang nyanyi, lajeng lampu dipun pejahi lan juru kotbah mendhet latu saking lilin Natal lajeng kabagèkaken dhateng ingkang kapiji (petugas). Ingkang sami kapiji mbagé urubing lilin dhumateng umat).**

**(menawi sadaya lilin sampun gesang, umat jumeneng lan ngrepèkaken KPJ. 218 “DALU SUCI”)**

1. Dalu suci tidhem sami, Njeng Gusti Pamarta tedhak manjalma krana kita miyos wonten kandhang Bètlèhèm Gusti ning dumadi, Gustining dumadi.
2. Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa, nilar kamulyané ing swarga,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- sumèlèh ing rumput kang nistha;  
nladhani mring kita, nladhani mring kita
3. Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,  
katentremané jagad-rayana,  
kados prasetyané Kang Rama.  
Mila linuhurna, mila linuhurna.
  4. Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,  
pirukuning tyang dosa sami  
cinadhang prasetyan kang baka.  
Amin, linuhurna! Amin, linuhurna!

### **DONGA NATAL**

**Juru kotbah nuntun donga Natal. Sasampunipun ndedonga, juru kotbah mejahi lilin makaten ugi sadaya palados pangibadah ugi umat. Lampu dipun gesangaken malih.**

### **PISUNGSUNG PAMAKANAN**

Dkn : Umat kekasihipun Gusti, sumangga kita mratélakaken pangucap sokur awit Gusti sampun karsa preduli dhateng jagad. Wujuding pangucap sokur kita kasebat inggih kanthi ngaturaken pisungsung. Sumangga kita nuladha para pandhita saking Wétan ingkang sinerat ing Matéus 2:11, “Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.” Sumangga kita pratélakaken krenteg anggèn kita ngaturaken pisungsung kita ing ndalu ndungkap Natal punika.

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 218:1-4)

KPJ. 218 “DALU SUCI”

1. Di dalam palungan, tiada yang lain,  
terbaringlah Yesus berbalutkan kain.  
Bintang-Nya di langit mengkilap terang  
dan Yesus tertidur lelap dan tenang.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

2. Ternak bersuara membangunkan-Nya,  
tetapi Sang Bayi tiada resah.  
Ya Yesus, sekarang hatiku tent'ram,  
Engkaulah Temanku di malam kelam.
3. Ya Yesus, Tuhanku, dengar doaku:  
tetaplah sertaku dengan kasih-Mu.  
Semua anak-Mu berilah berkat  
dan hidup serta-Mu di sorga kelak

**Donga Pisungsung** *(jumeneng)*  
Dkn : (nuntun donga pisungsung lan pungkasan pangibadah).

**PANGUTUSAN** *(jumeneng)*  
Pkh : Para sadhèrèk, sumangga kita nglampahi dinten-dinten  
ingkang badhé kita lampahi kanthi kabingahaning Natal.  
Wartosna kabingahan punika tumrap tiyang-tiyang  
ingkang wonten ing sakiwa tengen kita mirungga tumrap  
ingkang sami ringkih kanthi nandukaken tumindak-  
tumindak ingkang nedahaken sih-katresnan. Kadadosna  
jagad punika bingah kanthi rawuhipun Gusti Yésus  
ingkang mawujud wonten ing kapredulian lan sih-  
katresnan tumrap sesama sarta jagad!

Umt : (ngrepèkaken KPJ. 233:1-4)

KPJ. 233 “KANCA AGIYAKA”

1. Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm  
karawuhan Rohing Pangéran.  
Sang Bayi miyos piningken kita.  
Refrein: Lah payo mrana sujud,  
lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
2. Pamartaning jagad, Putra kang tumurun  
sumèlèh anèng pamakanan.  
Yèku wujudnya prasetyaning Allah. Refrein:
3. Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,  
rawuhé mbabar sih-kawelasan  
marang manungsa kang samnya pracaya. Refrein:

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

4. Panebus sejati kang rawuh ing bumi  
mrih manungsa sinung basuki.  
Nulya sowana sarwi sumuyuda. Refrein:

**BERKAH**

Pkh : Umating Gusti, enerna manah panjenengan dhumateng  
Gusti lan nampènana berkahipun: Tentrem rahayu  
saking Allah Sang Rama ngayomi panjenengan (kita).  
Kapredulènipun Sang Kristus inggih Sang Timur ingkang  
Suci nunggila ing panjenengan (kita). Panuntunipun  
Sang Roh Suci nuwuhaken kabingahan ing salebeting  
manah panjenengan (kita); wiwit ing samangké éngga  
salami-laminipun. Amin.

Umt : (aklamasi) **KPJ. 472** “MARANATHA! AMIN!”

[YH/ ucsl]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI  
NATAL**

*Rebo, 25 Dhésèmber 2024*

Katrangan:

- PS : Pelados Sabda  
PL : Pelados Liturgi  
P : Pradata  
U : Umat  
L : Lèktor

**Panjenenganipun  
Dedalem Ing  
Antara Kita**



**PACAWISAN** (*jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak*)

- Organisme/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan (menawi wonten).

**TIMBALAN PANGIBADAH** (*lenggah*)

P 1: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita mahargya rawuhipun Gusti ingkang karsa dedalem ing antara kita. Wiyosanipun Gusti Yésus Kristus dados margi pulihipun gesang. Ing Kitab Suci dipun-ngendikakaken: “*Anadéné sira, hé, Bètlehèm ing Efrata, sanadyan sira kalebu cilik ana ing antarané turuné Yehuda, saka sira bakal miyos lumadi marang Ingsun, wong kang bakal ngerèh Israèl; kang wus ana wiwit ing jaman purwa, wiwit ing jaman kuna... sarta Panjenengané bakal dadi kang kadunungan tentrem-rahayu.*” Sumangga kita pethukaken karawuhanipun kanthi jumeneng nélakaken kamulyanipun Gusti srana pepujèn **KPJ 233:1-3** “**Kanca Agiyaka**”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

U: (*ngidungaken kanthi jumeneng*) **KPJ 233:1-3 “Kanca Agiyaka”**

**KPJ 233 KANCA AGIYAKA**

1. Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm  
karawuhan Rohing Pangéran.  
Sang Bayi miyos piningken kita.  
Ref: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
2. Pamartaning jagad, Putra kang tumurun  
sumèlèh anèng pamakanan.  
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.  
Ref: .....
3. Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,  
rawuhé mbabar sih-kawelasan  
marang manungsa kang samnya pracaya.  
Ref: .....

**VOTUM**

(*jumeneng*)

PS: Pangibadah Natal punika kalampahan wonten ing  
asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi,  
ingkang tansah setya ngrimati sadaya tumitah, ing purwa  
dumugi salami-laminipun.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

$\overset{D}{1} \cdot \overset{G}{2} \overset{3}{3} | \overset{G}{4} \cdot \overset{D}{3} \cdot \overset{A}{2} \cdot \overset{Bm}{1} \cdot | \overset{Em}{4} \cdot \overset{A}{2} \cdot | \overset{D}{1} \cdot \cdot \cdot ||$   
A - min, a - min, a - min.

**SALAM**

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,  
saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing  
panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**PAMBUKA**

(*lenggah*)

PL: Para sadhèrèk, Allah ingkang manjalma dados manungsa ing Yésus Kristus satemah mbikak pangajeng-ajeng anyar kagem gesang. Yohanes nyerat Sabda ingkang sakawit sesarengan Allah, sapunika sampun dados daging. Sabda punika mboten nebihi jagad, nanging wonten ing jagad lan dedalem sesarengan tumitah. Allah ingkang manjalma wonten ing Yésus punika margi ingkang anyar lan sampurna kanggé Allah nglairaken wujud nyatanipun. Allah ingkang karsa dedalem sesarengan kita mbabaraken kapredulènipun, mugi Natal punika ugi dados sarana kanggé kita sadaya mbangun kapredulèn antawising sesami manungsa lan titah sanèsipun, supados gesang punika saèstu wonten ing kanyatan tentrem-rahayu ing manah lan ugi tentrem-rahayu wonten ing bumi. Srana raos sokur kita ngluhuraken Panjenenganipun, Ratuning Katentreman.

Kamulyakna, Kamulyakna Panjenenganipun. (*umat ngidungaken KPJ 232. Kamulyakna*)

U: (*ngidungaken*) **KPJ 232. “Kamulyakna”**  
KPJ 232 KAMULYAKNA

Kamulyakna Hyang Maagung,  
ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga.  
Tentrem rahayu ana ing bumi,  
ing manungsa kang sinarjonan  
Kluhurna Allah nèng swarga,  
kluhurna Allah nèng swarga!  
Tentrem rahayu ana ing bumi,  
tentrem rahayu ana ing bumi,  
ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan,  
ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan!  
Pinujia, pinundhia  
Hyang Maagung ing suwarga lan ing bumi.  
Tentrem rahayu ana ing bumi,  
ing manungsa kang sinarjonan. Amin, amin!

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**PANGAKEN DOSA** *(lenggah)*

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti, punapa ingkang dipun ajeng-ajeng nalika mahargya Natal? Punapa Natal punika namung kanggé kabagyaning dhiri lan brayat kemawon? Punapa Natal ingkang dipun pahargya punika nggadhahi daya kanggé ngémutaken kita bab kathahipun tiyang ingkang mbetahaken kawelasan awit hak-hakipun dipun-rampas? Punapa Natal ingkang dipun pahargya kanthi suka-bingah punika saged damel kita émut-preduli dhumateng tiyang ingkang sakit, ringkih, kaluwèn, lan kécalan pangajeng-ajeng? Wonten ing pandonga, sumangga kita sowan wonten ngarsanipun Gusti nyuwun pangapunten.

PL: *(mimpin donga pangakening dosa).*

**KIDUNG PANELANGSA** *(lenggah)*

U: *(ngidungaken)* **KPJ 216:1,2 “Bètléhèm Ing Éfrata”**  
KPJ 216 BÈTLÉHÈM ING ÉFRATA

1. Bètléhèm ing Éfrata, sanyata prasaja,  
kang cilik ing Yéhuda nging pinilih Gusti.  
Ya anèng kandhang kéwannya, miyosing Sang Pamarta.  
Allah sung waluya, tan mawang manungsa.
2. Pra pangon wong kang ringkih, asor, melas-asih,  
winartanan mlaékat marganing sih-rahmat;  
dé kang sinungan waluya, mung kang nlangساني dosa.  
Allah Mahaasih mbélani wong ringkih.!

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(jumeneng)*

PS: Gusti punika saèstu welas-asih. Tumrap tiyang ingkang srana andhap-asoring manah ngakeni sadaya kalepatanipun, Gusti nélakaken sih-rahmatipun. Pangandikanipun Gusti makaten: “Amarga ana Bayi kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan ana ing

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman” (Yésaya 9:5).

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

**SALAM KATENTREMAN**

PS: Sumangga kita tampèni sih-pangapuntenan saking Gusti srana gesang ingkang samidéné ngapunteni. Sumangga kita sami jawat asta dhateng sadhèrèk ingkang lenggah sakiwa-tengen kita kalayan ngidung “Tentrem-Raharja” (*sadangunipun sami jawat asta umat sami ngidung “Tentrem-Raharja”*)

KPJ 460 TENTREM RAHARJA

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;  
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

**KIDUNG PAMUJI**

(*jumeneng*)

U: (*ngidungaken*) **KPJ 247:1-3 “Sugeng Rawuh Gusti”**

KPJ 247 SUGENG RAWUH GUSTI

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga  
kang tumedhak nèng donya krana kula,  
Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,  
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma. Salam,  
salam!
2. Gusti ingkang dadya tukiing sih-rahmat;  
adreng panyuwun kula klayan urmat.  
Kang ibu Maryam tansah manggiya widada,  
kang sampun dadya srana miyos Paduka. Salam,  
salam!
3. Pra pangén gumregah, cahya nelahi,  
nulya nampi pawartos saking swargi;

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan  
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan. Salam, salam!

**PALADOSAN SABDA**

(*lenggah*)

**Pandongga Èpiklésé**

PS: (*nuntun pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

**Pamaosing Kitab Suci**

Waosan Kapisan

L 1: Waosan Kapisan saking **Yésaya 52:7-10**  
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L 2: Sumangga kita tanggapi Waosan Kapisan kalawau srana  
**Jabur Mazmur 98** (*saged dipun waos utawi kakidungaken*)

Waosan Kaping Kalih

L 3: Waosang Kaping Kalih saking **Ibrani 1:1-12**.  
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: Puji sokur konjuk Gusti.

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yohanes 1:1-14**  
Makaten Injiling Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih  
menika inggang mirengaken lan nggatosaken  
pangandikanipun Gusti. Haléluya!

U: (*ngidungaken* **Haléluya 3x**)

do = d 4 ketuk  
1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||  
Ha-le - lu - ya, Ha- le-lu- ya, Ha- le-lu - ya

**Khotbah**

PS: (*khotbah*) **Panjenenganipun Dedalem Ing Antara Kita**

## **Wekdal Ening**

**PANGAKEN PITADOS RASULI** *(jumeneng)*

P2: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

U: *(Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)*

**PANDONGA SYAFAAT** *(lenggah)*

PS: *(nuntun **Pandonga Syafaat**)*

**PISUNGSUNG** *(lenggah)*

P3: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita tumuju ing pamakanan kagem misungsungaken korban sokur. Injil **Matius 2:10-11** martosaken: *”Bareng weruh lintang mau, padha banget bungahé. Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur”*

U: *(ngidungaken) **KPJ 214: 1,2 “Anèng Pamakanan”***

**KPJ 214 ANÈNG PAMAKANAN**

1. Anèng pamakanan, iku dunungnya; ginedhong ing kain, sèstu prasaja.

Lelintang ing langit padhang nelahi, dé Yésus Gustiku saré kepati

*(Sasampunipun KPJ 214:1 kakidungaken, umat ngaturaken pisungsung kairingan musik instrumentalia KPJ 214. Saparipurnaning kanthong pisungsung kaubengaken, umat jumeneng ngidungaken KPJ 214:2)*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

2. Raja-kaya nywara, kang néndra wungu, nadyan  
piniyarsa nging tan ngreridhu  
Samangkya atiku sèstu rahayu, wit Gusti, mitraku  
nentremken kalbu.

**Pandongan Pisungung** (jumeneng)  
P3: (nuntun **Pandongan Pisungung**)

**PANGUTUSAN** (jumeneng)  
U: (ngidungaken) **KPJ 215: 1-2 “Anèng Salumahing Bumi”**

**KPJ 215 ANÈNG SALUMAHING BUMI**

1. Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji  
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,  
Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!
2. Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,  
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena  
Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!

**PANGUTUSAN LAN BERKAH** (jumeneng)

PS: Umatipun Gusti, Gusti karsa dedalem ing antara kita.  
Gesanga kanthi ngeneraken manah panjenengan  
dhumateng Gusti lan tampènana berkahipun Gusti:  
Sih rahmatipun Gusti Yésus saha sihipun Gusti Allah tuwin  
patunggilanipun Sang Roh Suci nunggila ing gesang  
panjenengan (kita). Mugi Allah ingkang karsa dedalem ing  
antara kita mbabaraken sih tresnanipun, pitulungan lan  
nucèkaken gesang panjenengan (kita), sapunika dumugi  
salaminipun.  
Amin.

U: (ngidungaken **Haléluya, Amin**) **Haléluya** (5x), **Amin**  
(3x)

[WSN-hw]



**BAHAN LITURGI**  
**Minggu I Sasampunipun Natal**  
*Minggu, 29 Dhésèmber 2024*

Katrangan:

- PS : Pelados Sabda  
P : Pradata  
U : Umat  
L : Lèktor

**Sangsaya**  
**Dipun Remeni**  
**Déning Allah**  
**Lan Sesami**



**PACAWISAN** (*jumbuh kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak*)

- Organisi/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadhi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

(*jumeneng*)

P1: Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, Sih-rahmatipun Gusti tansah anyar tumrap sadaya titahipun. Punika wekdal ing pundi kita mahargya ing patunggilan, manunggaling manah, panuwun sokur, sarta suka-bingah ingkang rinoncé salebeting pangibadah Minggu sasampunipun Natal sapunika.

Sumangga kita ngluhuraken asmaning Pangéran ingkang mahaagung lan mahamulya.

U: **Pinujia Gusti Allah ingkang nitahaken lan ngrimati sadaya titahipun!**

P1: Sumangga kita raosaken sih-katresnanipun ingkang nyata salebeting gesang kita:

U: **Pinujia Kristus sumbering sadaya sih-nugraha!**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

P1: Sumangga kita nyawang dhateng kawicaksanaan lan kayektèn:

U: **Pinujia Roh Suci sumbering kayektèn ingkang nuntun kita amrih gesang miturut karsanipun Allah Rama.**

P1: Kanthi suka-sokur kita luhuraken Gusti salebeting pepujèn KPJ 225:1-3 “Haléluya! Yésus Kristus”

U: (*ngidungaken*) **KPJ 225:1-3 “Haléluya! Yésus Kristus”**

KPJ 225 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.  
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun,  
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,  
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

**VOTUM** (*jumeneng*)

PS: Srana nunggilaken manah, kita purwakani pangibadah Minggu sasampunipun Natal 1 punika kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, ingkang setya nuntun umatipun srana Roh lan kayektèn.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

**5 6 ' | 5 6 ' | 5 4 | 3 . ||**  
**A - min A - min A - min.**

**SALAM** (*jumeneng*)

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

**ATUR PAMBUKA**

(*lenggah*)

P2: Sangsaya dipun remeni déning Allah lan sesami, punika dados jejer ingkang nuntun pangraos kita ing Minggu sasampunipun Natal. Menawi kita ngraos-raosaken, sejatosipun gesang punika satunggaling reroncèning pilihan-pilihan. Dinten punika kita milih kanggé gesang sangsaya dipun remeni déning Allah lan sesami. Prakawis punika pancèn mboten gampang, nanging punika ingkang kedah kita budidaya minangka panuwun sokur kita dhumateng Allah.

Kristus ingkang sampun miyos ing jagad minangka wujud katresnanipun Allah dhumateng jagad punika. Sumangga kita luhuraken asmanipun ingkang suci kanthi kidung pamuji KPJ 234 :1, 3 “Kaprungu Swara Gumyak”

U: (*ngidungaken*) **KPJ 234 :1,3 “Kaprungu Swara Gumyak”**

KPJ 234 KAPRUNGU SWARA GUMYAK

1) Kaprungu swara gumyak ngumandhang saka swarga paring warta kabungahan tumrah mring pra manungsa. Nyata Allah tresna; kongsi ngutus Putranya maringken tentrem rahayu mring para wong pracaya.  
Ref: Rungokna, swaranya paring warta basuki!  
Rungokna swaranya! Pangéran asih mring jalmi.

3) Loncèng Injil ngumandhang, kaundhangaké terus sih-katresnan kang sampurna, srana kurban Panebus. Yéku pawartanya tumrapping wong sadonya: Wus miyos Yésus Pamarta, Juru Slameting jalma.  
Ref: .....

**PANGAKEN DOSA**

(*lenggah*)

PS: Kanthi andhap-asoring manah, kita ngrumaosi ringkihing dhiri kita srana nilingaken pangandikanipun Gusti : “*Awit mungguh ing aku urip iku Sang Kristus, déné mati iku kabegjan. Nanging manawa aku kudu urip ana ing donya iku, iku tumrapping aku ateges nyambut-gawé metokaké*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

*woh. Dadi endi kang kudu dakpilih, aku ora ngandhakaké” (Filipi 1:21-22).*

Sesarengan Rasul Paulus kita kaatag kagem nggegilut pilihan ingkang asring mboten gampang. Kanggé tetep manggèn punapadéné késah, kanggé ngrampung-aken ing wekdal sapunika utawi terus makarya ngedalaken woh. Semanten ugi gesang kita ingkang ringkih punika, nemtokaken pilihan punika prakawis ingkang mboten gampang. Punapa malih nalika kathah prakawis ingkang nggodha kita kagem namung nggatosaken dhiri kita katimbang ngèstokaken karsanipun Gusti. Kita ugi asring kedah ngakeni ing ngarsanipun Gusti, “Gusti, kula mboten mangertos”. Punika wekdalipun kita masrahaken dhiri salebeting panuntuning kayektèn. (*wekdal ening sawetawis*)

U: (*ngidungaken*) **KPJ 434 :1-3 “Gusti Mugi Sampun Ngantos Nilar”**

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

- 1) Gusti mugi sampun ngantos nilar kawula;  
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.  
Ref: Gusti, mugi nuntun kawula  
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
- 2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula  
awit kawula punika putra Paduka.  
Ref.: .....
- 3) Nggèn kula darbé panyuwun, mung sih Paduka  
ingkang dados paugeran miwah landhesan.  
Ref.: .....

**PAWARTOS SIH-RAHMAT**

(*jumeneng*)

PS: Sih-katresnanipun Gusti kagem umat lan sadaya tumitah punika katresnan ingkang mboten winates. Ing karingkahan kita, Panjenenganipun karsa ngiyataken lan mirantosi kita srana kawicaksanaan kayektènipun satemah

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

gesang kita saged manggihaken margi tumuju sih-rahmatipun Gusti. Pangandikanipun Gusti makaten “*Manawa kowé padha ngantepi ing pituturku, kowé sanyata padha dadi siswaku, sarta bakal padha mangreti ing kayektèn, lan kayektèn iku bakal mardikakaké kowé.*” (**Yohanes 8:31b-32**). Mekaten pawaros sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Sumangga kita pratélakaken panuwun sokur kita awit sih-nugrahanipun Gusti punika srana sami sumanggem kagem tansah gesang salebeting kayektèn lan karsanipun Gusti. Samia milih margi katresnanipun Gusti lan sumanggema kagem nindakaken pangandikanipun.

U: (*ngidungaken*) **KPJ 236:1-3 “Pinujia Tansah”**  
KPJ 236 PINUJIA TANSAH

1. Pinuji tansah Allah Mamirah  
kang asih mirma maring manungsa,  
nladani kita welas asih ira  
mring tyang kang ringkih nandhang sangsara.
2. Pinuji - puji Gusti Masuci  
paring aksama dosaning jalma,  
nldhani kita dimèn olah – tresna  
ambek-paramarta dhemen ngapura.
3. Pinuji Gusti Kang Maha Kwasawasa  
tedhak manjalma nandhang sangsara,  
nldhani kita nresnani pepadha,  
temah tiyang papa manggih raharja.

**PALADOSAN SABDA**

(*lenggah*)

PS: (Pandonga Èpiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **I Samuèl 2:18-20:26**  
Makaten sabdanipun Gusti

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kitaanggapi Waosan Kapisan kalawau srana  
**Jabur Mazmur 148** (*saged dipun waos utawi kakidungaken sesautan*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan Kaping Kalih saking **Kolosé. 3:12-17**  
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 2:41-52**

Makaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti, ngrimati saha nindakaken kanti setya ing gesang padintenan. Amin Haléluya!

U: (*ngidungaken Amin, Haléluya*)

$\overset{F}{7}|1 \overset{C}{7} \overset{F}{5} 7|1 \overset{F}{1} \overset{F}{7}|1 \overset{C}{7} \overset{F}{5} 7|1 \overset{F}{1} \overset{F}{7}|1 \overset{Gm}{3} 4 5|4 \overset{C}{.3}|5 4 3 4|3 \overset{F}{.}||$   
**Amin Haleluya Amin Haleluya Pinuji Paduka Amin Haleluya**

**Khotbah : “Sangsaya Dipun Remeni déning Allah lan Sesami”**

**Wekdal Ening**

**PANGAKEN PITADOS RASULI** (*Jumeneng*)

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

**Pandongga Syafaat** (*lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat*)

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**PISUNGSUNG**

(lenggah)

P4: Panuwun sokur punika wujud sikep masrahaken dhiri kagem Gusti Allah, Gustining Sarwa Dumadi ingkang gesang. Sadaya gesang kita tansah dipun cekapi lan dipun berkahi srana cara ingkang mboten jinajakan déning budi kita. Sumangga kita misungsungaken gesang kita minangka panuwun sokur kanthi tetales pangandikanipun Gusti saking **Ibrani 12:28** : “Kang iku, sarèhné kita padha nampani nagara kang ora bisa gonjing, payo padha ngaturaké panuwun lan padha ngabekti marang Gusti Allah, miturut cara kang kakarsakaké, kanthi hurmat lan wedi-asih.”

U: (ngidungaken) **KPJ 164 :1-3 “Klawan Bungah Muji”**  
KPJ 164 KLAWAN BUNGAH MUJI

- 1) Klawan bungah muji nggonku ngaturké, pisungsung mring Gusti, nadyan sepélé.
- 2) Pira kacuwané Gusti mirsani, kang dak aturaké kalawan bekti.
- 3) Aku sru kepéngin bisaa tansah, males katresnané Pangeran Allah.

**Pandangan Pisungsung**

(jumeneng)

P4: (Mimpin Pandonga **Pisungsung** lan **Donga Rama Kawula**)

**KIDUNG PANGUTUSAN**

(jumeneng)

U: (ngidungaken) **KPJ 431 :1-3 “Gusti Adhawuh”**  
KPJ 431 GUSTI ADHAWUH

1. Gusti adhawuh yèn kita sami, kinèn kadya lilin kang amadhangi supaya saben wong padhang ing ati,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

wah anggluhuraké Hyang Ma suci

2. Saka suwarga Gusti mirsani,  
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.  
Gusti ya mirsa, apa kita iki,  
urip kadya lilin kang madhangi.
3. Ing jagad kéné peteng wurahan,  
kebak ing dosa miwah kawusahan.  
Mula payo padha nyunarké cahya,  
Injil peparingé Gusti kula.

**PANGUTUSAN LAN BERKAH** (jumeneng)

PS: Eterna gesang panjenengan ing sadaya kakiyatan kagem  
sangsaya dipun remeni ing Allah lan sesami.

U: **Kawula sumadya damel renaning manahipun  
Allah lan sesami.**

PS: saé punapadéné mboten saé wekdalipun, angèl utawi  
gampil marginipun

U: **Kawula sumadya tansah gesang damel renaning  
penggalhipun Allah lan sesami.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Sapunika lan salaminipun.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti: “Pangéran Yéhuwah mugè  
maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan  
ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah mugè  
nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan  
(kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugè  
karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan  
(kita), lan maringi tentrem rahayu.” Amin

U: (ngidungaken “**Haléluya Amin**”)

**Haléluya (5X) Amin (3X)**

[CLS-hw]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN LITURGI**

**Malem Warsa Énggal**

*Selasa, 31 Dhésèmber 2024*

Katrangan:

PS.: Palados Sabda

Prd: Pradata

Psw: Pasamuwan

**Mawas Dhiri  
miwah Tata-tata**



**PACAWISAN (*kajumbuhaken kaliyan pakulinan  
ingkang sampun kalampah*)**

- *Organis/pianis* ngungêlakên lelagon, ndhèrèkakên pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan nyawisaken dhiri kanthi tidhem.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

**TIMBALAN NGABÊKTI**

*(Jumeneng)*

Prd1: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, wekdal punika kita lumebet ing pangibadah malem warsa anyar 2025, utawi pangibadah ndungkap pungkasaning warsa 2024. Menawi kita gegilut saèstu, saiba ageng lan ngéramaken pakaryanipun Gusti tumrap gesang kita sadanguning warsa 2024 punika. Panjenenganipun tansah nuntun, nganthi salampah gesang kita. Panjenenganipun tindak nyarêngi jangkahing suku kita. Wekdal punika Panjenenganipun nimbali kita marak ngabekti, caos sokur awit panuntun lan panganthinipun. Awit saking punika, sumangga kita sanggêmi timbalanipun Gusti kanthi memuji sesautan manut suraosing Jabur 16: 7-11.

Prd1: Aku ngalembana marang Sang Yéhuwah, kang paring pitedah marang aku; malah ing wayah bengi aku digegulang déning têlênging batinku.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Psw: **Aku tansah madhêp marang Sang Yéhuwah, manawa Panjenengané jumeneng ana ing têngênku, aku mesthi ora nganti kéguh.**

Prd1: Mulané atiku bungah-bungah lan nyawaku asurak-surak, malah dagingku bakal manggon kalawan tentrem.

Psw: **Amargi Paduka boten masrahaken kawula dhateng ing teleng palimengan; Paduka boten marengaken manawi kekasih Paduka ngantosa sumerep kluwat.**

Prd1: Paduka ingkang nedahaken margining gesang dhateng kawula; kabingahan pinanggih lubèr wonten ing ngarsa Paduka; ing asta Paduka ingkang tengen wonten kanikmatan ingkang langgeng.

Sumangga ngonjukaken kekidungan ngluhuraken Asmanipun Gusti kanthi rêpèning KPJ 14: 1, 2 KULA SAMYA TETUNGGILAN.

U: (*ngidungaken*) **KPJ 14: 1,2 KULA SAMYA TETUNGGILAN**

1

Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan

refr: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.

2

Kula rinoban ing begja rintèn-dalu tan kendhat, ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat. Refr.:

### **VOTUM**

PS: Kita lumebet ing pangibadah dalu ndungkap pungkasaning warsa 2024 punika kanthi pengakên: Pitulungan kita inggih Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang setya-tuhu ngreksa sadhéngah rêriptanipun.

Psw: (*ngidungaken*) **Amin, amin, amin.**

### **SALAM**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yesus Kristus nunggil ing panjenengan.

Psw: **Nunggila panjenengan ugi.**

**CECALA** *(Lenggah)*

Prd2: Warsa punika sampun kita langkungi jangkep kaliyan mawarni-warni kanyatanipun. Bingah-sisah, panangis-panggêgijêng, sedhah-giyak, nglokro-lêga lan taksih kathah cariyos sanès ingkang njangkepi gesang kita. Kita mitadosi bilih sedaya punika saged kalangkungan, inggih awit pitulunganipun Gusti. Panjenenganipun boten négakakên kita ngadhêpi piyambakan. Panjenenganipun, Sang Mahatresna tansah nunggil, nresnani lan nyarèngi. Dugèng delahan, sadanguning kita taksih manggèn ing jagad punika, kita mesthi mbetahaken panganthipun.

U: *(ngidungaken)* **KPJ 2: 1, 3 ALLAH MAHASUCI**

**1**

Allah Maha suci, kula asung puji  
ing pangibadah puniki  
agung kamulyanta, ageng sih Paduka  
kang nitahken jagad raya.  
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri  
ngreksa lan ngrimati.

**3**

Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah.  
kula sami nyadhong berkah.  
Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti:  
kang paring gesang sejati.  
Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi.  
nilar gesang lami.

**PANGAKENING DOSA**

*(PS mratitisen pasamuwan kinèn lumebet ing swasana tidhem lan nuntun nggegilut cak-cakaning gesang sadanguning warsa kawuri)*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

PS: Sumangga kita ngilo. Niti priksa manah lan pikiran kita. Punapa sadanguning warsa 2024 punika, kita taksih marêngakên dhiri kita ginubêl ing pangawulaning dosa? Punapa kita taksih nggêgêgi gêtiring manah, kanêpson, rékadaya, srèi, drêngki, boten saged ngêndhalèni dhiri, pikiran lan pangucap awon? Sumangga kita ngakêni saben dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti.

Dhuh Allah, kawula mugèni Paduka welasi awit saking sih-kadarman Paduka, mugèni karsaa nglebur dosa kawula awit saking gunging sih-kadarman Paduka.

Psw: **Mugi kawula Paduka resiki babar pisan saking sakathahing dosa kawula, sarta dosa kawula mugèni Paduka ruwat.**

PS: Amargi kawula ngrumaosi panerak kawula, saha dosa kawula tansah wonten ing ngajeng kawula.

Sareng: Kawula damel dosa dhumateng Paduka, inggih namung dhumateng Paduka piyambak anggèn kawula sampun damel dosa punika, sarta nglampahi ingkang Paduka galih awon, supados tetélaa bilih pancasan Paduka punika adil, saha patrap anggèn Paduka ngadili punika resik.

Psw: (ngidung) **KPJ 54 KULA SAÈSTU NGLENGGANA**

**1**

Kula saèstu nglenggana  
anyisahaken sesami.  
Mila getun manah kula,  
nalangsa ing ngarsaning Gusti

**2**

Ilat kula nyenyidrani,  
gurung kadya kubur menga  
lambé kebak wisa mandi,  
ngrerantam saliring piala.

**3**

Kula nyuwun katentreman,  
cinelakna mring kraharjan,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

nebih saking karisakan,  
wit Gusti paring panganyoman.

**PAWARTOS SIHRAHMAT** *(Jumeneng)*

PS: Tumrap saben tiyang ingkang nglênggana, ngakêni, lan nelangsani dosa-dosanipun ing ngarsanipun Gusti. Panjenenganipun ingkang Mahaasih lan lubèr ing kamirahan tansah nampi lan ngapunteni dosa kita. Kita sampun nelangsani dosa-dosa kita ing ngarsanipun, pramila Panjenenganipun ngrentahaken sihrahmatipun tumrap kita. Pawartos sihrahmat kapethik saking Éfesus 2: 1, 4-5, ingkang mekaten: 1 Kowé biyèn padha mati marga saka panerak-panerak lan dosa-dosamu. 4 Nanging Gusti Allah kang sugih kawelasan, awit saka gêdhéning katresnan kang kaluberaké marang kita, 5 wus nguripaké kita bareng karo Sang Kristus, sanadyan ta kita wis padha mati, awit saka kaluputan-kaluputan kita -- marga saka sih-rahmat kowé padha kapitulungan rahayu -- Makaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

**Psw: (ngidung) KPJ 84: 1, 3 MARA WONG DOSA, WONG CILAKA, MAREKA**

**1**

Mara wong dosa, wong cilaka,  
mareka mring Gusti Pamarta;

temah binirat dosanira, krana gunging sihnya.

Refr.: Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya  
sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.

**3**

Aja semaya, gya mareka,

wit tan ngerti praptaning pati.

Gusti ngantya mring tobatira, krana sih-rahmatnya.

**WEDHARING SABDA**

*(lenggah)*

PS: *(Nuntun pandonga pacawisan)*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Waosan kaping sepisan

L: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut suraosing  
Kitab **1 Para Raja 3: 5-14**  
Makaten pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, kadhasaraken manut **Yohanes 8: 12-19**  
Makaten pamaosing Injil, ingkang rahayu inggih punika  
saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti  
lan ingkang ngèstokaken kanthi tumêmên ing gesang  
padintenan. HALÉLUYA

Psw: (*ngidung*) **“Haléluya”** (3x)

**Khotbah “Mawas Dhiri miwah Tata-tata”**

**Wekdal Tidhem**

**Pengaken Pitados** (*Jumeneng*)

Prd3: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah samangsa  
taksih piningan wewengan gesang, sumangga kita  
antepaken malih tekad kapitadosan kanthi nglisanaken  
Sahadat Kalih Welas, ingkang mekaten....

Psw: (*Sesarengan nglisanaken Sahadat Kalih Welas*)

**Pandongga Syafaat** (*Lenggah*)

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

**PISUNGSUNG**

Prd4: Saiba agengipun katresnanipun Gusti ingkang maujud  
nyata ing gesang kita. Pramila sampun samesthinipun kita  
ngonjukaken panuwun sokur awit kasaénanipun Gusti.  
Kita badhé caos pisungsung konjuk Gusti kanthi  
linandhesan pangadika ing Jabur 96: 8, ingkang mekaten:  
Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané,  
nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Psw: (*ngidungaken*) **KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI**

**1**

Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;  
datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.  
Sokur paringing pakaryan, nadyan badamba ringkih;  
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

**2**

Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni  
sokur méga ngantariksa, miwah surya ndhadhari.  
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

**3**

Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;  
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
sokur dé gesang kawula neng pamengkuning Allah.

**Pandongang Pisungung**

(*Jumeneng*)

Prd4: (*Nuntun pandonga pisungung, mungkasi pangibadah,  
lan Donga Rama Kawula*)

**Kidung Pengutusan**

(*taksih jumeneng*)

Psw : (*ngidungaken*) **KPJ 203: 1, 3 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ**

**1**

Rahayu kang utama lakuné  
ngambah dalaning préntahé Pangéran.  
Rahayu kang netepi dhawuhé;  
wong kang manut ing sapangrèhé Gusti.  
sarta tansah telatèn netepi  
sakarsané klawan éklas ing ati.

**3**

Gusti mugé ngirid lampah kula  
manut-mituruta préntah Paduka,  
datan pegat salami-laminya;

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kula kaparingana manah padhang.  
Dhawuh Paduka kula èstokna  
klayan éklas lan gumolonging manah.

**PANGUTUSAN** *(taksih jumeneng)*

PS: Tansaha mawas lan mranata dhiri. Gesanga anyar ing pepadhang katresnanipun. Samangké, sami ngenerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

Psw : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

Psw : **Kawula nyamektakaken dhiri minangka seksi kagem Sang Kristus.**

PS: Tansah pinujia Asmanipun Gusti, Allah kita.

Psw : **Ing wekdal samangké lan langgeng salaminipun.**

PS: Sami mengkera kanthi bingah, tansah ngemutana pangandikanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya ing gesang penjenengan. Nglampahana gesang ing raos sokur lan setya ngèstokaken timbalanipun. Gusti ngirid gesang panjenengan kanthi berkahipun.

**BERKAH**

PS: Gusti Allah Sang Maharahim ngrengkuh panjenengan (kita) lumebet ing katresnan lan pangrimatipun. Gusti Allah ingkang Maharosa nganthi panjenengan (kita) kalawan karosan lan tentrem rahayu. Lan Sang Roh Suci tansah ngreksa penjenengan (kita) murih tansah gesang ing margining katresnan lan kayektosanipun. Amin.

Psw: **Amin.**

[SR – mgk]



**BAHAN LITURGI**  
**Warsa Énggal 2025**

*Rebo, 1 Januari 2025*

Katrangan:

PS.: Palados Sabda  
Prd: Pradata  
Psw: Pasamuwan  
L: Lèktor

**Berkahipun**  
**Gusti**  
**ing**  
**Salebeting**  
**Resolusi**  


**PACAWISAN** (*kajumbuhaken kaliyan pakulinan ingkang sampun kalampah*)

- *Organis/pianis* ngungêlakên lelagon, ndhèrèkakên pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan nyawisaken dhiri kanthi tidhem.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

**TIMBALAN NGABEKTI**

(*Jumeneng*)

Prd1: Winilanging titi wanci sampun kalangkungan, pranata wekdal ugi sangsaya lumampah majeng ngeteraken lampah kita lumebet ing warsa anyar 2025. *Sang Kronos* lestantun lumampah majeng, punapa kita sawéga ing dhiri utawi dèrèng ngadhêpi kanyatanipun. Lan Gusti Allah ugi ngrawuhaken *Kairos*, temah kita kasagedaken nêgêsi warsa anyar punika manut Karsanipun.

Sumangga kita nelakaken raos sokur, kabingahan ing purwakaning warsa punika kanthi pangibadah konjuk Gusti kanthi kapitadosan lan pangajeng-ajeng bilih tansah wonten berkahipun Gusti ingkang nyarengi éwah-éwahaning gesang ingkang langkung pramana. Sesarengan kita ngonjukaken kidung sokur kakanthi ngluhuraken Asmanipun Gusti lumantar repèning

**KPKA 334 Pamuji Warsi Anyar**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Psw : *(ngidungaken)* **KPKA 334 Pamuji Warsi Anyar**

**1**

Pinuji puji Gusti sih rahmatnya gung yekti  
sajroning warsi lami kita rineksa sing pati  
nadyan tinempuh panggodha nging mantep pracaya,  
wit kinanthi ing Gusti temahan tansah basuki

**2**

Ginunggung Hyang Maagung gung lubèr ing pitulung,  
sajroning warsa lami kula tansah dèn rimati,  
nadyan awrat sanggèn kathah tan semplah ing manah,  
cekap ing kabetahan wah misungsung mring Pangéran.

**VOTUM**

PS: Pangibadah Warsa Anyar 2025 punika lumampah kanthi  
pengaken bilih pitulungan kita inggih wonten Asmanipun  
Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, ingkang  
nglêstarèkakên kasetyanipun salami-laminipun, lan  
ingkang boten naté nilar pakaryan Astanipun.

Psw: *(ngidungaken)* **Amin, Amin, Amin**

**SALAM**

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama  
kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing  
panjenengan sedaya.

Psw: **Mugi nunggila panjenengan ugi.**

**CECALA**

*(Lenggah)*

Prd2: Menawi kita méngo ing sadanguning gesang ing warsa  
ingkang sampun kita langkung, tetéla kathah momotaning  
gesang ingkang ndadosaken gesang kita rumaos kothong,  
buntêt, lan lungsé. Inggih amargi boten wonten margining  
pepadhang nalika ngadhepi momotan kita. Éwasemanten  
wonten cakepan ing KPJ 395 kanthi jejer SAWATARA AKU  
NOLEH, saèstu saged ngèngêtakên kita, sinaosa kita  
kaabên-ajêngakên kaliyan mawarni-warni pepalanging  
gesang, katresnan lan panuntunipun Gusti ndadosaken  
kita éram, ngugun, dadosaken manah kita tentrem. Inggih

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

punika katresnan lan kasetyanipun Gusti ingkang tansah kaéjawantahakên ing gesang kita. Sumangga kita télakaken, lampahi, lan wiyaraken katresnanipun Gusti ingkang ngungunaken.

U: (*ngidungaken*) **KPJ 395 SAWATARA AKU NOLÈH**

**1**

Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,  
sihé Gusti kang dak tampa kanthi éraming ati.  
Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan,  
nanging Gusti karsa nuntun.

Mulané aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa,  
temah rumangsa begja

**2**

Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;  
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.

Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.

Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?

Daklakoni, dakedumken marang umat sadonya.

**PENGAKEN DOSA**

PS: Dinten sepisanan ing warsa anyar 2025, minangka wêwêngan kanggé kita niti-priksa lan ngrumaosi jêjêr kita ing ngarsanipun Gusti. Sumangga ngaturaken pangaken kita ing ngarsanipun Gusti, inggih *Sang Rahmani lan Rahimi*.

Psw: (*ngidungaken*) **KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA**

Awit kathah dosa kula, mila tansah kêmêngan

Gusti kang madhangi manah myang tuing kabingahan

PS: Gusti Allah, Kang Mahatresna, Paduka ingkang ngreksa lan netepaken wekdal, kawula namung manggèn ing wekdal Paduka. Éwasemanten, cak-cakaning gesang kawula ngginakaken wekdal malah tékad-tékad ngrêrêsik dhiri taksih asring boten kasil, inggih amargi patrap gesang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kawula ingkang langkung nêngênakên pikajeng pribadi.  
Dhuh Gusti mugè kersaa ngapunteni kawula.

Psw: (*ngidungaken*) **KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA**

Awit kathah dosa kula, mila tansah kêmengan  
Gusti kang madhangi manah myang tukung kabingahan

PS: Mugè ngapuntenana kawula ingkang dèrèng saged  
nggêmèni dinten-dinten kawula kanthi wicaksana. Kepara  
kawula asring boten nganggep panuntun Paduka, temah  
pangupadi lan paladosan kawula boten dados berkah  
tumrap sesami. Dhuh Gusti kersaa ngapunteni kawula.

Psw: (*ngidungaken*) **KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA**

Awit kathah dosa kula, mila tansah kêmengan  
Gusti kang madhangi manah myang tukung kabingahan

**PAWARTOS SIHRAHMAT** (*Jumeneng*)

PS: Rahayu wong kang kaapura panêraké, kang dosané  
kaaling-alingan! Rahayu wong kang durakané ora kaétang  
déning Yéhuwah, sarta kang atiné ora kadunungan cidra!  
Samangké sami nampia Pawartos Sihrahmat saking  
Yérémia 29: 11, ingkang mekaten: Awit Ingsun iki  
nguningani rancanganingSun tumrap sira, yaiku:  
rancangan tentrem rahayu lan dudu rancangan bilai, yaiku  
supaya sira kebak pangarep-arep kang becik tumrap ing  
bésuké, -- mangkono pangandikané Sang Yéhuwah --.  
Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

Psw : Puji sokur konjuk Gusti Allah.

Psw: (*ngidungaken*) **KPJ 353: 1-3 SEMBAH BEKTI WAH  
PUJI**

**1**

Sembah bekti wah puji konjuk ngarsèng Gusti,  
kang mberkahi gréjanya, temah tansah begja.  
Injil kraton ing Allah ingundhangken sumrambah.  
Asmané kamulyakna déning sagung bangsa.

**2**

Sagung kidung kamulyan konjuk mring Pangéran

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

dalah pisungsung katur tandha saos sokur  
wit pangrèhnya nyata dhateng umat kang setya.  
Asmané kamulyakna kanthi trus ing driya.

**3**

Salir kidung panggungung konjuk Hyang Maagung,  
kang maring pasamuwan tansah sung pitulung.  
Nadyan panggodha nempah, gréja panggah tan dhawah  
Asmané kamulyakna salami - laminya.

**WEDHARING SABDA**

(Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga pacawisan)

Waosan kaping sepisan

L1: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut Kitab  
**Wilangan 6: 22-27**

Makaten pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Tanggapan

L2: Sumangga kita sanggêmi pangandika ing Kitab **Wilangan  
6: 22-27**, kanthi maos (*ngidung manut cakepan ing*)  
**Jabur 8** kanthi sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kadhasaraken manut serat **Galati 4:  
4-7**

Makaten pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Pemaosing Injil, kadhasaraken ing **Lukas 2: 15-21.**

Makaten pamaosing Injil, ingkang rahayu inggih punika  
saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti  
lan ingkang ngèstokaken kanthi tumêmên ing gesang  
padintenan. HALÉLUYA

Psw: (*ngidungaken*) **“Haléluya” (3x)**

**Khotbah: “Berkahipun Gusti ing Salebeting Resolusi”**

## **Wekdal Tidhem**

### **Pengaken Pitados** *(Jumeneng)*

Prd3: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah samangsa taksih piningan wewengan gesang, sumangga kita antepaken malih tékad kapitadosan kanthi nglisanaken Sahadat Kalih Welas, ingkang mekaten....

Psw: *(Sesarengan nglisanaken Sahadat Kalih Welas)*

### **Pandongga Syafaat** *(lenggah)*

PS: *(Nuntun pandonga syafaat)*

## **PISUNGSUNG**

Prd4: Sumangga ngaturaken pisungsung kanthi suka-bingah lan manah ingkang tulus-éklas mawi cecaosan kita kakanthi pangandikanipun Gusti ing Kitab Pangandharing Torèt 16: 16b-17, ingkang mekaten dhawhipun: “Aja lègèh anggonmu séba marang ngarsané Pangéran Yéhuwah, nanging saben wong uga nggawaa pisungsung sakuwaté, cundhuk karo berkah peparingé Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé.”

U: *(ngidungaken)* **KPJ 373 APA KOWÉ BISA NGÉTUNG**

**1**

Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa?  
Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing méga?  
Kabèh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,  
ora ana siji bae kang uwal king astané.

**2**

Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?  
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?  
Kabèh iku saben dina dèn ingoni Hyang Makwasa;  
ora ana siji baé kang kliwatan takèré.

**3**

Apa kowé weruh bocah kang atresna mring Gusti?  
Saben dina mesthi tansah tumenga saos bekti.

Mangsa Advèn Natal 2024  
"Panjenengané Dedalem ing Antara Kita"

Marang bocah kang ngibadah saben dina muji Allah,  
Gusti mesthi datan kendhat amaringi sih-rahmat!

**Pandongang Pisungsung**

(Jumeneng)

Prd4: *(Nuntun pandonga pisungsung, mungkasi pangibadah,  
lan Donga Rama Kawula)*

**Kidung Pengutusan**

(taksih jumeneng)

Psw: *(ngidungaken)* **KPJ 379 LAH AKU BOCAH RAHAYU**

**1**

Lah aku bocah rahayu, aku kudu ngidung,  
"Duwé omah lan wong tuwa, sadulur lan mitra.  
Ngarah apa manèh aku? Aku bocah kang rahayu

**2**

Lah aku bocah rahayu, saiba begjaku.  
Dé badanku bagus-waras, lan atiku énggar  
Wong tuwa ngopèni aku; aku bocah kang rahayu

**3**

Lah aku bocah rahayu, saiba bungahku.  
Saben - saben dina aku nampani piwuruk  
saka wong tuwa lan guru. Lah aku bocah rahayu.

**4**

Ya, aku bocah rahayu, banget panuwunku  
mring Allah, kang amarengi aku angrerepi,  
"Ngarah apa manèh aku, dé aku bocah rahayu"

**PANGUTUSAN**

(Jumeneng)

PS: Sami ngenerna manah dhumateng Gusti.

Psw: **Kawula eneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Dadosa seksi kagem Sang Kristus.

Psw: **Kawula nyamektakaken dhiri minangka  
seksinipun.**

PF: Tansah pinujia Asmanipun Gusti, Allah kita.

Psw: **Samangké lan langgeng salaminipun.**

PS: Sami mengkera kalayan pitados lan nggadahi pangajeng-  
jeng bilih berkahipun Gusti Allah tansah mitulugi

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

mujudaken anyaring tékad panjenengan.  
Panjenenganipun tansah makarya lan nunggil gesang  
panjenengan lumantar berkahipun.

**BERKAT**

PS: Gusti Allah mberkahi lan ngayomi panjenengan (kita).  
Gusti Allah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng  
panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat. Gusti Allah  
nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita)  
lan maringi tentrem rahayu. Amin.

Psw: (*ngidungaken*) **Haléluya** [5x] **Amin** [3X]

[SCY – mgk]



**BAHAN LITURGI**

**Minggu II Sasampunipun Natal**

*Minggu; 5 Januari 2025*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

P: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

**Pakaryaning  
Katresnanipun  
Allah**  
☪

**PACAWISAN** (kajumbuhaken kaliyan pakulinan ing gréja  
piyambak-piyambak)

- Organisme/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken pangibadah.
- Wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(jumeneng)*

P1: Pasamuwan ingkang kinasih, Gusti sampun nindakaken sakathahing pakaryan ageng kanggé kita, sapunika kita sowan kanthi manah ingkang bingah.

U: **Pinujia Gusti ingkang sampun nindakaken pakaryan ageng kanggé kita!**

P1: Gusti sampun nganthi kita ing taun kapengker lan marengaken kita mlebet taun anyar tuwin ing Minggu sepisanan ing taun anyar!

U: **Pinuia Gusti!**

P1: Gusti mboten naté nilar kita lan tansah nrensnani kita ing sadhéngah kawontenan!

U: **Pinujia Gusti!**

P1: Sumangga kanthi bingah ngluhuraken asmani-Pun!

U: *(Ngidungaken KPJ 7:1, 2)* **KPJ 7 GUSTI, KAWULA SOWAN**

**1**

Gusti, kawula sowan atur pangabekti,  
pasrah nyawa lan badan kanthi trusing ati.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mugi Paduka tampi, wah paring kadarman,  
dimèn kula lestantun wonten ing kraharjan.

**2**

Kawula sèstu ngudi manut rèhing Gusti,  
nanging ringkihing budi tansah memalangi.  
Dhuh Gusti, mugi rawuh, mulunga ing asta,  
dadya gondhèlan bakuh, kula tan suwala.

**VOTUM** *(jumeneng)*

PS: Pangibadah minggu kaping kalih sasampuniun Natal  
punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang  
Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

U: *(Ngidungaken: Amin)* **Amin, Amin, Amin**

**SALAM** *(jumeneng)*

PS: Gusti nunggil ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggil ing panjenengan ugi.**

**ATUR PAMBUKA** *(lenggah)*

P2: Gusti Allah kita punika tansah makarya, mboten naté  
mèndel. Panjenenganipun anggatosaken sadhéngah  
prakawis ingkang kalampahan ing gesang kita lan  
nindakaken sakathahing pakaryan wonten ing gesang kita  
karana Panjenenganipun nresnani kita. Awit  
katresnanipun “Pakaryaning Katresnanipun Allah” rawuh  
lan sumadya dados manungsa. Panjenenganipun ingkang  
Mahakawasa sumadya dados manungsa ingkang ringkih,  
Panjenenganipun ingkang Mahaluhur sumadya dados  
sami kaliyan kita. Awit katresnanipun, Gusti Allah tansah  
makarya ing wekdal punika. Nyarengi kita salebeting  
tumapak ing manéka kawontenaning gesang.

U: *(Ngidungaken: KPJ 96)* **KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN  
SLAMANYA BUNGAH**

**1**

Tyas kita dimèn slamanya

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

bungah lan sukarena,  
déné Sang Rama ing swarga  
nganggep putra mring kita.  
Reff.: Mara tansah abebungah  
saben dina antuk trang  
Dalaning urip éndah apadhang,  
mara tansah dèn girang

**2**

Hyang Agung kang njangkung kita,  
rineksa ing panggodha.  
Sih-rahmatnya kang anglipur,  
paring kuwat-santosa.  
Reff.: .....

**3**

Lamun kita nyingkur Gusti,  
nèng ati peteng, uwas.  
ilang kekuwatan kita,  
wah kabungahaning tyas.  
Reff.: .....

**PANGAKENING DOSA** (lenggah)

PS: Sumangga kita ngakeni dosa-dosa kita ing ngarsanipun Gusti. Kita ndedonga sacara pribadi. (*Umat ndedonga kairingan instrumental Kidung: KPJ 61 SAÈSTU KEDUWUNG pada 1*). Kalajengaken déning PS:  
Dhuh Gusti, Paduka karsaa midhangetaken pangakening dosa kawula. Kawula ngrumaosi minangka tiyang-tiyang ingkang sejatinipun mboten pantes. Kawula nglenggana, lumantar cangkem kawula asring kawula damel dosa cidra, nepsu, lan samukawis ingkang damel tatuning sesami. Lumantar tangan, suku lan sadaya pandamel kawula, asring kawula nindakaken punapa ingkang mboten karenan ing panggalih Paduka. Malahan ingkang sumimpen ing gesang kawula, manah lan pikiran kawula

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kinebakan dening dosa lan jejember. Gusti, Paduka  
rengkuh kawula lan apuntenana kawula. Amin.

U: (*Ngidungaken: KPJ 61*) **KPJ 61 SAÈSTU KEDUWUNG**

**1**

Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.  
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,  
nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci

**2**

Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.  
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,  
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

**3**

Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.  
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,  
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** (*jumeneng*)

PS: Awit sih-piwelasipun Gusti ingkang tanpa winatés,  
Panjenenganipun karsa nampèni keduwunging  
manahipun umat. Pamratobat ingkang kaaturaken kanthi  
tulus badhé mulihaken. Pramila Ingkang Mahaasih  
nindakaken pangapuntening dosa lumantar pakaryanipun  
ingkang agung lan mulya. Wekdal punika nampènana  
pangandikanipun wonten ing 1 Yokanan 3:1 “Kawruhana,  
sapira gedhéné katresnan kang diparingaké dening Sang  
Rama marang kita, nganti kita padha kasebut para  
putraning Allah.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

U: (*Ngidungaken: KPJ 55*) **KPJ 55 KULA TYANG DOSA**

**1**

Kula tyang dosa klangkung ageng,  
rinentahan palimirma.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Punika ngéram-éramaken,  
kawula sèwu tan nyana.  
Mangké tan wonten paniksa  
mangké tan wonten paniksa  
Ming rumentahing sih mirma,  
ming rumentahing sih mirma.

**2**

Allah ngasihi dhateng kula,  
dosa kula ingaksama.  
Tan wonten mulading bendunya,  
wit kula ingangkat putra.  
Kula punika sinten, ta, (2x)  
dé rinentahan sih-mirma? (2x).

**PALADOSAN SABDA**

(lenggah)

PS: (*Pandonga Epiklése*)

U: (Ngidungaken..... para lektor sami cecawis)

Waosan kapisan:

L1: Waosan kapisan saking: **Yérémia 31:7-14**  
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti wau  
sarana ngidungaken Jabur 147:12-20 (*utawi dipun waos*)

Waosan kaping kalih:

L3: Waosan kaping kalih saking: **Éfesus 1:3-14**  
Makaten pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking: **Yokanan 1:10-18**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. HALÉLUYA.  
U: (*Ngidungaken: Haléluya*) **Haléluya, haléluya, haléluya.**

**Khotbah “Pakaryaning Katresnanipun Allah”**

**Wekdal Ening**

**Pangaken Pitados** (*jumeneng*)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal, sumangga kita mratélakaken punapa ingkang kita pitados kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli***)

**Pandongang Syafaat** (*lenggah*)

PS: (*Mimpin pandonga syafaat*)

**PISUNGSUNG** (*lenggah*)

M4: Tandha panuwun ingkang kita aturaken ing pangibadah punika lumantar pisungsung, kinanthénan tetales ing pangandikanipun Gusti kados ingkang kaandharaken déning Rasul Paulus ingkang sinerat ing 1 Korinta 6:19-20, “*Apa kowé padha ora sumurup, yèn badanmu iku dadi padalemané Sang Roh Suci kang ana ing kowé, Sang Roh Suci kang kaparingaké marang kowé déning Gusti Allah, sarta yèn awakmu iku dudu awakmu dhéwé? Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!*”

U: (*Ngidungaken: KPJ 176*) **KPJ 176 PADHA SAOSA SOKUR**

**1**

Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur; wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi. Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**2**

Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci.  
mukjijaté caritakna marang sakèhing manungsa.  
Padha luhurna asmanya klawan panabuhing gangsa.

**3**

Abungaha wong kang ngupaya pangayunané Kang Makwasa,  
padha anitik-nitika, mungguh kwanané Pangéran.  
Ngupayaa wedanané, éinga mring mukjijaté.

**Pandongang pisungsung**

(jumeneng)

M4: (Mimpin pandonga pisungsung)

**Kidung Pangutusan**

(jumeneng)

U: (Ngidungaken: KPJ 203) **KPJ 203 RAHAYU KANG  
UTAMA LAKUNÉ**

**1**

Rahayu kang utama lakuné  
ngambah dalaning préntahé Pangéran.  
Rahayu kang netepi dhawuhé;  
wong kang manut ing sapangrèhé Gusti.  
sarta tansah telatèn netepi  
sakarsané klawan éklas ing ati.

**2**

Dhuh Gusti, punapa sarananya  
tyang nèm-nèman saged jujur ing lampah  
kejawi dipun rèh, mituruta  
sapangandika lan préntahing Allah?  
Kawula sampun Paduka uja  
nyalèwèng nilar pepakèn Paduka.

**3**

Gusti mugi ngirid lampah kula  
manut-mituruta préntah Paduka,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

datan pegat salami-laminya;  
kula kaparingana manah padhang.  
Dhawuh Paduka kula èstokna  
klayan éklas lan gumolonging manah.

**PANGUTUSAN**

(*jumeneng*)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng pakaryan  
katresnanipun Allah ingkang nyata wonten ing gesang  
panjenengan

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Allah**

PS: Sumanggema dados seksinipun Sang Kristus ingkang  
andum katresnan tumrap sesami

U: **Kawula sumanggem dados seksinipun Sang  
Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Sapunika lan salaminipun**

**BERKAH**

PS: Nampènana berkahipun Gusti:

Mugi katresnanipun Allah Sang Rama tansah njangkung  
gesang panjenengan. Mugi kawilujenganipun Sang Kristus  
nyantosakaken manah panjenengan nalika lumampah ing  
gesang punika. Mugi pitulunganipun Sang Roh suci tansah  
nuntun panjenengan. Lan Gusti Allah tansah mberkahi  
panjenengan wiwit sapunika ngantos salaminipun. Amin.

U: (*Ngidungaken: Haléluya, Amin*) **Haléluya, Amin.**

[SH-tk]



**BAHAN LITURGI**  
**Minggu**  
**Baptisanipun Gusti Yésus**  
*Minggu; 12 Januari 2025*

Katrangan

PL: Palados Liturgi  
PS: Palados Sabda  
P: Pradata (Pnt/Dkn)  
U: Umat  
L: Lèktor

**Baptisanipun**  
**Gusti Yésus**  
**Minangka**  
**Béla Roasipun**  
**Allah**  
☩☩☩

**Pacawisan**

- Prosèsi wiwitan kajumbuhaken kaliyan pakulinan gréja piyambak-piyambak.
- Menawi wonten kekidungan ingkang anyar prayogi dipun gladhi sesarengan kaliyan pasamuwan sadèrèngipun pangibadah kawiwitan.
- Umat cecawis sacara pribadi.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(lenggah)*

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti. Minggu punika kita pahargya minangka minggu baptisanipun Gusti Yésus. Sacara taun liturgi, kita sampun mlebet ing minggu biasa. Pratandha minggu biasa kita ngginakaken warni ijem. Warni ijem nggambaraken gesang lan ngrembaka. Gesang wonten ing Sang Kristus ateges tuwuh salebeting sih-rahmati-Pun. Sumangga kita jumeneng lan mlebet ing pangibadah punika tuwin ngunjukaken pamuji ngrepekaken Kidung: **KPJ 298 GUSTI KULA MAHATRESNA**

U: *(ngidungaken KPJ 298)* **KPJ 298 GUSTI KULA MAHATRESNA**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**1**

Gusti kula Mahatresna,  
Juru Pangèn utami;  
kanthi setya  
pangreksanya,  
mrih gesang kula suci.

**2**

Manah sisah dados bingah,  
wit Gusti kang mberkhai.  
Nadyan rempu miwah semplah,  
nggih Gusti kang ngrimati.

**VOTUM**

(*jumeneng*)

PS: Pangibadah punika katindakaken awit pitulunganipun kita wonten ing Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: (*ngidungaken: Amin*) **Amin, Amin, Amin.**

**SALAM**

(*jumeneng*)

PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan sadaya!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

**ATUR PAMBUKA**

(*lenggah*)

PL: Kénging punapa Gusti Yésus ngersakaken dipun baptis déning Yokanan Pambaptis? Miturut panampining jagad, bab punika karaos anèh. Baptisan ingkang kaladosaken Yokanan kanggé pangapuntening dosa. Gusti Yésus ngersakaken baptisan mboten amargi Panjenenganipun dosa. Lumantar baptisan, Gusti Yésus mbabaraken béla raosipun dhateng manungsa ingkang dosa. Béla raos wujud angraosaken tetanggelan ingkang sami. Lumantar baptisani-Pun, Gusti Yésus mulangaken gesang salebeting béla raos supados gesang punika tuwuh ngrembaka sesarengan wonten ing sih-rahmati-Pun.

U: (*Ngidungaken KPJ 141*) **KPJ 141 TIYANG PITADOS**

**1**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Tiyang pitados tentrem gesangnya,  
yèn nunggil Sang Pamarta.  
Panggah seger kadya epang  
lamun ing witira.

Reff.T tyang kang tansah manut rèhing Gusti  
amung begja kang pinanggya.  
Binerkahan siyang lan ratri  
lestantun rineksa.

**2**

Tiyang pitados gesang lestari, lamun nunggil lan Gusti.  
Kadya epang lan wohira, yèn nunggil ing witnya.  
Reff.: .....

**PANGAKENING DOSA** *(lenggah)*

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, ing madyaning gesang  
punika, pinanggih manéka patrap, klèntu, kalépyan lan  
dosa dados sandhanganing gesang. Gusti Allah nimbali  
kita supados mratobat. Ing ngarsanipun Gusti Allah,  
sumangga kita ngakeni dosa *(umat ndedonga pribadi  
kalajengaken déning PS)*.

Dhuh Gusti, kawula manungsa ingkang dosa. Apuntenana  
kawula. Namung dhumateng Paduka kawula nyuwun sih-  
rahmat awit Paduka punika Gusti Allah ingkang  
Mahaasih. Wonten ing sihipun Gusti Yésus Kristus kawula  
ndedonga. Amin.

**KIDUNG PANGAKENING DOSA** *(lenggah)*

U: *(ngidungaken KPJ 53)* **KPJ 53 KAPYARSI GUSTI  
NIMBALI**

**1**

Kapyarsi Gusti nimbali, "Hé, wong kamomotan,  
mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"  
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayam sejati,  
awit tansah binerkahan, sinung karaharjan.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**2**

Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong ngelak, mareka,  
ngombé banyu panguripan kang saka ing swarga'  
Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci.  
tinuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami.

**3**

Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong dosa, mareka,  
nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"  
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati,  
wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT**

(jumeneng)

PS: Gusti Allah tansah anggatosaken kita, satemah Gusti Yésus Sang Putra, Putraning Allah sumadya nampèni baptisan kadosdéné manungsa dosa, awit baptisan punika tandha pamratobat. Tumrap tiyang ingkang tumemen mratobat lan pitados dhumateng Gusti, Gusti karenan paring pangapunten tumrap dosa lan kalepatan kita. Pangandikanipun Gusti wonten ing Galati 3:26-29 ngendika,

“Sabab marga saka pracaya marang Gusti Yésus Kristus kowé padha dadi putrané Gusti Allah. Awit kowé kabeh, kang padha kabaptis ana ing Sang Kristus, wus padha ngrasuk marang Sang Kristus. Ing bab iki ora ana wong Yahudi utawa wong Yunani, ora ana batur tukon utawa wong mardika, ora ana lanang utawa wadon, awit kowé kabeh padha dadi siji ana ing Sang Kristus Yésus. Mangka yèn kowé kagungané Sang Kristus, ateges kowé padha dadi trahing Rama Abraham lan padha dadi ahli waris miturut prasetya.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

(umat sesalaman lan pratéla “*tentrem rahayu*”)

**KIDUNG PAMUJI**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

U: (*ngidungaken KPJ 162*) **KPJ 162 KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI**

**1**

Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.  
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.  
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha  
kwasa.  
Amin

**2**

Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.  
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.  
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.

**3**

Katresnanta Paduka, Gusti wonten ing Yésus kawedhar.  
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.  
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.

**PALADOSAN SABDA**

(*lenggah*)

PS: (*mimpin pandonga épiklése*)

Waosan kapisan

L: Waosan kapisan saking: **Yésaya 43:1-7**  
Makaten Pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Mazmur Tanggapan

L: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti wau  
kanthi maos **Jabur 29** (*saged kakidungaken*).

Waosan kaping kalih

L: Waosan kaping kalih saking: **Lelakoné Para Rasul 8:14-17**

Makaten pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Pamaosing Injil

PS: Waos an Injil kita waos saking Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut **Lukas 3:15-17, 21-22**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ngèstokaken. Haléluya!

U: (*ngidungaken: Haléluya*) **Haléluya.**

**KHOTBAH**

PS: “Baptisanipun Gusti Yésus Minangka Béla Raosipun Allah”

**Wekdal ening**

**PANDONGA SYAFAAT**

(*lenggah*)

PF: (*mimpin padonga syafaat*)

**PANGAKEN PITADOS**

(*jumeneng*)

P: Sesarengan umatipun Gusti ing wekdal kapengker, samangké lan ing mangsa ngajeng, sumangga kita mratélakaken pangaken kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli***)

**PISUNGSUNG**

(*lenggah*)

P: Kanthi katresnan, kita aturaken panuwun kita sesarengan sarana ngempalaken pisungsung. Sabdanipun Gusti ngènetaken, “Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus tumrap kowé. (1 Tesalonika 5:18).

**KIDUNG PISUNGSUNG**

U: (*ngidungaken KPJ 171*) **KPJ 171 MANGGA SAOS PISUNGSUNG**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Mangga saos pisungsung mring Allah  
Maagung krana gunging sihrahmat  
kang luber tan kendhat

**2**

Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,  
de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.

**3**

Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,  
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

**PANDONGA PISUNGSUNG**

(jumeneng)

P: (mimpin pandonga pisungsung)

**KIDUNG PANGUTUSAN**

(jumeneng)

U: (ngidungaken KPJ 439) **KPJ 439 ING JAGAD KANG  
PETENG**

**1**

Ing jagad kang peteng krana dosa  
kathah tyang kang nggresula  
Karana panandhang, samya nggresah  
miwah semplah ing manah.

Reff.: Sumangga, Gusti, ngagem kawula,  
mrih ngengetna para kanca  
sengkut makarya nglawan godha,  
dadosa berkah tumrap tyang kathah

**2**

Angundhangna sih rahmaté Gusti  
kanthi setya nglampahi;  
margining luwar saking sangsara,  
temah samya raharja

Reff.: .....

**3**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,  
kinanthia pandonga,  
mrih luwar saking kwasaning dosa,  
wah gesangnya sembada  
Reff.: .....

**PANGUTUSAN**

(jumeneng)

PS: Gusti Yésus kabaptis awit béla raosipun. Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Sumanggema dados seksi kanthi katresnan lan béla raos dhateng sesami

U: **Kanthi kebak ing panuwun, kawula dados seksi kanthi béla raos lan katresnan**

PS: Saosa pamuji dhumateng Gusti lumantar gesang panjenengan

U: **Pinujia Gusti Sang Sumber sadaya sumber**

**BERKAH**

(jumeneng)

PS: Pinujia Gusti Allah lan Ramané Gusti kita Yésus Kristus, kang wus mberkahi kita ana ing Sang Kristus kalawan sarupané berkah kasukman kang ana ing swarga. (Éfesusi 1:3). Gusti Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci ngrengkuh gesang panjenengan (kita) supados panjenengan (kita) sembada lan dados margining berkah. Amin.

U: (ngidungaken Haleluya, Amin)

**Haléluya** (5x), **Amin** (3x)

[WSN-tk]



## **“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI”**

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan sapanggénan.**



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 1**  
*Nggegilut Mangsa Advèn*

Waosan:  
Yérémia 33:14-16

**Netepi Janji**  
☪☪☪

**Ancas:**

1. Pasamuwan kaajab saged nyebataken wohing panggegiluting dhiri bab prasetyaning Allah ingkang temtu badhé kelampahan/kajangkepi.
2. Pasamuwan saged ngendikakaken pangertosan imanipun bilih prasetyaning Gusti bab karawuhanipun ingkang angka kalih punika temtu kelampahan/kajangkepi.
3. Pasamuwan nuladha Gusti, tansah setya netepi janjinipun dhateng sesami minangka wujuding imanipun dhumateng Gusti.

**Dhedhasaring Pamanggih**

Tetembungan “Janji adalah hutang” asring kita pireng ing gesang padintenan. Tetembungan punika ngémutaken kita bilih saben janji punika kedah dipun jangkepi. Janji ingkang mboten dipun jangkepi sinebat ngapusi. Tumindak ngapusi punika ngrisak pasrawungan. Kejawi punika, tumindak ngapusi ingkang sampun dados padatan ugi badhé ngrisak watakipun tiyang. “Janji adalah hutang” nandhesaken bilih menawi setunggaling tiyang ingkang janji punika nembé ngampil utawi nyambut dhateng tiyang ingkang dipun janjèni. Kados déné pranatan limrah, bilih sambutan punika kedah dipun wangsulaken, mekatena ugi tumrapping janji ingkang sampun kalairaken.

Ing Kitab Suci kathah ayat ingkang ngendikakaken bab janji utawi prasetyanipun Gusti dhateng para umat. Salah setungalipun ing Kitab Yérémia 33:14-16. Ing ngriku

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kapratélakaken bilih ing titi wancinipun mangké Gusti Allah badhé nuhoni prasetyanipun. Minangka Allah ingkang Adil, Panjenenganipun mboten badhé mblénjani janji. Bab ingkang prelu dipun lampahi déning para kagunganipun, inggih punika tumemen lan sumanggem anggènipun rumanti jangkeping janji. Sikep ingkang tumemen lan sumanggem minangka pérangan ingkang baken ing salebeting para umat rumanti jangkeping prasetyanipun Gusti. Kanthi sikep punika umat badhé sangsaya kekah gesangipun.

Ing Minggu Advèn I punika, kita badhé nyinau Pangandikanipun Gusti bab Prasetyanipun. Salah setunggaling prasetyanipun Gusti inggih punika, bilih Panjenenganipun badhé rawuh malih ing bumi. Wondéné mbénjing punapa prasetyan punika badhé dipun jangkepi? Wonten ing Sang Kristus, Panjenenganipun sampun rawuh ing jagad punika. Rawuhipun Sang Kristus dados bukti jangkeping janji dhateng para umat ingkang sami nganti-anti rawuhipun Sang Mesih. Menawi samangké, Panjenenganipun prasetya badhé rawuh malih ing pungkasaning jaman, prasetyanipun temtu dipun jangkepi. Ing ngriki kita sami kaatag supados tumemen lan sumanggem rumanti rawuhipun ingkang angka kalih punika.

### **Lampahipun PKS**

- PKS saged kawiwitan kanthi ngaturaken ancasing PKS
- Pasamuwan kaajak ngrembag purwakaning pirembagan kados ingkang sampun kacawisaken ing bahan punika.

### **Purwakaning Pirembagan – Andum Pengalaman**

1. Kados pundi tanggapan panjenengan nalika manggihaken tiyang ingkang sampun janji nanging mboten naté dipun jangkepi?
2. Saking Kitab Suci, kita mangertos wonten kathah janji lan prasetyaning Allah dhateng para umatipun. Miturut panjenengan, kénging punapa Gusti Allah kedah maringaken prasetyanipun dhateng para umatipun?

## **Mirengaken Sabda**

*(pasamuwan kaajak maos Kitab Yérémia 33:14-16, kalajengaken maos andharan)*

Kitab Yérémia 33 minangka kalajengan saking pameca bab paukuman lan pulihing umat awit pakaryaning Gusti Allah tumraping bangsa Israèl. Nalika semanten Yèrusalèm kakepung déning mengsah lan Nabi Yérémia kinunjara ing plataraning pajagan (ay. 1-13). Nabi Yérémia ngundhangaken pameca bab punapa ingkang badhé dipun alami déning para umat. Nabi Yérémia ngendikakaken bilih Umat badhé kawangun déning Allah. Umat badhé ngalami paukuman awit dosa durakanipun dumateng Gusti Allah. Éwa semanten, Gusti Allah tetep badhé mitulungi umat kagunganipun. Gusti Allah badhé paring pulih lan nucèkaken umat saking dosa ingkang sampun dipun lampahi. Gusti Allah badhé paring pangapuntèn lan miwiti prasetyanipun malih dhateng para umat ing mangsa ingkang badhé dhateng.

Wiwit ing sakawit timbalanipun, Gusti Allah paring jejibahan dhateng Nabi Yérémia, inggih punika “mbedhol lan ngrubuhaken, ngrusak lan nggempuri, apadéné mbangun lan nandur” (Yér. 1:10). Punapa tegesipun jejibahan “mbedhol lan ngrubuhaké... apadéné mbangun lan nandur”? Lumantar nabi Yérémia pawartos paukuman kaundhangaken (mbedhol lan ngrubuhaké). Nanging sinarengan kaliyan punika ugi wonten prasetya paring pulih saking Gusti Allah (mbangun lan nandur).

Lumantar Kitab Yérémia 33:12, kita saged mangertosi kawontenanipun bangsa Israèl nalika Gusti Allah mulihaken kawontenanipun. Ayat 12 nggambaraken bilih ing wewengkon ingkang sadèrèngipun minangka gempuran - tanpa manungsa lan kéwan, kadya kitha mati – ing ngriku badhé wonten tandha-tandha ingkang gesang. Kagambaraken bilih kitha-kitha punika badhé tuwuh pasamunan ingkang kebak suketipun lan dados papaning para pangèn mléngungaken ménda-méndanipun. Gambaran punika mratélakaken bilih ing kitha-kitha mati wau badhé muncul tandha-tandha wontenipun ingkang gesang.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Malahan ing Yérémia 33:11, kagambaraken ugi kawontenan ingkang mbingahaken, ingkang badhé dipun alami déning tiyang ingkang dedunung (*penduduk*) ing kitha Yérusalèm. Ing kitha punika sewaupun sepi mamring tanpa manungsa, “bakal keprungu manèh sabawaning kabungahan lan sukarena, swaraning pengantèn lanang lan wadon,” Inggih mekaten gambaran anggènipun Gusti Allah paring pulih tumrap umat kagunganipun.

Ing ayat 14-16, pangandikanipun Gusti mratélakaken malih, “Lah, bakal tumeka ing mangsané anggoningSun bakal nuhoni prasetya, kang Sunparingaké marang tedhak turuné Israèl lan Yéhuda...Ingsun bakal nuwuhaké Trubusing kaadilan tumrap Dawud, kang bakal nindakaké kaadilan lan kabeneran ana ing nagara. Ing wektu iku Yéhuda bakal linuwaran lan Yérusalèm uripé bakal tentrem...”

“Trubusan’ punika nggambaraken bab ingkang gesang. Munculipun trubusan dados tandha bilih gesang ingkang anyar sampun kawiwitan. Menawi kita maspadakaken thukul lan tuwuhipun tetaneman, mila kita badhé nitik bilih tetaneman punika gesang nalika kita manggihaken trubusanipun. Ing mangsa sekar, trubusan-trubusan ingkang anyar lan kiyat badhé muncul saking pok-pokanipun wit anggur, najan ing mangsa asrep kawéstingal kados sampun mati. Inggih kados mekaten gambaranipun prasetyaning Allah. Ing titi wancinipun, prasetya punika badhé jinangkepan lan badhé muncul kawontenan gesang ingkang anyar, ingkang kawontenanipun béda sanget kaliyan kawontenan sadèrèngipun.

### **Kalajenganing Pirembagan – Methik Makna Saking Pengalaman Sacara Anyar**

1. Samangké, para kagunganipun Gusti lumebet ing Minggu Advèn I. Gusti Allah prasetya badhé rawuh ingkang angka kalih. Prasetyanipun temtu kelampahan/kajangkepi. Minangka pendhèrèkipun Gusti, punapa ingkang panjenengan mangertosi bab prasetya badhé rawuhipun Gusti ingkang angka kalih?

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

2. Punapa sikep utawi patrap ingkang kedah dipun lampahi déning para umat ing salebeting rumanti jangkepipun prasetyaning Allah punika?

**Nganyaraken Gesang – Patrap Ing Saben Dintenipun**

1. Ing gesang padintenan, kita asring nélakaken janji dhateng sesami. Punapa ingkang kedah dipun lampahi supados janji saged kajangkepi?
2. Sasampunipun ngraos-ngraosaken prasetyaning Allah ingkang tansah dipun jangkepi, punapa ingkang badhé panjenengan lampahi kanggé nuwuhaken iman dhumateng Gusti?

*Prasetyaning Gusti kadya lintang; sangsaya peteng ing dalu  
sangsaya padhang cahyanipun.*

(David Nicholas)

[WSN-ip]

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 2**  
*Nggegilut Mangsa Advèn*

Waosan:  
Filipi 1:3-11

**Tetep**  
**Waspada**  
☪☪☪

**Cecala**

Wonten tetembungan ingkang nyebataken mekaten, bilih saèstu langkung angèl rumeksa tinimbang nalika ngudi ngasilaken. Punapa panjenengan sedaya sarujuk kaliyan tetembungan punika? (***Pasamuwan dipun aturi wekdal kanggé nélakaken pemanggihipun***)

Samngké kita badhé sesarengan sinau saking Serat Kintunanipun Rasul Paulus dhateng Pasamuwan ing Filipi. (***Pasamuwan kaajak maos Filipi 1:3-11***).

Pasamuwan Filipi punika pasamuwan ingkang saé. Pasamuwan sami sengkut ing peladosan lan sami nyengkuyung ing pangundhanging pawartos Injil. Nanging mekaten, pasamuwan Filipi mboten kepareng énggal rumaos sampun cekap jejibahanipun, lajeng sami léna. Pasamuwan kedah tansah waspada supados punapa ingkang sampun saé saged tansah dipun reksa lan malah sageda kaindhakaken malih.

**Andharan Cekak Filipi 1:3-11**

Kados déné jejer ingkang kaparingaken déning Lembaga Alkitab Indonesia (LAI), paling mboten wonten kalih bab ingkang penting, ingkang kepareng dipun pratélakaken déning Rasul Paulus ing waosan punika. **Sepisan**, pangucap sokur awit kawontenanipun pasamuwan Filipi. Punapa ingkang ndadosaken Rasul Paulus tansah ngaturaken pangucap sokur? Ayat 5 mratélakaken, “*Aku ngunjukaké panuwun marang Allahku marga saka anggonmu padha tetunggalan ing bab*”

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

*Kabar Injil wiwit ing dina wiwitan nganti sapréné.*”. Rasul Paulus ngucap sokur krana pasamuwan Filipi tansah ndhèrèk nyengkuyung ing pangundhanging pawartos Injil. Serat punika kakintunaken kinten-kinten sedasa tahun sasampunipun pawartos Injil wiwit kaundhangaken ing Filipi. Tegesipun, selami punika pasamuwan Filipi, ingkang kagolong taksih anèm tansah ndhèrèk sengkut ing pakaryan pangundhanging pawartos Injil. Pasamuwan Filipi asring paring pambyantu dhateng kiprahing peladosanipun Rasul Paulus. (Filipi 4:10-18), lan ugi dhateng para sedhèrèk ing Yérusalèm (II Korinta 8:1-5). Pasamuwan mboten namung kèndelan kémawon lan nengga gumrégahipun tiyang sanès, nanging pasamuwan pranyata wantun miwiti lan malah maringaken patuladhan. Malah-malah, pasamuwan Filipi punika anggènipun paring pambyantu nglangkungi tumrap kekiyatanipun piyambak, sanajan kawontenanipun pasamuwan taksih wonten ing kecingkrangan.

Kejawi awit saking kasetyan lan kamirahaning manahipun pasamuwan Filipi, Rasul Paulus ugi ngucap sokur krana kapitadosanipun pasamuwan ingkang kekah. Gusti Allah ingkang sampun miwiti pakaryan ingkang saé ing satengahing gesangipun pasamuwan Filipi, badhé tansah nglajengaken pakaryan punika ngantos dumugi rawuhipun Sang Kristus Yésus. (Filipi 1:6). Rasul Paulus yakin, menawi pasamuwan Filipi badhé tansah kasagedaken ndhèrèk ing pakaryan peladosan lan pangundhanging pawartos Injil ing wekdal-wekdal badhé dhateng, malah ngantos Sang Kristus rawuh malih.

**Ingkang angka kalih**, ingkang kaemot ing waosan punika inggih pandonganipun Rasul Paulus kanggé pasamuwan Filipi. Kanthi suka bingah, Rasul Paulus ndedonga kanggé pasamuwan ingkang karenan ing manahipun. Saking pandonga punika, ketinggal bilih wonten sesambetan ingkang caket lan raket ing antawising Rasul Paulus kaliyan pasamuwan Filipi. Ing pandonganipun Rasul Paulus ngunjukaken pangajeng-ajengipun lan panyuwunanipun, “Muga-muga katresnanmu saya mundhak-mundhaka ing pangawruh kang bener lan ing

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

sarupaning pangretèn, satemah kowé padha bisa milih apa kang becik, supaya kowé padha dadia resik lan ora cacad ngarepaké dinané Sang Kristus, padha kapenuhan wohing kabeneran pakaryané Gusti Yésus Kristus minangka kamulyan lan pangalembananing Allah..” (Filipi 1:9-11). Rasul Paulus ndedonga supados pasamuwan Filipi mboten namung kasagedaken andum katresnan, nanging ugi sangsaya dipun jangkèpi kanthi kawicaksanan lan pangertosan. Rasul Paulus ngersakaken bilih sedaya tumindak saé lan pisungsunging pasamuwan punika tansah linandhesan kayektosan lan manah ingkang tulus. Sampun ngantos tumindak saé punika dipun lampahi kanthi panggrundel punapa déné panggresah (Filipi 2:14). Rasul Paulus ugi ngajab supados pasamuwan Filipi “*dipadha sarujuk, tunggal katresnan, tunggal budi, tunggal sedya, sepi ing pamrih utawa pangalembana kang tanpa guna.*” (Filipi 2:2-3). Kanthi mekaten, tumindak saé ingkang dipun lampahi mboten muspra. Pramila Rasul Paulus ugi ndedonga supados pasamuwan Filipi mboten kacirèn lan tanpa cacad ngantos dumugi rawuhipun Sang Kristus Yésus ingkang angka kalih.

**Pokok-Pokok Pirembagan:**

1. Kasaénan punapa ingkang saged panjenengan tuladhani saking gesangipun pasamuwan Filipi? Mugi kaparingan katrangan!
2. Punapa kémawon tantangan ingkang panjenengan adhepi ing salebeting mujudaken gesang ingkang tanpa cacad nungka rawuhipun Gusti Yesus? Mugi kaparingan katrangan!
3. Punapa ingkang perlu panjenengan tindakaken kanggé ngawékani tantangan wau (mirsanana pitakènan angka 2)?

[ERY-ip]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 3**  
*Nggegilut Mangsa Advèn*

Waosan:  
Filipi 4:4-7

**Pamratobat**  
**Minangka**  
**Tuking**  
**Kabingahan**  
☪☪☪

**Ancas:**

1. Pasamuwan sageda sami déné andum pengalaman ing bab pitobat minangka tuking kabingahan.
2. Pasamuwan nglampahi gesang padintenan ing salebeting pamratobat minangka tuking kabingahan ing gesangipun.

**Dhedhasaring Pamanggih**

Kabingahan punika minangka bab ingkang penting tumraping manungsa. Kabingahan mbereg saben tiyang ngraosaken dhirinipun gesang kanthi saé, gadhah pangajeng-ajeng lan dados kekiyatan ing satengahing ngadhepi sawernaning kawontenan. Tiyang ingkang gesangipun ngraosaken kabingahan badhé tansah grengseng ngranggèh cita-citanipun. Tiyang punika badhé gadhah *optimisme* utawi pangajeng-ajeng saé kanggé mujudaken cita-citanipun. Kawontenan punika badhé kosok wangsul kaliyan kawontenanipun tiyang ingkang mboten ngraosaken kabingahan. Wontenipun namung loyo, nglokro, ketingal sisah, sayah, tanpa daya kanggé ngudi pangajeng-ajengipun.

Tiyang ingkang gesangipun tansah bingah ketingal saking gesangipun. Tandha ingkang paling gampil kanggé niti tiyang ingkang bingah inggih punika wontenipun èsem ing pasuryanipun. Èseman ingkang kados punapa? Awit wonten tiyang ingkang sajak mèsèming kaliyan manah ingkang mangkel. Èseman kados mekaten mboten ngetingalaken kabingahan. Kita badhé rumaos mboten sekéca ing manah nalika pinanggih kaliyan tiyang ingkang mèsèming manahipun

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

mangkel. Kabingahan kawistingal saking èsem ingkang tulus, ingkang thukul saking telenging manah. Pramila nalika tiyang manggihaken satunggaling tiyang mèsèm kanthi tulus, mesthi badhé ngraosaken kumudu-mudu mèlu mèsèm. Kabingahan dados sumebar.

**Lampahipun PKS**

- PKS saged kawiwitan kanthi ngaturaken ancasing PKS
- Pasamuwan kaajak ngrembag purwakaning pirembaran kados ingkang sampun kacawisaken ing bahan punika.

**Purwakaning Pirembaran – Andum Pengalaman**

1. Saking pengalaman saben dinten, kedadosan punapa kémawon ingkang njalari panjenengan ngraosaken bingah?
2. Miturut panjenengan, punapa wonten gandhèng-cènèngipun antawising pamratobat lan kabingahan? Muji karsaa andum pengalaman bab pamratobat ingkang mbèkta kabingahan!

**Mirengaken Sabda**

*(Pasamuwan kaajak maos Serat Filipi 4:4-7, kalajengaken maos andharan)*

Rasul Paulus pratéla, *”Padha tansah bungah-bungaha ing sajroning Gusti! Dakpindhoni manèh pituturku: Padha bungah-bungaha!”* (Filipi 4:4). Nalika Rasul Paulus pratéla: *padha tansah bungah-bungaha ing sajroning Gusti!* Saèstunipun gesanging Rasul Paulus nembé mboten wonten ing kawontenan ingkang nengsemaken, ing kabegjan (*keberuntungan*), ing kasembadan (*keberhasilan*), ing kauntungan (*kesuksesan*), mboten! Rasul Paulus nembé ing kawontenan gesang ingkang sarwi angèl lan rekaos. Panjenenganipun pancèn asring ngadhepi kawontenan gesang ingkang rekaos. Ing kitha Filipi, Rasul Paulus ngraosaken rekaosing gesang, ing antawisipun:

- 1) Rawuhipun ing kitha Filipi kanggé nggelaraken Injil nampi ancaman lan malah katundhung déning sagolongan tiyang (Kis. 16:2). Dipun tundhung punika mboten ngremenaken.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- Tiyang ingkang katundhung punika padatan badhé rumaos dhirinipun mboten aos. Akibatipun, kabingahanipun ugi ical.
- 2) Rasul Paulus mboten namung katundhung. Panjenenganipun wongsal-wangsul dipun sakiti, dipun lebetaken ing pakunjaran ingkang paling lebet lan sukunipun dipun belok (*dipasung*). Kinunjara ing papan ingkang lebet punika kawontenanipun singup, peteng lan atis. Kamangka ing sisih sanès, kawontenan kesehatanipun Rasul Paulus asring mboten saé. Punika kawontenan ingkang mboten ngremenaken sanget.

Mboten namung ing Filipi, ing kitha sanes, kados déné ing kitha Rum, Rasul Paulus ugi ngalami pametek ingkang awrat. Panjenenganipun kinunjara kanthi pawadan ingkang mboten cetha. Saking pakunjaran punika Rasul Paulus mireng kabar bab kawontenaning pasamuwan ingkang ngalami mawerni-wernining kasangsaran. Inggih dhateng pasamuwan ingkang nembé ngalami kasangsaran punika, Rasul Paulus pratéla, “*Padha tansah bungah-bungaha ing sajroning Gusti!*” Lan katandhesaken malih, “*Dakpindhoni manèh pituturku: Padha bungah-bungaha!*”

Kanggé ngadhepi kawontenan gesang ingkang awrat, padha bungaha! Menawi dipun raos-rosaken kanthi bebles, tetembungan punika ngemu teges ingkang lebet. Kasangsaran, menawi dipun tanggapi kanthi manah ingkang sedhih badhé ndadosaken gesang sangsaya ndlarung ing panglemprek. Gesang ingkang kebak tantangan menawi dipun tanggapi kanthi pepesing manah, inggih badhé ngicalaken *optimisme* (pangajeng-ajeng saé).

Saking pundi tuki kabingahan punika? Rasul Paulus ngémutaken, “*Ing sajroning Gusti!*” Tetembungan ing sajroning Gusti punika menawi dipun titi kanthi lebet, tegesipun “*krana Gusti, déning Gusti*” (*en kurio*). Rasul Paulus tetep ngraosaken bingah mboten karena panjenenganipun punika remen ing kasangsaran. Panjenenganipun tetep bingah sanajan ing salebeting pakunjaran ingkang singup, peteng lan atis. Panjenenganipun tetep bingah ing sadhéngah kawontenan awit

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

krana ing ngriku wonten Gusti Allah. Gesang ingkang tinunggil déning Gusti badhé mbludakaken raos bingah ing dhirinipun, ing kawontenan kados punapa kémawon, kalebet ing salebetipun pamratobating gesang. Pamratobat ingkang dipun lampahi kanthi suka bingah nukulaken kesadharan dhiri bilih manungsa punika sanès pribadi ingkang sarwi saged punapa kémawon. Manungsa ing salebeting karingkihanipun, merlokaken sih rahmat supados saged mujudaken gesang ingkang laras kaliyan marginipun Allah. Pamratobat ingkang dipun lampahi kanthi suka bingah ugi nglairaken woh-wohing pamratobat. Woh-woh punika mawujud lumantar gesang ingkang jujur, remen andum berkah, kebak pangucap sokur lan raos cekap, mratélakaken béla raos lan pangalembana dhateng sesami, sarta mawujud ing patrap gesang ingkang linandhesan semangat nggelaraken Injil.

Ing Minggu advèn kaping tiga punika, kita kaajib ngresep, bilih pamratobat saged dados tuing kabingahan linandhesan sabdanipun Gusti. Nalika kita nampèni tuing kabingahan punika ing salebeting gesang, kabingahan punika badhé nyrambahi sauruting gesang kita lan nguwohaken piguna ingkang ageng tumrapping gesang. Woh punika kados ingkang dipun ngendikakaken Rasul Paulus, *“Kabecikanmu iku disumurupana ing wong kabèh. Gusti wus celak! Aja padha nyumelangaké bab apa baé, nanging padha lairna sakèhing pepénginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan panyuwun kalawan caos sokur. Temahan tentrem-rahayu kang saka ing Gusti Allah, kang ngungkuli saliring budi, bakal rumeksa marang ati lan pangangen-angenmu ana ing Sang Kristus.”* (Filipi 4:5-7).

Pérangan punika menawi dipun andharaken, badhé kapanggihaken makna ingkang mekaten:

- Kabecikan saged dipun tembungaken kanthi tembung sanès, kados to kesabaran, kawigatosan, lan katemenan. Tiyang-tiyang ingkang gesangipun kebak ing kabingahan badhé andum kabingahanipun dhateng sesami. Pramila, kabecikan ingkang sinèksènan déning kathah tiyang punika sanès wujud ing pamèr, nanging ngetingalaken cara gesang ingkang *otomatis*.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- Gusti wus celak. Punapa sambetipun antawising kabecikan kaliyan tembung Gusti wus celak? Abineno (2009), nafsiraken mekaten: Krana Gusti sampun celak, inggih bab punika ingkang ndadosaken pasamuwan manggihaken kabingahan lan gesang ing kabecikan kaliyan sedaya tiyang.
- Aja padha nyumelangké bab apa baé, nanging padha lairna sakèhing pepénginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan panyuwun kalawan caos sokur. Kuwatir, minangka sikep ingkang ngrisak kabingahan. Supados kuwatir punika sirna, kedah pasrah sumarah dhumateng Gusti, ingkang kawujudaken kanthi pandonga. Sedaya prekawis saged kaaturaken dhumateng Gusti Allah.
- Temahan tentrem-rahayu kang saka ing Gusti Allah, kang ngungkuli saliring budi, bakal rumeksa marang ati lan pangangen-angenmu ana ing Sang Kristus. Para umat kagunganipun Gusti ingkang ing gesangipun mratélakaken punapa ingkang kinersakaken Rasul Paulus ing ayat 4-6, namung tentrem rahayu ingkang badhé tansah rumeksa ing gesangipun.

Pamratobat dados tuing kabingahan karena ing pamratobat, para umat sami mbuka dhiri kanggé tansah sesambetan kaliyan Gusti. Sesambetan kaliyan Gusti ndadosaken umat sangsaya rumaos kabereg nglampahi sedaya ingkang dados karsanipun.

### **Kalajenganing Pirembagan – Methik Makna Saking Pengalaman Sacara Anyar**

1. Sasampunipun mirengaken andharan bab pamratobat minangka tuing kabingahan saking Serat Filipi 4:4-7, pengalaman anyar punapa ingkang saged panjenengan pethik? Karsaa andum pengalaman punika kaliyan pasamuwan sedaya!
2. Miturut panjenengan, kados pundi sambetipun kabingahan kaliyan rawuhipun Gusti ingkang angka kalih?

### **Nganyaraken Gesang – Patrap Ing Saben Dintenipun**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Sasampunipun ndhèrèk ing Panyuraos Kitab Suci punika, punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken kanggé mujudaken pamratobat ingkang ndhatengaken kabingahan ing gesang padintenan?

[WSN-ip]



**BAHAN**  
**PANYURAO S K I T A B S U C I 4**  
*Nggegilut Mangsa Advèn*

Waosan: Jabur Masmur 145:8-21

**Saking Guwa  
Garba ingkang  
kebak katresnan**



**Patrapipun Ngladosaken Panyuraos Kitab Suci**

- Langkung rumiyin ngaturaken péranganing Cecala Pambuka dhumateng pasamuwan.
- Kasuwun pasamuwan maos Jabur Masmur 145:8-21 sesarengan kanthi sesautan.
- Ngandharaken Katrangan Ringkes Jabur Masmur 145:8-21.
- Salajengipun ngaturi wekdal dhateng pasamuwan karsaa maos ing salebeting manah Jabur Masmur 145:8-21, wongsal-wangsul anggènipun maos ing salebeting manah ngantos manggihaken péranganing ayat ingkang ndadosaken kawigatosan.
- Wusana makaten, ngaturi wekdal kagem pasamuwan jlèntrehaken sacara ringkes péranganing ayat ingkang dados kawigatosan, lan nampi pamrayogi punapa déné tanggapan saking pasamuwan sanèsipun murih beblesing pangertosan.

**Cecala**

Tanggal 22 Dhésèmber dipun pèngeti minangka Hari Ibu. Wonten ing dinten tanggal 22 Dhésèmber punika, para laré lan ugi garwa sami mahargya lan nélakaken panuwun sokur dhumateng para ibu anggènipun sami kepareng ngrimati lan nggulowenthah kayuwananing brayat kalawan kebaking pambudi daya punapa déné pangurbanan. Sinaosa makaten, kanyataning sejarah mratélakaken bilih Hari Ibu punika boten ngemungaken bab pambudidayaning pawèstri minangka ibu kémawon, ananging ugi mratélakaken pambudidayaning para pawèstri anggènipun nggayuh kamardikan lan pambanguning

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

bangsa Indonesia. Konggrès Perempuan Indonesia ingkang kapisan, katindakna ing tanggal 22 Desember 1928, mapan wonten Ngayogyakarta. Wonten ing pepanggihan punika, kridhaning para pawèstri anggènipun mratélakaken pawartos kabingahan, karaosaken minangka pérangan ingkang wigatos lan pangaji.

Nalikanipun ngrembag babagan kridhaning para pawèstri, pérangan punika boten ngemungaken mligi kanggé para pawèstri punapa déné para ibu kémawon, ananging ugi kagem sedayanipun. Mirungganipun anggènipun mawas sedaya prekawising gesang miturut pamawasing tiyang éstri satemah sageda darbéni wewatekan welas asih ingkang dados sipating Gusti Allah. Gusti Allah ingkang nresnani, ngayomi lan nggulowenthah yeyasaning Astanipun. Wondéné tembung basa Ibrani ingkang asring kaginakaken kanggé nélakaken sih piwelasipun Gusti Allah inggih punika *khèsèd (tresna asih; kesaénan)* lan *rahamim*. Wondéné *rahamim* magepokan kaliyan *rèhèm* ingkang ngemu pangertosan “rahim utawi guwa garba”. Pramila makaten, *rahamim* inggih punika tresna asihing Gusti Allah apindha guwa garbaning pawèstri. Guwa garba ingkang asipat “ngayomi, nggesangi, nuwuhaken, ngreksa lan nampèni ditanpa syarat, sarta nggémol (mbekta wonten pundi kémawon). Inggih makaten katresnanipun Gusti Allah tumrap sedaya yeyasanipun. Apindha wohing wetengan (*janin*) ingkang boten saged gesang lan tuwuh tanpa guwa garbaning biyungipun, makaten ugi manungsa boten saged gesang tanpa sih katresnan guwa garbaning Gusti Allah.

Pakaryan kawilujenganing Gusti Allah ingkang sekedhap malih dipun riyadinaken wonten ing Natal, minangka bukti ingkang sanyata katresnanipun guwa garbaning Gusti Allah, ingkang kebar ing wiyosan Ndalem Gusti Yésus Kristus ing satengahing jagad. Pakaryan kawilujengan ingkang sanyata agung lan mulya punika kawitanipun saking guwa garbaning pawèstri, kaparingaken kagem sedaya ingkang tumitah. Lumantar Jabur 145:8-21, kawula badhé nggegilut “Guwa Garbaning Allah Ingkang Kebak Katresnan”.

### **Katrangan ringkes Jabur Masmur 145:8-21**

Jabur 145 kalebet ing jabur pamuji ingkang ngewrat pangalembana lan pamuji sokur kagem Gusti Allah. Wonten ing jabur punika kalawan cetha kasebutaken “Pepujian anggitané Prabu Dawud”. Wonten ing jabur punika, Prabu Dawud nglairaken kidunging pangalembananipun dhumateng Gusti Allah srana nyariosaken sipating Allah ingkang élok lan pandamel-pandamelipun ingkang agung. Pakaryanipun ingkang élok lan agung punika kaundhangna lumintu, gilir gumantos, turun-tumurun. Wiwit ing mangsa kapengker, samangké lan ing tembé.

Ayat 8, “Pangéran Yéhuwah punika ambek asih sarta welasan, sabar sanget saha ageng sanget sih-kadarmanipun.” Mratélakaken sipating Gusti Allah ingkang kebak ing sih piwelas. Sih piwelas ingkang kaparingaken tumrap sedaya ingkang tumitah (ayat 10: “sadaya ingkang Paduka titahaken punika sami badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka”). Wondéné ayat 8-9, nélakaken pérangan ingkang laras kaliyan Kitab Pangentasan 34:6-7, “Ing kono Pangéran Yéhuwah banjur tindak langkung ngarepé sarta nguwuh-uwuh: “Yéhuwah, Yéhuwah, iku Allah kang asipat welas lan asih, luwih déning sabar, gedhé kamirahané lan kasetyané, kang netepaké sih susetyané marang wong éwon, kang ngapura kaluputan, panerak lan dosa; nanging babar pisan ora ngalisaké wong kang salah saka ing paukuman, kang malesaké kaluputaning bapa marang anak-putuné, turun ping telu lan ping pat.” Saking pratélaning kapitadosan punika, kawistara sipating Allah ingkang kebak sih rahmat, pangapunten, sabar sarèh paramarta, asih tresna, kesaénan lan mreduli.

Ayat 10-13 nelakaken pamujining sokur saking para kekasihing Allah awit pakaryanipun Gusti ingkang sanyata élok wonten pagesanganipun lan kepareng badhé ngundhangaken kaluhuraning asmanipun Gusti. Laras kaliyan pratélaning pamuji sokur ing ayat 1-7 ingkang wosipun gunggung sih piwelasipun Gusti Allah ing sadhèngah mangsa. Wondéné ayat 14-21 mratélakaken kumandeling para pitados dhumateng prasetya lan sih rahmatipun Gusti. Mirunggan panjurung

pitulunganipun Gusti tumrap tiyang ingkang katindhes lan kinaniaya. Pérangan punika kacetha wonten ing pamijining tetembungan menggah Gusti Allah ingkang minangka “Tetuwak”, “Ngegaraken asta lan paring tuwuk”, “Gusti Allah celak” lan “Gusti Allah ngreksa”. Péranganing pandamel ingkang nyasmitani sipating Gusti Allah ingkang kebak ing sih lan piwelas.

Inkang punika, Jabur 145 saged dipun wastani kanthi trawaca menggah guwa garbaning Gusti Allah tumrap sedaya ingkang tumitah, ingkang mbetahaken kasantosaning gesang mligi saking Gusti Allah. Tanpa Gusti Allah, gesanging titah boten saged kebak/tuwuk. Kados ingkang sampun kaandharaken ing pambuka bilih kadosdéné wohing wetengan (*janin*) ing guwa garbanipun simbok, makaten ugi gesanging manungsa lan sedaya ingkang tumitah, tuwuh lan ngrembaka ing guwa garbaning Gusti Allah. Inggih wonten ing guwa garbaning Allah, sedaya yeyasanipun Gusti dipun tresnani, diadegaken, dipun gulowenthah, dipun ayomi lan dipun tuwuki kaliyan tresna-asih.

### **Beblesing Pirembagan:**

1. Ayat pundi kémawon ing Jabur 145:8-21 ingkang nedahaken sipating guwa garbaning Gusti Allah? Mugi Katerangna!
2. Kados pundi katresnaning guwa garbaning Allah ingkang sampun karaosaken, mbereg kawula mbabaraken katresnaning guwa garbaning Allah punika kagem, sedaya titahipun Gusti Allah?
3. Mangga sami ngedumaken seserepaning pribadi menggah ayat ingkang dados kawigatosan (*berkesan*) saking Jabur 145:8-21!

[KA-aj]



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 5**

Waosan: Éfesus 1:3-14

**Inisiatif Allah**



**Cecala**

Manut Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Wedalan kaping kalih ingkang kadhapuk déning Tim Balai Bahasa Yogyakarta, tembung inisiatif ngemu teges ada-ada, réka. Nalikanipun wonten sedhèrèk ingkang nggadhahi inisiatif, adhakanipun kawitan saking gagasan, dipun lajengaken ing pandamel saking dhirinipun piyambak. Tuladhanipun, nalika saweg kèndel-kèndelan jothakan, amrih rukunipun, kedah wonten salah satunggaling pihak ingkang nggadhahi inisiatif kanggé rujuk utawi bedhamèn. Kados paseksinipun sémah ingkang mratélakaken bilih garwanipun; ingkang kakung, nalikanipun padudon, nggadhahi inisiatif anggènipun nyuwun pangapunten langkung rumiyin. Mbok menawi ingkang garwa boten nggadhahi inisiatif langkung rumiyin anggènipun nyuwun pangapunten, piyambakipun boten badhé nélakaken pangapunten. Wusana prekawisipun boten rampung. Kamangka inisiatif saèstunipun saged katindakna ing antawisipun para-para ingkang sami prakaran. Saged sémah utawi garwa.

Lajeng kados pundi menawi sesambetan ingkang risak punika kelampahan ing antawisipun manungsa lan Gusti? Punapa manungsa saged nggadhahi inisiatif murih sesambetan punika pulih lan kabangun malih? Boten saged. Margi awit dosa lan karingkhanipun, tangèh lamun manungsa saged nélakaken inisiatif. Mligi namung Gusti Allah ingkang kagungan inisiatif. Wondéné manungsa ananggapi inisiatifipun Gusti Allah.

Inisiatifipun Gusti Allah kebarar amargi awit agunging sih lan katresnanipun dhateng manungsa. Ugi amargi Gusti Allah pirsu bilih dosa lan panerakipun manungsa njalari manungsa

mboten gadhah daya. Pramila makaten, Gusti Allah kagungan inisiatif kanggé ngrukunaken manungsa kaliyan Panjenenganipun. Prakawis punika kedah dipun sokuri déning manungsa, awit ing salebetipun nindakaken inisiatifipun, Gusti Allah milih margi ingkang mboten gampang. Panjenenganipun Ingkang Mahaluhur, karsa ngrucut kamulyanipun, sarta ngagem sipating abdi dados sami kaliyan manungsa. Punapa malih ing salebeting wujud manungsa, Panjenenganipun sampun ngasoraken sariranipun piyambak lan sumuyud ngantos séda wonten ing kajeng salib, paring pangapunten awit dosa-dosaning manungsa.

### **Panyuraos Ringkes Serat Éfesus 1: 3 - 14**

Seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan Éfesus kawiwitan kanthi katrangan sinten ing nyerat, ancasing serat lan atur pambagya (1:1-2). Salajengipun pepujèn konjuk Gusti Allah Rama kita lan Gusti Yésus Kristus (3). Wondéné pepujèn kaunjukaken awit saking mawarni-warnining berkah kaswargan ingkang sampun kaparingaken Sang Kristus Yésus.

Salajengipun, Rasul Paulus jlèntrèhaken punapa ingkang dipun wastani berkahing kaswargan/karohanèn ing ayat 4-13, inggih punika:

- (1) Wonten ing Sang Kristus, Gusti Allah sampun karenan miji lan ndhapuk kita dados putra-putranipun (4-5).
- (2) Panebusaning dosa namung lumantar rahipun Gusti Yésus Kristus ingkang sampun paring pangapuntening dosa awit sakathahing dosa lan panerak (7).
- (3) Nampèni panduman ingkang kaprasetyakaken wonten ing Sang Kristus ingkang sampun kaecap ing Roh Suci (11-14).

Berkahing kaswargan punika ingkang mbok menawi mbereg Lembaga Alkitab Indonesia (LAI), nélakaken jejer waosan *perikop* (pérangan) punika “Kasugihané para wong kang pinilih”. Kasugihan ingkang pinangkanipun saking berkahing kaswargan, ingkang saèstunipun boten saged ginayuh nganggé srana punapa kémawon. Sadaya kasugihan ingkang pinangkanipun saking berkahing kaswargan punika katingal

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

cetha wéla-wéla sanès wohing pambudidayanipun manungsa. Awit kanthi pambudidayaning manungsa ingkang ringkih, tangèh lamun anggènipun saged ngupadi berkahing kaswargan punika.

Waosan ing pérangan (*perikop*) punika nedahaken kalawan trawaca bilih inisiatif punika pinangkanipun namung saking Gusti Allah piyambak. Inggih Gusti Allah piyambak ingkang nggadhahi ada-ada, rancangan punapa déné karsa anggènipun miji lan nemtokaken para pitados minangka putra-putranipun. Nampèni tetebusan pangluwaraning dosa lan pikantuk panduman ingkang kaprasetyakaken wonten ing Sang Kristus. Mligi awit inisiatifipun Allah kémawon, manungsa saged nampèni berkahing kaswargan ingkang sanyata élok punika. Sampun samesthinipun kita sedaya sami ngaturaken panuwun sokur awit inisiatifipun Gusti Allah punika.

Inisiatifipun Gusti Allah dhateng manungsa ngemu karsanipun Gusti. Inggih punika murih sedaya tiyang pepilihane Gusti sageda gesang suci, ditampa cacat wonten ing ngarsanipun (4). Wosipun inggih punika para tiyang pepilihane Gusti sageda netepi bebahan lan timbalanipun Gusti wonten ing pagesangan. Satemah sageda nyondhongi kersanipun Gusti Allah lan dadosa pepujèn murih kaluhuraning Allah.

Inisiatifipun Gusti Allah ingkang miji lan nemtokaken, nebus lan maringi panduman ingkang kaprasetyakaken, boten ngemungaken nggugah raos panuwun satlérangan, ananging mbereg manungsa gesang karenan ing ngarsanipun Gusti cundhuk kaliyan punapa ingkang dipun kersakaken Gusti.

**Beblesing Pirembagan:**

4. Ngatag-atag pasamuwan, ngrepèkaken KPJ 53:1-2. Salajengipun nélakaken pandangu: Sinten ingkang nimbali, nuntun, ngluwar lan mberkahi? Wusana makaten, ngaturi katerangan bilih kidung punika saèstunipun nelakaken inisiatifing Allah anggènipun milujengaken manungsa.
5. Punapa ingkang karaosaken nalikanipun mangertosi bilih Gusti Allah kagungan inisiatif anggènipun miji lan

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

nélakaken pakaryaning kawilujengan? (pasamuwan kaparingan wekdal nglairaken punapa ingkang dipun raosaken)

6. Pérangan punapa kémawon ingkang saged katindakaken ananggapi inisiatifipun Gusti Allah, murih ing bebahan lan timbalaning gesang, kasagedaken gesang nyondhongi kersanipun Gusti?
7. Ngatag-atag pasamuwan mratélakaken kesanggeman, kalawan nyerat tékading gesang, minangka pratandhaning sokur awit inisiatifipun Gusti Allah!

[SH-aj]



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 6**  
*Minggu Baptisanipun Gusti Yésus*

Waosan: Lelakoné Para Rasul 8:14-17

**Bela Raos**  
**Kanggé Sesami**  
☪☪☪

**Ancas**

1. Pasamuwan saged nyebataken péranganing cara anggènipun nélakaken béla raos kanggé sesami.
2. Pasamuwan kasagedaken mbabaraken béla raos kanggé sesami ing gesang padintenan.

**Tetalesing Pamanggih**

Salah satunggaling sipatipun Gusti Allah ingkang kamot wonten ing kitab suci inggih punika Béla Raos utawi *solidèr*. Makaten ugi pakaryan kawilujenganipun Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus ingkang sinerat ing injil ugi nélakaken pérangan ingkang sami. Wiyosanipun, baptisanipun, kasangsaranipun, sédanipun, wungunipun, lan sumengkanipun dhateng swarga, tumedhakipun Sang Roh Suci mratélakaken pambéla raosipun Gusti Yésus Kristus dhateng jagad. Jagad ingkang samesthinipun nampi paukumaning Allah jalaran dosa lan panerakipun, kalawan kebaking katresnan; dipun rangkul, dipun pulihaken lan dipun wilujengaken. Kitab suci mratélakaken bilih pambéla raos punika minangka dhasaring sipatipun Gusti Allah. Sedaya pandameling pambéla raos, manggihaken punjeripun ing Sang Kristus. Makaten ugi paseksining Lelakoné Para Rasul 8:14-17, mratélakaken pambéla raosipun para sakabat dhumateng para tiyang Samaria. Pandameling béla raos punika nélakaken bilih para sakabat saèstu nuladha pandamelipun Gusti Yésus, Gurunipun.

Pituwasing pambéla raos inggih punika pagesangan ingkang samidéné nampèni lan nyantosakaken satunggal lan sanèsipun.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Tiyang Samaria ingkang suwaunipun nglawan dhumateng para sakabatipun Gusti Yésus amargi asalipun saking bangsa Yahudi, samangké tarbuka lan kepareng nampèni para sakabatipun Gusti Yésus. Pandameling pambéla raosipun para murid kados ingkang sinerat wonten Lelakoné Para Rasul 8:14-17 dadosa pambereg tumrap sakabatipun Gusti Yésus ing jaman samangké.

Saben tiyang ingkang ngetut wingking Gusti Yésus, tinimbalan mbabaraken pambéla raos dhateng sesami, ingkang mbetahaken panjurung pitulung, datan mawang adeg lan kalenggahanipun. Lumantar panyuraos Kitab Suci punika, pasamuwan sageda nyebataken péranganing cara anggènipun nélakaken béla raos kagem sesami lan mbabaraken pambéla raos punika wonten ing gesang saben dintenipun.

**Lampahipun Panyuraos Kitab Suci**

- Wiwitana panyuraos kitab suci kalawan ngaturaken ancasing panyuraos punapa déné pirembagan.
- Ngatag-atag pasamuwan nélakaken pambukaning pirembagan kados ingkang kaserat ing ngandhap.

**Purwakaning Pirembagan – Andum Pengalaman**

1. Adhedasar pengalamaning gesang, adhakanipun tembung “béla raos” kapireng lan kaaturna wonten ing kawontenan kados punapa?
2. Miturut Panjenengan, tembung béla raos punika nggadhahi teges punapa?
3. Miturut Panjenengan, punapa Kitab Suci ngewrat piwulang bab béla raos? Punapa tuladhanipun?

**Mirengaken Pangandika**

*(Ngaturi pasamuwan maos Lelakoné Para Rasul 8:14-17, salajengipun lumebet ing andharaning pangandika)*

Waosan Lelakoné Para Rasul bab 8 nyariosaken lelampahan sabibaripun panganiaya ingkang tinampi déning para rasul ing kitha Yérusalèm. Amargi panganiaya ingkang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

kelampahan, pangundhanging injil ingkang katindakaken déning para rasul, katindakaken ing sajawining kitha Yérusalèm. Para Rarul sami sumebar ing wewengkon Yudéa, Samaria lan ing sauruting margi tumuju ing Damsyik, Siria. Satunggaling sakabatipun Gusti Yésus ingkang katundhung késah saking Yérusalèm inggih punika Filipus. Miturut Injil Lukas, pinangkanipun Filipus sanès bangsa Yahudi. Amargi pinitados déning para rasul, Filipus katetepaken minangka dhiaken ingkang kajibah nélakaken peladosan dhateng para warganing pasamuwan ingkang sèkèng (6:5). Filipus lajeng tindak nuju Samaria lan ngundhangan injil ing wewengkon punika, kalawan pandameling kaélok mawerni-werni. Wusana kathah tiyang Samaria ingkang sami mratobat lan pitados (8:12).

Para tiyang Samaria ingkang manjing pitados awit saking pangundhanging injil déning Filipus, masrahaken gesang nampèni pratandha baptis. Kalebet Simon ingkang sewanipun nindakaken sihir lan klawan panguwaos ingkang ageng sami nindakaken pérangan ingkang dados pangéram-éraming tiyang Samaria. Simon saèstu kepranan lan éram nyawang pandamelipun Filipus ingkang langkung luhur lan élok, ingkang katindakaken ing asmané Gusti Yésus. Sapengkeripun nampi pratandha baptis, sedayanipun gesang ing patunggilaning katresnan sesarengan kaliyan Filipus.

Para Rasul ing Yérusalèm sami mireng pagesanganing pasamuwan wonten ing wewengkon Samaria. Para Rasul ugi mireng bilih satanah Samaria sampun kepareng nampèni pangandikanipun Gusti. Panampining pangandikaning Gusti saged dipun jarwakaken bilih tiyang Samaria sami ngenut margining Gusti. Pawartos kabingahan punika, mbereg para rasul ing Yérusalèm sami ngutus Pétrus lan Yokanan, nuwèni wewengkon Samaria. Pangutusaning Pétrus lan Yokanan dhateng Samaria nélakaken kawigatosaning para Rasul dhumateng pasamuwan Samaria. Lan kerawuhanipun Pétrus lan Yokanan ugi dipun tampi kalawan saé. Lah mbok menawi para tiyang Samaria punika dèrèng nampèni pangandikanipun Gusti lan dèrèng nampèni pratandha baptis, tangèh lamun anggènipun saged nampi Petrus lan Yokanan. Jer tiyang Yahudi lan Samaria

punika sami déné memengsahan. Pramila makaten, Lelakoné Para Rasul 8:14-17 nélakaken bilih raosing memengsahan, ing antawisipun bangsa Yahudi lan Samaria ingkang lestari atusan taun, samangké saged dipun éwahi dados patunggilaning katresnan lan pambéla-raos.

Ancasing para Rasul ing Yérusalèm ngutus Pétrus lan Yokanan boten sanès inggih mratélakaken kalawan gumathok, bilih sedhèrèk Samaria sampun kepareng dados pandhèrèkipun Gusti Yésus ingkang sejatos. Awit saking punika kekalihipun sami kepareng dedonga kagem sedhèrèk Samaria supadosa sami nampèni Sang Roh Suci. Tumuli sami kepareng katedhakan ing Sang Roh Suci kados déné pandhèrèkipun Gusti Yésus sanèsipun. Kanthi makaten, témboking pasinggetan ing antawising Yahudi lan Samaria, wiwit atusan taun kapengker, samangké sampun karubuhaken. Sedayanipun katunggilaken ing Sang Kristus Yésus.

Waosan kitab suci punika kepareng badhé nerangaken bilih pakaryan kawilujenganipun Sang Kristus, sampun kepareng sangsaya sumebar kaundhangaken déning para rasul. Pawartosing Injil lumampah tebih, anjangkung pagesanganipun umat sedayanipun. Tuwuh lan ngrembakanipun pangundhanging injil kedah kinanthènan raosing manah ingkang sumadya gesang ing salebeting patunggilan. Sedaya memengsahan, padudon, pasinggetan kedah dipun éwahi tumuju ing patunggilan. Langkung saking punika, waosan kitab suci punika ugi ngandharaken pambéla-raosipun para rasul kagem para tiyang Samaria. Pambela-raos ingkang kebabar awit punjering gesangipun para rasul boten sanès inggih Gusti Yésus piyambak.

### **Kalajenganing Pirembagan – Methik Makna Saking Pengalaman Sacara Anyar**

1. Saksampunipun maos lan mirengaken andharaning Lelakoné Para Rasul 8:14-17, kados pundi anggèn kita nélakaken pangertosan bab béla raos?
2. Pandameling pambéla-raos kados punapa ingkang samesthinipun katindakaken ing gesang padintenan?

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

3. Kados pundi pemanggih Panjenengan magepokan raos kumandel ing Gusti Yésus lan pambéla-raos?

**Nganyaraken Gesang – Patrap Ing Saben Dintenipun**

1. Punapa wujud ing pambela-raos ingkang badhé katindakaken kanggé sesami?
2. Kados pundi mbabaraken pambéla-raosing Gusti Yésus Kristus kathi sesarengan ing antawising brayat lan patunggilan dhumateng sesami?

Panyuraos kitab suci saged dipun pungkasi kalawan anggènipun sami dongakaken satunggal lan sanèsipun. Pagesangan ingkang samidéné ndongakaken, tulung-tinulung mujudaken béla raos ingkang sanyata wonten ing gesang sesarengan.

*“Sih piwelas inggih punika tresna-asih, kesaénan, mreduli, lan pangapura. Éwasemanten, sih rahmat punika berkah lan sih kadarmaning Gusti Allah ingkang dérèng kantenan pantes kita tampèni. Sih piwelas sarta pantes tinampènan mligi awit kasabaran, katresnan lan panebusing dosa ing Sang Kristus Yésus.”*

~Brent L. Top~

[WSN-aj]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

## **“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”**

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika saged kaolah kajumbuhaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi pasamuwan sapanggénan.**



**BAHAN  
PAKEMPALAN PANDONGA I**

---

Waosan:  
**Matius 25:34-40**

***Adventus  
Continua***  
**☪**

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMBUKA**

KPJ 231:1-3 KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

1. Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat, methukken klayan puji mring Ratuning jagad? Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci.  
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
2. Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga, Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma, tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan, ngrukunken tiyang dosa dhumateheng Pangeran.
3. Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya, Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa? Inggih piwlas Paduka saha palimirma, lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG NYAWISAKEN NAMPENI SABDA**

KPJ 435:1,3 GUSTIMU KEPARENG MUNDHUT

1. Gustimu kepareng mundhut, papan anèng atimu  
Resik ana dimèn patut, Gusti karsa lumebu!  
Refr. Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!  
Nyawisna papan mring Gusti, anèng sajroning ati!

3. Rahayu tyang kang samekta, saos papan mring Gusti; antuk padhanging wardaya, kang tedhak saking swargi. Refr.

.....

**5. PAMAOSING SABDA: Matéus 25:34-40**

**6. RENUNGAN**

*Adventus Continua*

Nalika kita lumbet ing Mangsa Advèn, asring pengangen-angen kita ngarahaken dhateng kalih prekawis ageng bab karawuhanipun Sang Kristus. *Kapisan*, kita ngémuti bab wiyosipun ing Bètlèhèm watawis kalih taun kepengker minangka satunggaling prekawis ingkang mratandhani kerawuhanipun dhateng donya minangka manungsa. *Kaping kalih*, kita ngarahaken pamawas kita dhateng dinten ingkang badhé dhateng, ngantu-antu karawuhanipun malih ing pungkasaning jaman, nalika Panjenenganipun badhé rawuh ing kamulyan kagem ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan tiyang pejah.

Kalih prekawis punika—karawuhanipun Sang Kristus ing wekdal kepengker lan ing dinten ingkang badhé dhateng — saèstu wigatos ing gesang kapitadosan kita. Nanging wonten satunggaling bab karawuhanipun Sang Kristus ingkang asring kalirwakaken, inggih punika karawuhanipun ingkang tansah kebabar, lumintu, saben dinten, ing satengahing kita, mirungga lumantar sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang asor piyambak.

Wonten ing Matéus 25:34-40, Gusti Yésus kanthi cetha mratélakaken bilih punapa ingkang kita tindakaken dhateng salah satunggaling sedhèrèk ingkang asor piyambak, punika ateges kita nindakaken kagem Panjenenganipun. Ing ngriki, Sang Kristus mratélakaken dhirinipun minangka ingkang miskin, kerapan, kasatan, tiyang lelana, kelukaran, gerah lan kinunjara. Lumantar waosan punika, Gusti Yésus ngémutaken dhateng kita bilih saben wekdal kita manggihaken tiyang ingkang mbetahaken pitulungan, sakyektosipun kita nembé aben-ajeng kaliyan Sang Kristus

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

ingkang rawuh ing tengah-tengah kita. Punika ingkang kasebut minangka *adventus continua*, karawuhanipun Sang Kristus ingkang lestantun mboten kendhat.

*Adventus continua* mucalaken dhateng kita bilih mangsa Advèn mboten saderma wekdal kanggé ngèngeti mangsa kepengker utawi ngantu-antu dinten ingkang badhé kelampahan kémawon, ananging ugi kanggé ngraosaken bilih Sang Kristus rawuh ing ngriki lan samangké, lestantun ing saben pepanggihan kita kaliyan sesami. Nalika kita nyaosi tetedhan tumrap ingkang kerap, nyaosi pangombèn tumrap ingkang kasatan, utawi nuwèni soksintena ingkang nandhang sakit lan kinunjara, kita mboten namung nélakaken katresnan tata kamanungsan kémawon, nanging ugi mapag karawuhanipun Sang Kristus ingkang tansah lumampah, lestantun mboten kendhat ing jagad punika.

Mangsa Advèn kedahipun dados wekdal ingkang nuntun kita linangkung tanggap tumrap karawuhanipun Sang Kristus ing gesang padintenan. Panjenenganipun Rawuh ngéjawantah wonten ing para sedhèrèk kita ingkang kasisihaken, ingkang mbetahaken pambiyantu lan katresnan kita. Kanthi ngraosaken *adventus continua*, kita kaajak mbikak telenging manah kita lan mirsani karawuhanipun Sang Kristus ing saben sisih gesang kita, mboten namung ing antawisipun gebyaring pahargyan Natal utawi ing antawisipun prasetyan kamulyaning èskatologis (piwulang téologi ingkang ngrembag pungkasning gesang), ananging ing antawisipun kawontenan ingkang prasaja lan gesang padintenan kita.

Minangka umat ingkang nembé ngantu-antu karawuhanipun Sang Kristus, badhéa punika lumantar pèngetan Natal utawi lumantar pengajeng-ajeng èskatologis, sumangga kita ugi sinau lumantar migatosaken lan nampèni Panjenenganipun wonten ing *adventus continua* — kerawuhanipun Gusti ingkang tansah lumampah, lan lestantun wonten ing dhirinipun sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang asor piyambak. Awit ing wekdal kita mratélakaken katresnan, ing wekdal kita mbabar kawigatosan lan kapredulèn, sejatosipun kita nembé mahargya Advèn ingkang sejati, ing pundi Sang Kristus rawuh ing tengah-tengah kita, dinten punika lan ing saben dintenipun.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Sumangga kita nglampahi mangsa Advèn punika kanthi pamawas bab *adventus continua Kristus*, kanthi mbikak manah kanggé mapag Sang Kristus ingkang rawuh wonten ing wujuding sedhèrèk ingkang saèstu mbetahaken pambiyantu lumantar sih katresnan kita. Punika makna sejati saking karawuhanipun Sang Kristus ingkang kedah kita pahargya lan raosaken ing saben wekdal ing gesang kita. Amin.

**7. KIDUNG NANGGAPI PANGRAOSING SABDA**

KPJ 198:1,2 LAMPAHING GESANG PUNIKI

1. Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,  
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang. Kadya  
langit kalimputan mendhung kandel lan méga,  
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata  
Refr. Bibar jawah mijil kluwung,  
mengku janji prasetya;  
sasisihing sisah ngantya,  
kluwunging sih Njeng Gusti.
2. Lamun prahara anrejang, peteng ndhedhet limengan,  
yakina trusing wardaya, dhatenging pitulungan.  
Rumentahing sihé Allah, cihnaning kawlasannya,  
awit Gusti angandika, "Aja sumlang ing driya!"  
Refr. ....

**8. PANDONGA**

- Umat ingkang rawuh samidéné ndongakaken setunggal lan setunggalipun tumrap geguletaning manah sarta perjuanganing gesang ingkang nembé dipunlampahi lan dipunadhepi.
- Umat ndedonga kanggé kelompok ringkih sarta ingkang kasisihaken — sedhèrèk-sedhèrèk ingkang kaanggep asor piyambak — ingkang wonten ing satengah lan sakiwa-tengen kita.

**9. KIDUNG PANUTUP**

KPJ 212:1,2 AKU MBOK CARITANANA

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

1. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.  
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.  
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.  
Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.
2. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,  
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.  
Sabdeng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.  
Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.

[RAE-ww]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN  
PAKEMPALAN PANDONGA II**

Waosan:  
**Lukas 3:1-6**

**Patuladhanipun  
Yokanan  
Pambaptis**  
☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 242:1,2 RAWUHA SANG IMANUÈL

1. Rawuha Sang Imanuèl  
ngluwari umat Israèl,  
dènnya nandhang kasangsaran;  
ngantu-antu pitulungan.  
Refr. Gya surak a! Hé, Israèl!  
Pethukna Sang Imanuèl.

2. Rawuha trubus Isai  
ngesorken dosa lan pati.  
Umat kang nandhang sangsara  
luwara saking cintraka  
Refr. ....

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 242:3, 4 RAWUHA SANG IMANUÈL

3. Sang Surya kang nembé prapta,  
linipura umatira.  
singkirna peteng nglimputi  
sarta wayanganing pati.  
Refr. Gya surak a! Hé, Israèl!  
Pethukna Sang Imanuèl.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Refr. Gya surak a! He, Israel! Pethukna Sang Imanuel.

4. Tedhaké Daud, rawuha mbikak  
gapuraning swarga;  
tinutup lawanging satru,  
mring umat tentrem-rahayu.  
Refr. ....

**5. PAMAOSING SABDA PANGANDIKA: Lukas 3:1-6**

**6. RENUNGAN**

**Patuladhanipun Yokanan Pambaptis**

Yokanan Pambaptis asring kaparapan minangka sang révolusionèr utawi pengatag éwah-éwahan ingkang révolusionèr. Piyambakipun wantun mratélakaken panyaruwé dhateng para panguwaos ingkang dakwenang, otoritèr, kejem, diktaktor lan korup. Mboten maiben, menawi awit saking tumindak punika, para panguwaos sami sengit dhateng piyambakipun. Pepinginanipun ingkang mbekta dhateng éwah-éwahan ingkang ndhatengaken prekawis ingkang linangkung saé kaanggep minangka tumindak nglawan lan mbebayani tumrap negari. Swanten kanabianipun kaanggep minangka sikep nglawan stabilitas lan ngrisak swasana kondusif satunggaling bangsa. Awit saking sikepipun ingkang kritis dhateng pamarintah punika, pramila kita saged mirsani pungkasan gesangipun Yokanan ingkang nrenyuhaken sanget. Mustakanipun katigas lan kapamèraken ing satunggaling pista krajanipun. Migatosaken lampahing gesang sang révolusionèr ingkang nrenyuhaken sanget punika, kita sedaya trenyuh. Inggang mratélakaken prekawis ingkang leres malah dados korban raos sengit, kadiktaktorlan déning kaperluan-kaperluan tertentu. Menawi kita ngèneti lampah gesangipun Yokanan ingkang nrenyuhaken punika, kita ugi kaémutaken dhateng lelampahanipun para tiyang ingkang kajibah nyuwantenaken kayektosan, keadilan lan gesang ingkang prayogi minangka korban raos sengitipun tiyang-tiyang ingkang gesangipun tebih saking kasaénan.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Wonten ing pakempalan pandonga mangsa Advèn-Natal punika, kita katuntun migatosaken Yokanan Pambaptis ingkang mratélakaken pawartos pamratobat: “Padha mratobata, lan pasrahna awakmu supaya dibaptis, Gusti Allah bakal ngapura dosamu kabeh...” Mratobat punika ateges nilaraken tata cara gesang lami lan sumadya lumebet ing tata cara gesang énggal. Pamratobat ugi mboten ateges saderma tobat, ananging kanthi tata cara ingkang saèstu, malik ngener saking ingkang klèntu dhateng ingkang leres. Menawi samangké Yokanan wonten ing ngajeng kita, temtu ugi badhé martosaken baptisan tobat. Ing Kitab Suci TB LAI I, Injil Markus 1:4 kasebutaken: “Padha mratobata lan padha kabaptisa, temah Gusti Allah bakal ngapura dosamu.”

Sumangga kita mbayangaken menawi samangké kita wonten ing sakiwa tengenipun Yokanan Pambaptis ingkang nguwuh-uwuh “Mratobata!” Punapa ingkang badhé kita tindakaken? Wonten sawetawis prekawis ingkang mbokbilih badhé katindakaken tiyang nalika mireng pangajak “mratobata”. Inggih punika: *Kapisan*, saged ugi kita kraos mboten sekéca ing manah lan dados duka amargi panguwuh punika. Wujuding duka punika saged awujud manéka, kadosta duka lan mitakènaken: mratobat? Punapa lepat kula?” Utawi saged kanthi cara sanès, kadosta ngginakaken tumindak kekerasan minangka wujud pratéla adeging dhiri amargi sampun mboten sekéca ing manah sasampunipun kasaruwé déning tiyang sanès. Sikep mbregudul lan mboten kersa kasaruwé saged ugi wonten ing dhiri kita, kadosedéné ingkang katindakaken déning Filipus lan brayat agengipun nalika mireng panyaruwénipun Yokanan Pambaptis. *Kaping kalih*, saged ugi kita namung mèndel kémawon, mboten nanggapi panyaruwé kasebut. *Kaping tiga*, kanthi panyaruwé punika nuntun kita mawas dhiri, maturnuwun awit panyaruwé punika lan saged ménggokaken enering gesang kita. Saking gesang ingkang klentu nuju dhateng gesang ingkang leres.

Mirengaken panyaruwé punika mboten prekawis ingkang gampang, sami kaliyan mboten gampangipun nélakaken panyaruwé dhateng ngasanès. Ananging wonten ing gesang sesarengan punika, lha nggih punika ta ingkang samesthènipun kita lampahi? Samidéné nyaruwé kanggé ngarahaken gesang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

tumuju dhateng ener ingkang langkung saé, sanès dhateng prekawis ingkang awon. Mboten prayogi menawi manggihaken kalepatan, lajeng kita namung mènèl kémawon. Temtu kémawon, murih panyaruwé punika saged kasil, panyaruwé kedah adhedhasar kasunyatan, sanès panyakrabawa utawi awit kaperluan-kaperluan tertemtu. Selajengipun, murih panyaruwé dados saé, lumantar panyaruwé, kita perlu nawakaken margi luwar tumrap tiyang ingkang kasaruwé punika, kadosdéne Yokanan Pambaptis ingkang ngendika, “Ana swaraning wong kang nguwuh-uwuh ana ing ara-ara-samun. Padha nyawisna margining Pangéran, lencengna lurung-lurungé! Saben jurang bakal kaurugan, lan saben gunung lan punthuk bakal karata; kang ménggak-ménggok bakal kalencengaké, kang mendhak-mandhukul bakal karata, apadéné sakabèhing daging bakal weruh karahayon kang saka ing Pangéran.”

Sanadyanta nyaruwé lan kasaruwé punika sanès prekawis ingkang sekéca, sumangga kita sesarengan nyobi nindakaken prekawis punika. Kanthi sumadya nyaruwé lan kasaruwé, kita sesarengan mbagun gesang kita sangsaya prayogi. Mugi-mugi patuladhanipun Yokanan ingkang sangsaya kita raosaken ing jaman samangké, ing pundi sikep mburu pikajengipun dhiru pribadi sangsaya kiyat lan saged dados pambengan tumrap gesang sesarengan.

## 7. KIDUNG PAMUJI NANGGAPI SABDA

KPJ 245:1-3 SANG PEPADHANG SEJATI

1. Sang pepadhang sejati samangya wus prapti,  
nyirnakna rehing pati, mrih jalma basuki.
2. Sang pepadhang sayekti wus rawuh ing bumi  
mbirat kwasaning dosa, sung tentrem-raharja.
3. Sang pepadhang sanyata manjalma mangungsa  
ngasoraken pepeteng, sung gesang kang langgeng.

## 8. PANDONGA

- Nyenyuwun berkahipun Gusti murih kasagedaken  
nuladhani Yokanan Pambaptis

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- Nyuwun berkahipun Gusti murih saged maujudaken pakempalan ingkang samidéné nyaruwé lan nglipur, ngiyataken lan ngémutaken.

**9. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 239:1-3 PINUJI TANSAH

1. Pinuji tansah Allah Mamirah  
kang asih mirma maring manungsa,  
nladani kita welas asih ira  
mring tyang kang ringkih nandhang sangsara.
2. Pinuji - puji Gusti Masuci  
paring aksama dosaning jalma,  
nldhani kita dimèn olah – tresna  
ambek-paramarta dhemen ngapura.
3. Pinuji Gusti Kang Maha Kwasa  
tedhak manjalma nandhang sangsara,  
nldhani kita nresnani pepadha,  
temah tiyang papa manggih raharja.

[WSN-ww]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN  
PAKEMPALAN PANDONGA III**

Waosan:  
**Lukas 3:8-14**

**Ngèngeti,  
Mratobat, lan  
Tumindak**



**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 158:1,4 DITANSAH PADHA BUNGAHA

1. Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,  
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.  
Refr. Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah, wit sinung gesang sejati
4. Ditansah padha bungaha, wit antuk tentrem-raharja.  
Gustimu ngreksa slamanya, saparan lakunira.  
Refr. ....

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 192:1,2 ISINING KABAR KABINGAHAN

1. Isining kabar kabingahan  
winangsit ken déning Pangéran,  
dadya srana paring piwulang  
margining kautaman.  
Refr. Dimen tyang pitados tansah arumantos  
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

2. Tyang lepat winelèhken samya déning sabdaning Kang Makwasa; tyang dosa kang samya mratobat anampèni sih-rahmat.  
Refr. ....

**5. PAMAOSING SABDA PANGANDIKA:** Lukas 3:8-14

**6. RENUNGAN**

**Ngèngeti, Mratobat lan Tumindak**

Minggu Advèn kaping tiga punika asring sinebut minangka Minggu Gaudaté utawi Minggu Sukarena. Gaudaté asalipun saking tembung basa Latin ingkang ateges sorak-sorak utawi sukarena!

Pitakènan agengipun inggih punika, “Kadospundi mahargya rawuhipun Sang Mesih kanthi kebak sukarena ing wekdal ingkang **sangsaya celak punika?**”

Puji konjuk Gusti, lumantar waosan kita samangké kita nampèni satunggaling pitedah ingkang kiyat saking Yokanan Pambaptis. LAI nyerat, Yokanan kasebut minangka “nabi Prajanjian Lami” ingkang pungkasan, amargi piyambakipun ngèngetaken umat bab pengadilanipun Gusti Allah (ay. 9)<sup>1</sup> nuju rawuhipun “Tiyang Pinilih” Gusti Allah (Mesias)<sup>2</sup>. Piyambakipun ngajak sedaya umat mratobat nuju dinten rawuhipun Sang Mesih.

Nanging ingkang narik kawigatosan, Yokanan mboten namung ngèngetaken bab pamratobat kémawon, nanging ugi paring pitedah bab tumindak-tumindak nyata ing gesang padintenan. Satemah, Yokanan mratélakaken satunggaling panguwuh ingkang jangkep: ngajak umat **ngèngeti** bab rawuhipun Sang Mesih ingkang sampun

---

<sup>1</sup> Kis 3:9 Kapak sudah tersedia pada akar pohon dan setiap pohon yang tidak menghasilkan buah yang baik, akan ditebang dan dibuang ke dalam api.”

<sup>2</sup> <https://www.alkitab.or.id/layanan/berita-detail/yohanes-pembaptis>.

celak lan ngajak **mratobat** kanthi **tumindak** nyata ing gesang padintenan!

Tiyang kathah sami pitakèn dhateng piyambakipun: "**Manawi makaten, punapa ingkang kedah sami kula tindakaken?**" (ay. 10). Tumrap pitakènan punika, Yokanan maringi 2 prekawis praktis ingkang saged katindakaken. **Kapisan**, kanthi andum berkah dhateng sedhèrèk ingkang mboten kagungan. "Sapa kang duwé klambi loro, wong kang ora duwé wènèhana siji, lan sing sapa duwé pangan, iya tumindaka mangkono." (ay. 11).

Panguwuh punika prayogi menawi kita raos-raosaken samangké. Nalika kita sampun wiwit repot nyawisaken pahargyan Natal, kalamangsanipun kita kesupèn kanggé andum berkah dhateng sedhèrèk ingkang "**mboten kagungan**" punika. Saged ugi kita namung migatosaken reroncèning acara Natal ingkang ngremenaken kémawon. Dékorasi ingkang sarwa **instagramable**. Kadangkala, kita ugi wantun ngaturi pelados sabda (*pengkhotbah*) saking njawi kitha! Lha inggih temtunipun, wragadipun linangkung awis kanggé acara ingkang ngremenaken punika. Utawi, sacara pribadi, kita ugi nyawisaken wragad mirungga kanggé memaès dhiri: mundhut ageman énggal, sepatu énggal, tatanan rekma énggal, lsp. Tanpa kita sadhari, punika sedaya tundhonipun ndadosaken wragad Natal kita dados awis.

Ing wekdal Yokanan ngèngetaken bilih wohing pamratobat inggih punika andum berkah, pramila kita mbetahaken wekdal kanggé ngraos-raosaken bab punika. Punapa kita sampun mranata wragad kanggé ngèngeti dhateng soksintena ingkang "mboten kagungan" punika? Punapa kita ugi sampun "nyisihaken" saperangan saking *budgeting* Natal kita pribadi?

**Kaping kalih**, Yokanan ngèngetaken supados kita mboten nyahak dhateng hak-hakipun tiyang sanès. Tumrap para juru mupu béa, Yokanan ngendika "Aja padha mupu ngluwih kang wis katamtokaké tumrap kowé!" Tumrap para prajurit Romawi, Yokanan nengenaken, "Aja ngrampas lan aja memeres, nrimaa ing blanjamu dhéwé."

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Kalih prekawis punika narik kawigatosan. Kénging punapa? Amargi ing prekawis punika, sedaya ingkang mitakèn inggih punika para tiyang ingkang kagungan panguwaos! Para panguwaos kaènetaken murih mboten ngrampas, meres sarta mboten nagih linangkung kathah tumrap sedhèrèk ingkang mboten kagungan utawi kekirangan. Ing wekdal panguwaos tumindak dakwenang dhateng warganipun, punika ateges tiyang-tiyang punika nyahak gesangipun tiyang sanès.

Tumrap tiyang-tiyang alit, arta punika mboten gampil kaudi. Mustaka dados samparan, samparan dados mustaka. Para tiyang alit punika nyambut damel kanthi wekel mboten kendhat wiwit énjing, siang lan dalu. Punika sedaya kanggé nyekapi kabetahanipun gesang ingkang baken, inggih punika kanggé ngisi padharan murih saged gesang ing saben dintenipun. Kadhangkala taksih nanggal panandhanging brayat utawi tiyang-tiyang kinasih ingkang caket sesambetanipun.

Dados, menawi hak-hak punika karampas, kaperes, kapeksa mbayar linangkung kathah, punika badhé ndadosaken sungkawaning manah tumrap gesangipun tiyang-tiyang punika sesarengan kaliyan brayatipun! Yokanan mboten ngersakaken prekawis punika kelampahan.

Yokanan ngendika, “***nrimaa ing blanjamu dhéwé.***” Ing wekdal kita nyekapi kabetahan kita lan brayat lumantar asil ingkang kita tampèni, punika satunggaling kabingahan, wonten raos mongkog lan katrentreman. Tetedhan ingkang kita cawisaken kanggé brayat kita badhé dados daging. Amargi asil ingkang kita cawisaken punika mboten kaudi kanthi cara ingkang lepat, mboten jujur, lan ngadeg ing saknginggilipun panandhangingipun tiyang alit.

Pitakènan selajengipun inggih punika “Lajeng kadospundi kaliyan kita? Punapa kita badhé mahargya Natal kanthi sukarena? Punapa kita sagah andum sukarena punika?”

Menawi kersa, sumangga kita mratobat lan ngèngeti para tiyang ingkang ing wekdal samangké samidéné

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

“kalirwakaken utawi kabucal” saking sukarena pista-pista Natal kita. Sumangga kita mboten ngrampas hak-hakipun tiyang sanès ingkang wonten ing “sangandhaping panguwaos” kita. Punika sedaya woh-wohing saking satunggaling tembung: mratobat.

**7. KIDUNG NANGGAPI SABDA PANGANDIKA**  
KPJ 230:1,2 KABINGAHAN KANG SEJATI

1. Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.  
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,  
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya
2. Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad  
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:  
ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.

**8. PANDONGA**

- Ngucap sokur tumrap sedaya pengalamaning gesang sanadyanta ugi gesang ing satengahing pepeteng ingkang kedah dipun lampahi.
- Nyuwun kekiyatan lan semangat kanggé nglajengaken gesang ingkang kedah tansah setya tuhu dhateng Gusti Yésus sumbering terang sejati.

**9. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 236:1-3 LINUHURNA! GUSTI PAMARTA

1. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.  
Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.  
Jagad bilai, Kristus ngrawuhi, daweg kanca, den pepuja!  
Rawuhé Gusti datan ngadili, malah nulungi tyang dosa.
2. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.  
Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.  
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi karsa nucèkken tyang dosa.  
drapon muktia saha mulyakna asmané Hyang Mawilasa.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

3. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa.  
Linuhurna! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa.  
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi paring tladha mring tyang  
dosa;  
ngirid mring swarga tyang kang pracaya; swawi ndhèrèk,  
para kanca!

[KAI-ww]



**BAHAN  
PAKEMPALAN PANDONGA IV**

---

Waosan:  
Yokanan 1:1-13

**Rancangan  
Kasaénanipun  
Gusti Allah  
tumrap  
Manungsa**  
☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 212 AKU MBOK CARITANANA

- 1) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.  
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.  
Margané tumekèng swarga,  
Imam Agung sampurna.  
Juru Pangèn kang utama,  
wah pangruwat manungsa.
- 2) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti.  
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhi.  
Sabdèng Allah kang manjalma,  
wah Putraning Manungsa.  
Jumeneng cempéning Allah,  
Abdining Sang Yehuwah.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PEPUJÈN**

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

KPJ 169 LAMUN KAWULA

- 1) Lamun kawula, dhuh Rama, darbé atur panyuwun,  
mugi kula nggih sageda nrimah sakarsanipun.  
Lir pandonganipun Gusti, “Ywa pikajeng kawula,  
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna.
  - 2) Sagung peparingé Allah saèstu mumpangati,  
mila kula tansah nrimah, sarta kanthi pamuji.  
Lir pandonganipun Gusti, “Ywa pikajeng kawula,  
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna.
5. **PAMAOSING KITAB SUCI:** Yokanan 1:1-13
6. **RENUNGAN**

**Rancangan Kasaénanipun Gusti Allah tumrap  
Manungsa**

Wiwitan mila nalika Gusti Allah nitahaken jagad, Panjenenganipun sampun kagungan rancangan lan ngersakaken manungsa badhé gesang ing salebeting kasaénan sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Manungsa sesandhingan ing salebeting tetunggilan ingkang raket kaliyan Gusti Allah lan titah sanèsipun ing Taman Éden. Nanging nalika manungsa dhumawah dhateng pilihanipun nindakaken dosa, Gusti Allah kanthi sedhik ngusir manungsa saking ngriku. Éwasemanten, Gusti Allah maringi papan dhateng manungsa kanggé nanggapi kalodhangan bedhamèn kaliyan Panjenenganipun. Gusti Allah tetep kangen supados manungsa gesang saé lan wangsul manunggal ing salebeting tetunggilan kaliyan Panjenenganipun.

Sejatosipun ingkang kangen ing bab kawilujengan mboten namung Gusti Allah. Manungsa ugi kangen. Pramila manungsa ngudi kanthi mawarni-warni cara kanggé mbangun margi rékonsiliasi tumuju bedhami kaliyan Gusti

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Allah. Manungsa gagal ing satengahing margi. Sedaya kegagalan punika kelampahan awit piangkuhipun lan anggènipun manungsa mboten mangertos. Kados pundi menggah ing Gusti Allah? Gusti Allah ingkang saé lan kebak ing sih-susetya tetep migatosaken umatipun. Panjenengnipun prihatos lan kepéngin sanget manungsa saged sowan malih dhumateng Panjenenganipun. Gusti Allah pirsá bilih manungsa mboten badhé gadhah kasagedan kanggé mbangun margi rékonsiliasi lantaran marginipun piyambak. Panjenenganipun ingkang welas-asih ingkang kagungan prakarsa nawèkaken margining rékonsiliasi kanggé manungsa.

Injil Yokanan 1:1-13 martosaken kawilujenganipun Gusti Allah. Manungsa dosa ingkang kaibarataken kados tiyang ingkang ngulandara (*musafir*) ingkang mlampah ing pepeteng kaparingan padhang. Ayat 4-5 nélakaken: “*Sang Sabda kuwi sumbering uripé sakèhing titah sing ana ing donya iki, lan dadi pepadhanging para manungsa. Pepadhang sumunar ana ing pepeteng, lan pepeteng ora bisa ngalahaké Pepadhang mau.*” Pepadhang kamulyanipun Gusti Allah mulihaken lan milujengaken manungsa. Ing ngriki kita manggihaken kasaénanipun Sang Rama anggènipun ngrengkuh jagad ingkang peteng lelimengan. Panjenenganipun maringaken Putranipun ontang-anting dados kurban tebusan kanggé manungsa. Dados Juru Wilujeng tumrap manungsa kingkang mboten kuwawi mbangun margining kawilujenganipun piyambak. Sok sintena ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun badhé kawilujengaken. Miyos lan rawuhipn Sang Juru Wilujeng ing satengahing umatipun ngasta pangapunten, panebusan, sarta kawilujengan.

Pawartos punika pantes katampi kanthi kebak ing kabingahan. Minangka para putraning Allah, kita kaajak nanggapi sih-rahmatipun Gusti Allah kanthi gesang ing salebeting pambangun turut sarta manut dhumateng karsa lan rancanganipun. Menawi kita pitados dhumateng Panjenenganipun, kapitadosan punika kedah kita gegesang

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

srana tumindak nyata. Ing pérangan Injil sanèsipun Sang Juru Wilijeng ngendika: "*Sing dadi umat ana ing Kratoné Allah kuwi dudu angger wong sing matur marang Aku: 'Gusti, Gusti', nanging mung wong sing padha nglakoni kersané Rama-Ku ing swarga (Matéus 7:21).*" Pratélan punika nandhesaken bilih saben putraning Allah katimbangan gesang ing racangan kasaénanipun Allah tumrap manungsa. Mangga kita ngetut wingking srana nindakaken bab-bab ingkang saé lan leres ing gesang kita minangka wujud ing sokur kita awit rancangan kasaénanipun Gusti.

## 7. KIDUNG

### KPJ 431 GUSTI ADHAWUH

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami  
kinèn kadya lilin kang amadhangi,  
supaya saben wong padhang ing ati,  
wah angluhuraké Hyang Masuci.

## 8. PANDONGA

- Saos sokur awit sih-katresnanipun lan sih-kamirahanipun Gusti Allah ingkang tansah ngrancang kasaénan kanggé gesang kita umat tebusanipun.
- Nyuwun kekiyatan sarta pangrèhipun Gusti kita saged gesang ing salebeting pambangun turut lan manut dhumateng kersanipun lan rancanganipun Gusti Allah.

## 9. KIDUNG

### KPJ 118 KASETYANING ALLAH DATAN GUNGSIR

- 1) Kasetyaning Allah datan gingsir.  
Saking kang tinimbangan, dèn pilih.  
Samukawis tansah pinirsanan.  
Prasetyanya tamtu dèn leksanani.  
Dalasan sakathahing pakaryan sinembadan.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- 2) Sabda lan kwasané Allah nyata.  
Sabèn jaman winengku ing pangrèhnya.  
Astanya kukuh miwah santosa,  
ngasta pangadlan ing salamanya.  
Landheping sabdanya nyirnaken kadurakan.

[SJW-wies]



Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

**BAHAN**  
**PAKEMPALAN PANDONGA V**  
*Malem Natal Brayat*

---

Bacaan:  
**Matéus 1:18-25**

**Mbangun-turut**  
**Marginipun**  
**Berkah**  
☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 222 DUMELING KAPYARSA

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,  
supados sami sadhiya rawuhnya Njeng Gusti.  
Ref.: Gusti paringa manah kang suci  
kénging kanggé ngormati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,  
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki  
Ref.:
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,  
dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya  
Ref.:

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 223 GUMEBYAR

- 1) Gumebyar! Gumebyar! Lintang wétan sumunar.  
Pra pujangga saking wétan madosi Putra kaswargan  
ingkang sampun binabar.

- 2) Bètléhèm! Bètléhèm! Pujinen Ratu Salam!  
Linuhurna Hyang Makwasa!  
Tentrem-rahajeng nèng bumi,  
manungsa sinarjonan.

**5. PAMAOSING KITAB SUCI:** Matius 1:18-25

**6. RENUNGAN**

**Mbangun-turut Marginipun Berkah**

“Selamat tidur sayang, mimpi indah ya!” Punika tetembungan ingkang limrahipun kaucapaken déning tiyang-sepuh dhateng anakipun sadèrèngipun tilem. Utawi tiyang dhateng kekasihipun sadèrèngipun tilem. Saben tiyang naté ngimpi nalika tilem, saged impèn saè saged impèn awon. Pokokipun, kathah tiyang ingkang remen yèn impènipun éndah, upaminipun ngimpi pikantuk arta kathah, ngimpi pinanggih kaliyan *pujaan hati*, ngimpi minggah klas utawi lulus ujian lan impèn sanèsipun ingkang ngremenaken. Nalika tangi, raosipun kepéngin tilem malih lan nglajengaken impèn ingkang éndah wau. Kosokwangsulipun, mboten wonten tiyang remen kaliyan impèn awon, upaminipun ngimpi dipun oyak-oyak tiyang, ngimpi tiyang ingkang palIng caket kapundhut, ngimpi wonten bencana alam lan salajengipun.

Adhedhasar kapitadosan lan tradhisi masyarakat Jawi, impèn saged dipun pérang dados tigang werni adhedhasar wancinipun. Tetiga impèn punika: *titiyoni* (pukul 21.00-24.00), *gandayoni* (pukul 24.00-03.00), *puspa tajem* (03.00-06.00). *Titiyoni* punika impèn ingkang mboten nggadhahi makna babar pisan utawi sinebut kembangé wong turu. *Gandayoni* punika impèn ingkang gegayutan kaliyan kondhisi jiwaniipun tiyang ingkang nembé ngimpi, kadhang kala nggadhahi makna kadhang kala mboten nggadhahi makna babar pisan. Déné *puspa tajem*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

punika impèn ingkang dipun yakini minangka satunggaling pratandha utawi pesen saking ingkang Mahakuwaos, impèn punika dipun yakini saged dados kenyataan.

Ing waosan wekdal punika, kita manggihaken satunggaling priya ingkang ngimpi ing salebeting tilem. Priya punika Yusuf. Kitab Suci nyebut bilih impènipun saèstu saking Gusti. Lantaran impèn, Gusti karsa nélakaken kersanipun. Kados ingkang kaserat ing Matéus 1:20-21, *“Nanging bareng lagi nggagas-nggagas mengkono, banjur ana Malaékaté Pangéran nemoni Yusuf sajroning impèn. Malaékat mau ngandika: “Yusuf, tedhak-turuné Dawud, kowé aja mangu-mangu ngepèk Maryam dadi bojomu, awit bayi sing ana ing wetengané kuwi asalé saka pangwasané Sang Roh Suci. Maryam bakal mbabar putra kakung. Bayi kuwi namakna Yésus, awit iya Panjenengané kuwi sing bakal nylametaké umaté saka ing dosané.”*

Saking Matéus 1:18-25, kita sinau mboten namung bab impènipun Yusuf. Lantaran Yusuf lan impènipun punika kita sinau bab pambangunturutipun. Yusuf manut rancangan lan pakaryanipun Gusti Allah ingkang dados margining berkah kawilujengan kanggé umat manungsa. Lantaran tèks punika kita sinau tigang bab saking Yusuf ingkang mbangun turut dhumateng Gusti Allah:

1. Manut dhumateng dhawuhiun Gusti.

Nalika Yusuf badhé medhot Maria pacanganipun kanthi sesidheman, malaékatipun Gusti dhateng, rembagan kaliyan Yusuf lantaran impèn. Gusti ngendika bilih laré ing guwa garbanipun Maryam punika asalipun saking Roh Suci, ingkang ing tembé wingking nindakaken misi kawilujengan lan panebusan tumrap dosaning manungsa. Pramila Yusuf kadhawuhan supados mboten medhot Maryam lan mendhet Maryam minangka sémah/sisihan. Dhawhipun Gusti punika sanès bab ingkang gampil tumrap Yusuf. Ing ayat 24 dipun ngendikakaken, *“Sawisé tangi, Yusuf banjur nglakoni kaya sing didhawuhaké déning Malaékaté Pangéran mau. Maryam banjur dingingkah.*

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Yusuf mboten wawan rembag kaliyan Gusti, Yusuf mboten ngaturaken pawadan utawi alesan kanggé nampik dhawuhipun Gusti. Kados pundi menggah ing kita, kadhang kala kathah sanget pawadan utawi alesan kanggé nampik dhawuhipun Gusti. Nalika kadhawuhan supados setya ngibadah dhumateng Gusti, muncul alesan: badan mboten sekéca, nembé wonten tamu, kathah padamelan, wekdal kanggé brayat. Nalika kasuwun ngladosi Gusti, muncul alesan: mboten saged punapa-punapa, taksih enèm, mboten wonten wekdal lan alesan sanèsipun. Wekdal punika kita saged sinau saking pambangunturutipun Yusuf ingkang mboten ngaturaken sawetawis pawadan utawi alesan kanggé nampik dhawuhipun Gusti. Nanging tanpa mangu-mangu senadyan namunga sekedhik, mbangun turut dhumateng dhawuhipun Gusti.

2. Mbangun turut nampi tanggel jawab.  
Pambangunturutipun Yusuf dhumateng dhawuhipun Gusti kakanthènan tanggel jawab ingkang kaemban. Tanggel jawabipun Yusuf mboten namung kèndel ngantos piyambakipun mendhet Maryam minangka sisihanipun. Cariyos-cariyos ing Injil nyebut kados-pundi Yusuf ngemban timbalanipun kanthi setya. Salah satunggaling contonipun inggih punika nalika bayi-bayi wonten ing salebeting pangancamipun Herodes, Yusuf mbekta bayi Yésus ngungsi dhateng Mesir supados kalis saking raja pati. Bab punika nélakaken kados pundi agenging tanggel jawabipun Yusuf minangka bapakipun Gusti Yésus. Yusuf berjuang dados bapak ingkang saé kagem Gusti Yésus. Tumrap kita, punapa ingkang kapitadosaken déning Gusti wekdal punika: putra, sémah, tiyang-sepuh, mitra, bandha, padamelan, peladosan? Punapa kita sampun manut nampi tanggel jawab tumrap punapa kémawon ingkang sampun kaparingaken déning Gusti dhateng kita?
3. Mbangun turut nanggung risiko

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

Putusan ingkang katetepaken mboten kalis saking risiko. Yusuf wani netepaken putusan lan nanggung risikonipun senadyan mboten gampil. Kita saged nggambaraken kados-pundi anggènipun betah ngadhepi reraosan/wicantenan, pamoyokipun tiyang ing bab kawontenanipun Maryam ingkang ngandheg. Sasampunipun nikah, Yusuf kedah répot njagi Maryam, nyawisaken miyosipun bayi Yésus lan ngagengaken Yésus kanthi sedaya perang batos (*pergumulan*) lan tantanganipun. Yusuf mbangun turut nglampahi bab punika. Punapa sapunika penjenengan nggatosaken panandhang ing gesang kadosta sesakit, perang batos ing bab ekonomi, brayat, padamelan, gesanging para laré ing tembé wingking malah panandhang minangka pendhèrèkipun Sang Kristus? Dadosa kadosdéné Yusuf! Tetepa mbangun turut lan setya dhumateng Gusti. Tansah pitadosa sawetahipun wonten ing kasampurnan rancangan lan kersanipun Gusti, awit Panjenenganipun nunggil kaliyan kita lan wonten ing satengah kita.

Pembangun turut ingkang dados margining berkah. Inggih punika pembangunturutipun Yusuf, ingkang dados lantaran miyosipun Sang Juru Wilujeng ingkang dados margining berkah tumrap jagad. Punapa kita sumadya lan punapa kita purun gesang mbangun turut supaos dados margining berkah tumrap dhiri kita, sesami lan kagem kamulyanipun Gusti? Amin.

## 7. KIDUNG

### KPJ 196:1-5 KULA PÉNGIN LIR GUSTI

- 1) Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,  
tandang tanduk lan tembung m'rak ati ngresep.  
*Refr.:* O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.  
Kula mugi winulang, nulad maring Gusti.
- 2) Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,  
napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

*Refr.:*

**8. PANDONGA**

- Nyuwun kasagedaken dados abdi ingkang mbangun turut lan setya, senadyan ing satengahing perang batos lan tantanganing gesang.
- Nyenyuwun pambangun turut kita saged ndhatengaken berkah kanggé sesami lan kamulyanipun Gusti.

**9. KIDUNG**

KPJ 230 KABINGAHAN KANG SEJATI

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi  
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang nulya;  
sinung gesang nulya, sinung, sinung gesang nulya
- 3) Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.  
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,  
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang  
pinanggya.

[SCY-wies]



**BAHAN  
PAKEMPALAN PANDONGA VI**

Waosan:  
**Lukas 1: 26 – 38**

**Maryam:  
Patuladhan ing  
Pambangunturut**  
☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 26 PINUJI GUSTI

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.  
*Ref.:* Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.  
Haléluya, sagung bekti mring Ratu swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,  
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.  
*Ref.:*
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.  
*Ref.:*

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 239 PINUJI TANSAH

- 1) Pinuji tansah Allah Mamirah  
kang asih mirma maring manungsa,  
nlahdani kita welas asihira,

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

mring tiyang kang ringkih nandhang sangsara.

- 2) Pinuji-puji Gusti Masusi  
paring aksama dosaning jalma,  
nlahdani kita dimèn olah tresna  
ambek paramarta dhemen ngapura.

**5. PAMAOSING KITAB SUCI:** Lukas 1 : 26 – 38

**6. RENUNGAN**

**MARYAM : PATULADHAN ING PAMBANGUN TURUT**

Injil Lukas 1:26-38 nyariyosaken Maryam, wanita ingkang nembé nglampahi mangsa pepacangan kaliyan Yusuf. Ing satengahing mangsa pepacangan kasebut, malaékat Gabrièl ndhatengi Maryam lan martosaken rancanganipun Gusti Allah ingkang sesambetan kaliyan dhirinipun. Maryam manut dhateng kersanipun Gusti srana sumadya ngandheg sadèrèngipun nikah. Bab punika nuwuhaken risiko ingkang ageng sanget. Ing wekdal semanten, paukuman tumrap tiyang ingkang ngandheg ing sajawining neningkahan dipun benturi séla ngantos pejah awit kaanggep nindakaken jina utawi laku bédhang. Nanging awit punika dhawuhipun Gusti Allah, rancanganipun Gusti Allah, mila Maryam manut dhawuhipun Gusti srana celathu, "Kawula menika abdinipun Pangéran. Sedaya wau kelampahana tumraping kawula, kados ingkang Panjenengan ngandikakaken punika."

Maryam ngrumaosi bilih dhirinipun punika abdinipun Gusti; pramila Maryam mboten mbantah lan kanthi pambangunturuting abdi, Maryam sumadya nglampahi bab ingkang mboten gampil punika. Kénging punapa Maryam saged nélakaken pambangunturutipun ingkang kados mekaten punika dhumateng Gusti? Maryam saged nindakaken pambangunturutipun dhumateng Gusti awit Maryam mangertos saèstu sinten Gusti Allah punika. Kanthi

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

tembung sanès Maryam saèstu tepang sinten Gusti Allah punika. Maryam tepang kaliyan Gusti Allah ingkang sampun makarya kanthi ngédab-édabi ing gesangipun Israèl. Gusti Allah punika priyantun ingkang tanggel jawab, ingkang mboten naté klèntu, rancanganipun mboten naté gagal, rancangananipun punika rancanganing kawilujengan lan tentrem ragayu.

Patuladhan ingkang kapratélakaken déning Maryam punika satunggaling pambangun turut ingkang ngéramaken. Patuladhanipun Maryam punika nélakaken kalih bab. **Kapisan**, Maryam ngrumaosi sinten dhirinipun ing ngarsanipun Gusti. Maryam ngrumaosi bilih piyambakipun namung abdinipun Gusti. Senadyan saged ugi Maryam mboten kepéngin bab punika kelampahan tumrap dhirinipun, piyambakipun mengertos bilih Gusti Allah kagungan hak penuh nindakaken punapa kémawon tumrap sinten kémawon, kalebet tumrap dhirinipun. Pramila, piyambakipun sumadya nglampahi dhawuhipun Gusti punapaa konsekuènsipun. Senadyan saged kémawon Maryam piyambak dèrèng mangertos punapa ingkang badhé kedadosan mangké. Maryam mengertos bilih Gusti kagungan rancangan ingkang ageng lan rancanganipun mboten badhé naté klèntu. Senadyan Maryam mengertos konsekuènsi hukum lan tradhisi ing masyarakatipun saèstu nggegirisi. Menawi namung dipun gosipaken ngandheg ing sanjawining nikah, saged ugi taksih saged kasanggi. Nanging menawi dipun benturi séla ngantos pejah? Ah, punika *tragis*. Nanging Maryam milih sumadya nampi sedaya konsekuènsi punika. Inggih punika ingkang sinebut pambangun turut awit iman. Menawi kita mangertos lan pitados bilih Gusti Allah ingkang nemtokaken lan milih kanggé satunggal rancangan, senadyan srana kacampiring manungsa ketinggal pait lan mokal, mila kita kedah masrahaken sedayanipun dhumateng pangrèhipun Gusti lan nyarujuki tumindakaipun kanggé kita.

**Kaping kalih**, Maryam mangertos sedaya idham-idhaman lan pangajengejengipun cundhuk kaliyan kersanipun Gusti. Maryam mesthi gadhah idham-idhaman pribadi minangka kenya anèm, nanging piyambakipun mangertos, rancangan lan kersanipun Gusti langkung penting, senadyan *skenario* gesangipun kedah éwah babar pisan. Piyambakipun ngiwakaken kapentinganipun piyambak lan mapanaken rancangan lan kersanipun Gusti Allah ingatasing samukawis. Piyambakipun sumadya nampi sih-rahmat kanthi andhap asor.

Kados pundi panjenengan? Punapa panjenengan sampun gesang ing salebeting pambangun turut kados-déné Maryam? Punapa sepriki panjenengan nglampahi dinten-dinten ingkang kalimput déning pamangu-mangu dhumateng sedaya kersa lan rancanganipun Gusti Allah? Menawi pamangu-mangu dhumateng kersa lan rancanganipun Gusti Allah tansah ngayang-ayangi gesang kita minangka Abdinipun Gusti Allah, saged ugi kita dèrèng saèstu tepang kaliyan Gusti, Bendara kita.

Kita saged nyonto punapa ingkang kaucapaken lan katindakaken déning Maryam: nampi lan mbangun turut dhumateng rancanganipun Gusti, senadyan kadhang kala pambangun turut kedah katabrakaken kaliyan kangèlan, lan punapa ingkang mokal. Kadhang kala kita kedah wani mendhet risiko mbayar awis lan medal saking *zona nyaman* kanggè nèlakaken pambangun turut kita nglampahi kersanipun Gusti kanthi tulus. Nanging pitadosa, Gusti mboten naté klèntu. Mbangun turut lan ngimani punapa ingkang katindakaken kanggè kita awit seleresipun iman lan pambangun turut punika kalih bab ingkang kedahipun wonten ing gesang kita. Amin

## 7. KIDUNG PAMUJI

KPKA 156 TIMBALAN DADYA DUTA SEMBADA

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- 1) Kathah tyang samya nandhang, tilingna  
mbetahken pitulungan, tilingna  
*Refr.:* Gusti nimbali sira dadya duta sembada  
mbabarken sih rahmatnya, tilingna
- 2) Kathah tyang samya semplah, tilingna  
betah lubèring berkah, tilingna  
*Refr.:*
- 3) Kathah tyang samya sedhih, tilingna  
mbetahken welas asih, tilingna  
*Refr.:*
- 4) Kathah tyang dadya kurban, tilingna  
mbetahken pangluwaran, tilingna  
*Refr.:*

**8. PANDONGA SAFAAT**

- Nyuwun sih-rahmat supados kasagedaken nuladhani Maryam ingkang setya dados abdinipun Gusti.
- Ndongakaken ingkang sami gerah, sèkèng, ing salebeting perang batos (*pergumulan*) supados ngalami rawuhipun Gusti ingkang nyarasaken, neguhaken.

**9. KIDUNG**

KPJ 390 GUNAKNA WEKTUMU PARINGÉ GUSTI

- 1) Gunakna wektumu paringé Gusti,  
wit uripmu cekak pindha kembang.  
Endi barang langgeng ing donya iki,  
amung katresnan ywa nganti ilang.  
*Ref.:* Barang kang ana, isining donya;  
saguning kang éndah bakal sirna  
mung katresnanmu dhemi Sang Pamarta,  
gedhé ajiné tan bakal sirna.

Mangsa Advèn Natal 2024  
“Panjenengané Dedalem ing Antara Kita”

- 2) Aja tan migunakaké wektumu,  
lipur lan tulungen kang kesasar.  
Mulyakna Gusti ana ing uripmu,  
dimèn lampumu tansah sumunar.  
*Ref.:* ....
  
- 3) Pakaryanmu kan dhemi Yésus Kristus,  
bakal tinampi klayan karenan.  
Katresnan kang kababar kanthi tulus,  
ingundhuh mbésuk anèng kaswargan.  
*Ref.:* ....

[YH-wies]



## **“CATHETANING PISUNGSUNG”**

**Kula ngaturaken panuwun dhumateng para mitra awit  
saking mawarni-warni panyengkuyung saha  
pambiyanyu kanggé lampahing gesangipun LPP  
Sinode.**

**Ing ngandhap punika kula ngaturaken cathetaning  
pisungsung ingkang sampun mlebet saking  
Pasamuwan-pasamuwan, Bebadan-bebadan,  
punapadéné Pribadi-pribadi.**



Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**DAFTAR PERSEMBAHAN**  
**Bulan Keluarga 2023**

Penerimaan tanggal:  
02 Februari - 06 Maret 2024

**A. Dari GKI SW JATENG**

| No | Pengirim           | Jumlah  |
|----|--------------------|---------|
| 1  | GKI Rawamangun     | 500.000 |
| 2  | GKI Kelapa Cengkir | 500.000 |
| 3  | GKI Masaran        | 200.000 |
| 4  | GKI Pamulang       | 500.000 |
| 5  | GKI Gereformeerd   | 250.000 |
| 6  | GKI Muntilan       | 300.000 |
| 7  | GKI Tegal          | 700.000 |
| 8  | GKI Bintaro        | 250.000 |
| 9  | GKI Ajibarang      | 500.000 |

**B. Dari GKI**

| No | Pengirim                     | Jumlah    |
|----|------------------------------|-----------|
| 1  | GKI Maguwoharjo              | 250.000   |
| 2  | GKI Sabda Mulya              | 250.000   |
| 3  | GKI Joglo                    | 300.000   |
| 4  | GKI Kaligesing               | 1.220.000 |
| 5  | GKI Wonosobo                 | 300.000   |
| 6  | GKI Tanjung Priok            | 300.000   |
| 7  | GKI Sarimulyo                | 400.000   |
| 8  | GKI Kaliwungu, Kendal        | 276.000   |
| 9  | GKI Beringin                 | 687.000   |
| 10 | GKI Purworejo                | 1.000.000 |
| 11 | GKI Wisma Panembah Surakarta | 300.000   |
| 12 | GKI Pakem                    | 300.000   |
| 13 | GKI Gambiran                 | 300.000   |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

|    |                                      |           |
|----|--------------------------------------|-----------|
| 14 | GKJ Gondang Winangun                 | 600.000   |
| 15 | GKJ Mergangsan                       | 500.000   |
| 16 | GKJ Ambarukmo                        | 1.262.000 |
| 17 | GKJ Ngentakrejo                      | 300.000   |
| 18 | GKJ Juwiring                         | 150.000   |
| 19 | GKJ Tanjungtirto                     | 500.000   |
| 20 | GKJ Manisrenggo                      | 300.000   |
| 21 | GKJ Wisma Panunggal Mrican           | 500.000   |
| 22 | GKJ Panggang                         | 350.000   |
| 23 | GKJ Grogol, Sukoharjo                | 250.000   |
| 24 | GKJ Gabus Sulursari                  | 500.000   |
| 25 | GKJ Kutoarjo                         | 3.242.000 |
| 26 | GKJ Prembun                          | 490.000   |
| 27 | GKJ Demakijo                         | 500.000   |
| 28 | GKJ Semarang Timur                   | 250.000   |
| 29 | GKJ Bono                             | 200.000   |
| 30 | GKJ Ungaran                          | 1.000.000 |
| 31 | GKJ Ceper                            | 850.000   |
| 32 | GKJ Banyumanik                       | 1.100.000 |
| 33 | GKJ Wates Selatan                    | 850.000   |
| 34 | GKJ Grogol, Jakarta                  | 350.000   |
| 35 | GKJ Wirobrajan                       | 440.000   |
| 36 | GKJ Immanuel Karanganyar, Pekalongan | 150.000   |
| 37 | GKJ Susukan, Gunungkidul             | 650.000   |
| 38 | GKJ Wiladeg                          | 400.000   |
| 39 | GKJ Gumulan                          | 500.000   |
| 40 | GKJ Bibisluhur                       | 500.000   |
| 41 | GKJ Sukoharjo                        | 300.000   |
| 42 | GKJ Sampangan, Kradenan              | 329.000   |
| 43 | GKJ Mojoosongo                       | 200.000   |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA**


| No | Pengirim   | Jumlah    |
|----|--|-----------|
| 1  | Geerson Hersapt, Giro BCA tgl. 19/06/2023              | 500.000   |
| 2  | Dwi Lestari, Giro BRI Tiro tgl. 02/06/2023             | 550.000   |
| 3  | Darni, Giro BRI Tiro tgl. 02/06/2023                   | 1.000.000 |
| 4  | GKJT/Kriswiyantiningrum. Giro BRI Tiro tgl. 21/09/2023 | 1.000.000 |
| 5  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 24/10/2023                      | 500.000   |
| 6  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 26/10/2023                      | 230.000   |
| 7  | Sakirman, Giro BRI Tiro tgl. 02/11/2023                | 250.000   |
| 8  | Yunar Cahya, Giro BRI Tiro tgl. 31/10/2023             | 300.000   |
| 9  | Susanto, Giro BRI Tiro tgl. 14/11/2023                 | 150.000   |
| 10 | Arendra Sih, Giro BRI Tiro tgl. 15/11/2023             | 250.000   |
| 11 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/11/2023                      | 938.000   |
| 12 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/11/2023                      | 400.000   |
| 13 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/11/2023                      | 700.000   |
| 14 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/12/2023                      | 500.000   |
| 15 | Tanti Nurman, Giro BRI Tiro tgl. 04/01/2024            | 500.000   |

**D. REKAPITULASI**

1. Dari 9 GKI SW Jateng : Rp. 3.700.000,00
  2. Dari 43 GKI : Rp. 23.396.000,00
  3. Dari 15 NN : Rp. 7.768.000,00
- Jumlah : Rp. 34.864.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2023 sampai dengan tgl. 6 Maret 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 34.864.000,00 (Tiga puluh empat juta delapan ratus enam puluh empat ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,  
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**DAFTAR PERSEMBAHAN**  
**Masa Adven dan Natal 2023**

Penerimaan tanggal:  
02 Februari - 22 Maret 2024

**A. Dari GKI SW JATENG**

| No | Pengirim          | Jumlah    |
|----|-------------------|-----------|
| 1  | GKI Rawamangun    | 500.000   |
| 2  | GKI Gereformeerd  | 250.000   |
| 3  | GKI Muntilan      | 300.000   |
| 4  | GKI Purwodadi     | 750.000   |
| 5  | GKI Bintaro Utama | 250.000   |
| 6  | GKI Tegal         | 1.000.000 |
| 7  | GKI Salatiga      | 500.000   |
| 8  | GKI Pekalongan    | 500.000   |
| 9  | GKI Ajibarang     | 500.000   |
| 10 | GKI Lasem         | 500.000   |

**B. Dari GKI**

| o  | Pengirim                    | Jumlah  |
|----|-----------------------------|---------|
| 1  | GKI Maguwoharjo             | 250.000 |
| 2  | GKI Tanjung Priok           | 300.000 |
| 3  | GKI Mergangsan              | 500.000 |
| 4  | GKI Bandar                  | 150.000 |
| 5  | GKI Wisma Kasih Mangunharjo | 300.000 |
| 6  | GKI Semarang Timur          | 250.000 |
| 7  | GKI Bono                    | 200.000 |
| 8  | GKI Sarimulyo               | 400.000 |
| 9  | GKI Grogol, Jakarta         | 350.000 |
| 10 | GKI Pakem                   | 300.000 |
| 11 | GKI Grogol, Sukoharjo       | 250.000 |
| 12 | GKI Wirobrajan              | 410.000 |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

|    |                                      |           |
|----|--------------------------------------|-----------|
| 13 | GKJ Ngentakrejo                      | 300.000   |
| 14 | GKJ Penaruban                        | 502.000   |
| 15 | GKJ Immanuel Karanganyar, Pekalongan | 150.000   |
| 16 | GKJ Baki                             | 300.000   |
| 17 | GKJ Tulung                           | 500.000   |
| 18 | GKJ Wiladeg                          | 400.000   |
| 19 | GKJ Wisma Panunggal Mrican           | 1.000.000 |
| 20 | GKJ Kutoarjo                         | 1.841.000 |
| 21 | GKJ Tengahan                         | 300.000   |
| 22 | GKJ Tuntang Timur                    | 500.000   |
| 23 | GKJ Gumulan                          | 500.000   |
| 24 | GKJ Gambiran, Sragen                 | 300.000   |
| 25 | GKJ Wisma Panembah, Surakarta        | 300.000   |
| 26 | GKJ Bibisluhur                       | 500.000   |
| 27 | GKJ Demakijo                         | 547.000   |
| 28 | GKJ Banyumanik                       | 1.070.000 |
| 29 | GKJ Susukan                          | 440.000   |
| 30 | GKJ Sukoharjo                        | 300.000   |
| 31 | GKJ Kanaan                           | 500.000   |
| 32 | GKJ Sampangan, Kradenan              | 400.000   |
| 33 | GKJ Mojocong                         | 200.000   |
| 34 | GKJ Wates Selatan                    | 850.000   |

**C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA**

| No | Pengirim                                   | Jumlah    |
|----|--|-----------|
| 1  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 24/10/2023          | 500.000   |
| 2  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 31/10/2023          | 500.000   |
| 3  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/11/2023          | 300.000   |
| 4  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/12/2023          | 500.000   |
| 5  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 12/12/2023          | 3.159.000 |
| 6  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 13/12/2023          | 298.200   |
| 7  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/12/2023          | 300.000   |
| 8  | Yunar Cahya, Giro BRI Tiro tgl. 06/01/2024 | 300.000   |
| 9  | Handoko Tri, Giro BRI Tiro tgl. 09/01/2024 | 500.000   |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

|    |   |           |
|----|---|-----------|
| 10 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 08/01/2024               | 500.000   |
| 11 | Arendra Sih, Giro BRI Tiro tgl. 09/01/2024      | 250.000   |
| 12 | Yohanes Budi, Giro BRI Tiro tgl. 10/01/2024     | 1.735.000 |
| 13 | Joni Doso, Giro BRI Tiro tgl. 14/01/2024        | 1.000.000 |
| 14 | Tambak Surya, Giro BRI Tiro, tgl.<br>24/01/2024 | 907.000   |
| 15 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 01/02/2024               | 1.930.000 |
| 16 | Tanti Nurman, Giro BRI Tiro tgl. 04/01/2024     | 500.000   |

**D. REKAPITULASI**

1. Dari 10 GKI SW Jateng : Rp. 5.050.000,00
2. Dari 34 GKJ : Rp. 15.360.000,00
3. Dari 16 NN : Rp. 13.179.200,00
- Jumlah : Rp. 33.589.200,00

Jumlah penerimaan persembahan MAN 2023 sampai dengan tgl. 22 Maret 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 33.589.200,00 (Tiga puluh tiga juta lima ratus delapan puluh sembilan ribu dua ratus rupiah)

Salam dan hormat kami,  
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2024  
Paniengenaningun Dedalem ing Antawis Kita

**DAFTAR PERSEMBAHAN**  
**Masa Paska 2024**

Penerimaan tanggal:

12 Februari - 05 September 2024

**A. Dari GKI SW JATENG**

| No | Pengirim       | Jumlah  |
|----|----------------|---------|
| 1  | GKI Pekalongan | 250.000 |
| 2  | GKI Parakan    | 500.000 |
| 3  | GKI Bintaro    | 250.000 |
| 4  | GKI Tegal      | 375.000 |

**B. Dari GKI**

| No | Pengirim                     | Jumlah    |
|----|------------------------------|-----------|
| 1  | GKI Wisma Kasih Mangunharjo  | 400.000   |
| 2  | GKI Maguwoharjo              | 250.000   |
| 3  | GKI Penaruban                | 428.000   |
| 4  | GKI Beringin                 | 313.000   |
| 5  | GKI Wisma Panembah Surakarta | 250.000   |
| 6  | GKI Sarimulyo                | 400.000   |
| 7  | GKI Tengahan                 | 250.000   |
| 8  | GKI Pekalongan               | 250.000   |
| 9  | GKI Grogol, Sukoharjo        | 250.000   |
| 10 | GKI Purworejo                | 1.000.000 |
| 11 | GKI Demakijo                 | 400.000   |
| 12 | GKI Wisma Panembah Mrican    | 1.000.000 |
| 13 | GKI Kutoarjo                 | 2.616.500 |
| 14 | GKI Ungaran                  | 2.000.000 |
| 15 | GKI Purworejo                | 1.000.000 |
| 16 | GKI Baran                    | 250.000   |
| 17 | GKI Gambiran                 | 300.000   |
| 18 | GKI Arcawinangun             | 736.000   |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

|    |                   |           |
|----|-------------------|-----------|
| 19 | GKI Wates Selatan | 1.050.000 |
| 20 | GKI Banyumanik    | 1.200.000 |
| 21 | GKI Gumulan       | 500.000   |
| 22 | GKI Limpung       | 250.000   |
| 23 | GKI Manahan       | 1.000.000 |
| 24 | GKI Bangkal       | 250.000   |
| 25 | GKI Temon         | 250.000   |
| 26 | GKI Kabluk        | 1.000.000 |
| 27 | GKI Ngentakrejo   | 300.000   |
| 28 | GKI Temanggung    | 250.000   |
| 29 | GKI Bibisluhur    | 500.000   |
| 30 | GKI Wiladeg       | 400.000   |

**C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA**

| No | Pengirim                                      | Jumlah    |
|----|---|-----------|
| 1  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/02/2024             | 2.854.000 |
| 2  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024             | 500.000   |
| 3  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024             | 300.000   |
| 4  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/04/2024             | 430.000   |
| 5  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 19/04/2024             | 400.000   |
| 6  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 08/05/2024             | 850.000   |
| 7  | Kristina Sabatini, Giro BCA tgl. 09/05/2024   | 500.000   |
| 8  | GKI MRO, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024        | 300.000   |
| 9  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024             | 200.000   |
| 10 | Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024 | 500.000   |

**D. REKAPITULASI**

1. Dari 4 GKI SW Jateng : Rp. 1.375.000,00
2. Dari 30 GKI : Rp. 19.043.500,00
3. Dari 10 NN : Rp. 6.834.000,00
- Jumlah : Rp. 27.252.500,00

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paska 2024 sampai dengan tgl. 5 September 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 27.252.500,00  
(Dua puluh tujuh juta dua ratus lima puluh dua ribu lima ratus rupiah)

Salam dan hormat kami,  
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**DAFTAR PERSEMBAHAN**  
**Masa Pentakosta 2024**

Penerimaan tanggal:  
12 Februari - 05 September 2024

**A. Dari GKI SW JATENG**

| No | Pengirim          | Jumlah  |
|----|-------------------|---------|
| 1  | GKI Pekalongan    | 250.000 |
| 2  | GKI Bintaro Utama | 250.000 |
| 3  | GKI Tegal         | 375.000 |
| 4  | GKI Kartasura     | 500.000 |

**B. Dari GKI**

| No | Pengirim                             | Jumlah    |
|----|--------------------------------------|-----------|
| 1  | GKI Maguwoharjo                      | 250.000   |
| 2  | GKI Tengahan                         | 250.000   |
| 3  | GKI Wisma Kasih Mangunharjo          | 300.000   |
| 4  | GKI Purwokerto Barat                 | 250.000   |
| 5  | GKI Gumulan                          | 500.000   |
| 6  | GKI Limpung                          | 250.000   |
| 7  | GKI Kaliwungu                        | 280.000   |
| 8  | GKI Manahan                          | 1.000.000 |
| 9  | GKI Bangkal                          | 250.000   |
| 10 | GKI Gambiran, Sragen                 | 300.000   |
| 11 | GKI Pekalongan                       | 250.000   |
| 12 | GKI Temon                            | 250.000   |
| 13 | GKI Purworejo                        | 500.000   |
| 14 | GKI Baran                            | 250.000   |
| 15 | GKI Demakijo                         | 675.000   |
| 16 | GKI Immanuel Karanganyar, Pekalongan | 165.000   |
| 17 | GKI Wisma Panembah Surakarta         | 250.000   |
| 18 | GKI Kutoarjo                         | 2.070.000 |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

|    |                       |           |
|----|-----------------------|-----------|
| 19 | GKJ Banyumanik        | 1.100.000 |
| 20 | GKJ Kabluk            | 1.000.000 |
| 21 | GKJ Baki              | 600.000   |
| 22 | GKJ Wates Selatan     | 950.000   |
| 23 | GKJ Ngentakrejo       | 300.000   |
| 24 | GKJ Grogol, Sukoharjo | 250.000   |
| 25 | GKJ Bogor             | 250.000   |
| 26 | GKJ Bibisluhur        | 500.000   |
| 27 | GKJ Arcawinangun      | 571.000   |
| 28 | GKJ Wiladeg           | 400.000   |
| 29 | GKJ Pondok Gede       | 250.000   |

**C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA**

| No | Pengirim                                      | Jumlah    |
|----|---|-----------|
| 1  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 19/04/2024             | 400.000   |
| 2  | Sutikno, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024        | 200.000   |
| 3  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024             | 250.000   |
| 4  | Ana Susanti, Giro BRI Tiro tgl. 20/05/2024    | 200.000   |
| 5  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 21/05/2024             | 527.000   |
| 6  | Hari Kristianto, Giro BCA tgl. 13/06/2024     | 300.000   |
| 7  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/05/2024             | 2.768.000 |
| 8  | NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024             | 700.000   |
| 9  | Chatrin, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024        | 600.000   |
| 10 | Tambak Surya, Giro BRI Tiro tgl. 13/06/2024   | 928.000   |
| 11 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 13/06/2024             | 900.000   |
| 12 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 20/06/2024             | 250.000   |
| 13 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 23/06/2024             | 500.000   |
| 14 | GKJ MRO, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024        | 300.000   |
| 15 | Rondang, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024        | 200.000   |
| 16 | NN, Giro BRI Tiro tgl. 16/07/2024             | 521.000   |
| 17 | Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024 | 500.000   |

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**D. REKAPITULASI**

- |                         |                           |
|-------------------------|---------------------------|
| 1. Dari 4 GKI SW Jateng | : Rp. 1.375.000,00        |
| 2. Dari 29 GKJ          | : Rp. 14.211.000,00       |
| 3. Dari 17 NN           | : <u>Rp. 8.937.000,00</u> |
| Jumlah                  | : Rp. 24.523.000,00       |

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2024 sampai dengan tgl. 5 September 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 24.523.000,00 (Dua puluh empat juta lima ratus dua puluh tiga ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,  
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita

**DAFTAR PERSEMBAHAN**  
**Bulan Keluarga 2024**

Penerimaan tanggal:  
18 Maret - 22 Agustus 2024

**A. Dari GKI SW JATENG**

| No | Pengirim    | Jumlah  |
|----|-------------|---------|
| 1  | GKI Masaran | 100.000 |
| 2  | GKI Nusukan | 300.000 |

**B. Dari GKJ**

| No | Pengirim        | Jumlah  |
|----|-----------------|---------|
| 1  | GKJ Maguwoharjo | 250.000 |

**C. REKAPITULASI**

1. Dari 2 GKI SW Jateng : Rp. 400.000,00
  2. Dari 1 GKJ : Rp. 250.000,00
- Jumlah : Rp. 650.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2024 sampai dengan tgl. 22 Agustus 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 650.000,00 (Enam ratus lima puluh ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,  
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2024  
Panjenenganipun Dedalem ing Antawis Kita